

Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

Buku Siswa

Kirtya Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013

Kanggo
SMP/MTs
Kelas VIII

Kirtya Basa

Tim Penyusun:
Drs. Samsul Hadi
Drs. Yusuf Budi Santosa
Drs. Sunardi
Dra. Rini Muwarti
Dra. Agus Windarti, M.Pd
Dra. Umi Nayirotin

Editor/Penyelia: Dra. Sri Sulistiani, M.Pd

Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur

Isi : ix, 147 hal

ISBN 978-602-xxxx-xx-x




KATA PENGANTAR
KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku "Kirtya Basa" sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai muatan lokal wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran bahasa daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadakan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Nopember 2015
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,



Dr. Saiful Rachman, MM.,.MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

Atur Sapala

Isinipun buku ***"Kirtya Basa"*** punika sampun katitipriksa dening para ahli Basa Jawi saking *Universitas Negeri Surabaya (Unesa).* Buku punika dipunserat dening para ahli Basa lan Sastra Jawi alumni saking Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Isi umumipun sampun katiti priksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya (Unesa) lan Ketua Tim Penyusun Kurikulum Bahasa Daerah Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur*). Wondene babagan Kebahasaan (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Sekretaris Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa)*. Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa lan saged mbiyantu para kadang dwija anggenipun nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading piwucalan Basa Jawi.

Salaras kaliyan owah gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukakaken kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mulok Bahasa Daerah 2013***. Manut asil paniti priksa, isinipun buku punika sampun salaras kaliyan kurikulum enggal ingkang dipunginakaken ing sekolah-sekolah wekdal samangke. Isinipun buku punika sampun kasusun lelandhesan kaliyan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngagem paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Mugi-mugi kanthi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi supados saged ngrembaka lan lestantun.

Surabaya, September 2015
Paniti Priksa

Drs. Sukarman, M. Si./
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Penyusun Kurikulum Mulok Bahasa Daerah Kanwil Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur 2014

Atur Pangiring

Puji syukur konjuk wonten ngarsanaipun Gusti ingkang Maha Kuwaos dene panyerat sampun saged ngrampungaken buku Basa Jawi ***"Kirtya Basa"*** kangge para siswa Sekolah Menengah Pertama (SMP) / Madrasah Tsanawiyah (M.Ts) Wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SMP/M.Ts sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Lelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran satunggal minggunipun. Kangge njangkepi srana piwucalan Basa Jawi ing SMP/M.Ts panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Kirtya Basa"*** punika.

Buku punika kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Salaras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, , ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngagem acuan dhumateng *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta ngagem paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipunginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi berbasis teks. Teks kawawas minangka perangan basa ingkang kagungan makna kontekstual. Lumantar buku punika siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks salaras kaliyan tujuan lan fungsi sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang berbasis teks, boten namung mucalaken teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber aktualisasi dhiri tumrap ingkang migunakaken ing salebeting konteks sosial budaya akademis.

Kanthi wontenipun buku ***"Kirtya Basa"*** punika dipunajab sageda mbiyantu para siswa SMP/M.Ts anggenipun ngleluri lan marsudi Basa Jawi lan saged nglancaraken para kadang dwija anggenipun nggulawenthah para siswa-siswinipun ing piwucalan Basa Jawi. Kejawi berbasis teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintific*. Piwucalan lelandhesan teks, mawi pandhom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan*

kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihan basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat *fungsional* ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warni *ide, karakter, nilai*, ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa. Jinising teks ingkang kaandharaken ing buku punika arupi teks *deskripsi*, palapuran, narasi lan carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *pendekatan Saintific* ingkang kasajekaken ing buku punika mawi *proses* ing antawisipun *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking)* Wondene aspek ingkang dados punjering piwucalan inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Kirtya Basa"*** kajawi ngemot *materi*, ugi sinartan *gladhen (latihan)* ingkang sampun kasalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat ing silabus, pramila dipunajab supados saged nyekapi kangge ngukur *kompetensi* minimal ingkang kedah dipunkuwaosi para siswa. Pambabaripun buku ingkang berbasis teks kanthi tahapan *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Secara Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan pepeling ingkang ngandharaken konsep-konsep inti saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten dipunajab sageda njangkepi *penyajian materi* piwucalan lan kangge nambah wawasanipun para siswa.

Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ananging minangka manungsa limrah sarta saking winatesipun sarta cupetipun kawruhipun panyerat, taksih wonten kekirangan-kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu kangge nyampurnakaken buku punika. Wusananipun atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap kemajengan lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, September 2015

Panyerat

Daftar Isi

Wulangan 3 : Indhustri

Wulangan 4: Iklan

Wulangan 5: Kekeluargaan

Wulangan 6: Budi Pekerti


Wulangan 7: Kesehatan

WULANGAN 1
SOSIAL

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional.	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan mengakhiri belajar 1.1.2 Menyapa dengan bahasa daerah
1.3 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis.	1.3.1 Mensyukuri keberadaan bahasa daerah. 1.3.2 Bercakap-cakap dengan bahasa daerah sebagai rasa syukur pada Tuhan Yang Maha Esa.
2.1 Memiliki perilaku jujur dalam menceritakan sudut pandang moral yang eksplisit.	2.1.1 Membiasakan perilaku jujur dalam berbicara
2.2. Memiliki perilaku demokratis, kreatif, dan santun dalam berdebat tentang kasus atau sudut pandang.	2. 2.1 Memiliki perilaku kreatif dalam berbahasa daerah. 2.2.2 Memiliki perilaku demokratis. 2.2.3 Membiasakan perilaku santun dalam berbahasa.
3.1 Mengidentifikasi, memahami dan menganalisis struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral cerita fiksi (*wayang/ cerkak*/folklor/ *topèng ḍhâlâng*) secara lisan dan tulis.	3.1.1 Mengidentifikasi struktur teks cerita pendek. 3.1.2 Menganalisis struktur teks cerita pendek. 3.1.3 Menganalisis unsur kebahasaan cerita pendek 3.1.4 Menyimpulkan pesan moral cerita pendek
4.1 Mengapresiasi cerita fiksi (*wayang/ cerkak*/ folklor/ *topèng ḍhâlâng*) secara lisan dan tulis.	4.1.1 Membaca indah cerita pendek. 4.1.2 Merangkum isi cerita pendek 4.1.3 Mencritakan relevansi isi cerita pendek dengan kehidupan sehari-hari

Mbabar Wawasan

Coba semaken wacan ngisor iki kanthi permati!



Dias kari dhewe ing njero angdes (*angkutan pedesaan*) nalika dheweke bali sekolah. Ora let suwe ana sawijining ibu kang mudhun karo nyangking tas. Panase awan iku nyebabake Dias sumuk. Kringet kang nelesi bathuke asring dilap. Nalika tekan ing ngarep regol gang, Dias mudhun karo njingglengi dhompet sing dicekel.

"Takgawa bali, apa dakterne nyang sing duwe ya? " pikire. "Apa takserahne Polisi wae? "

Dias ora age-age jumangkah bali. Dheweke bener-bener bingung ing antarane pilihan loro kuwi. Ing njero dhompet kandel mau ora mung isi KTP lan SIM, nanging uga isi dhuwit atusan ewu rupiyah kang bisa ngganggu pikirane bocah saumure Dias. Wong diwasa kang jujur wae bisa dadi ora jujur yen nemu dhompet isi dhuwit akeh ngono kuwi.

Dhompet sing ditemu Dias ing ngisor kursi sing dilungguhi mau tansah ngganggu pikirane. Ing ngarepe Dias lungguh mau ana sawijining ibu kang dheweke isih eling lan apal banget karo rupane.

"Dhompet iki takserahne Pak Polisi, apa bener Pak Polisi bakal nyerahake marang sing duwe? " Dias mikir dawa. "Dhompet iki rak isine dhuwit akeh? "

Dias dhewe ora kepengin ngepek barang kang dudu duweke. Sikap iku kang tansah diwulangake wong tuwane wiwit dheweke isih cilik. Kejujuran iku nomer siji, dhawuhe bapake. Wong dianggep luhur derajate yen jujur tumindake.
.... (ana candhake).

Sawise nyemak wacan ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon sing sumadiya ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Wacan ing dhuwur nyritakake bab apa?
2. Sapa sing dadi paraga utamane?
3. Sapa sing dadi paraga panyengkuyunge?

4. Kedadean iku dumadi ana ngendi?
5. Watak apa sing bisa koktiru saka wacan ing dhuwur?
6. Apa watak becik ing dhuwur isih tinemu ing masyarakat saiki? Wenehana tuladha sing kokweruhi!
7. Sliramu apa uga tansah ngetrapake watak becik mau? Wenehana tuladha pakarti awatak becik sing tau koklakoni!
8. Apa paedahe yen sliramu ngetrapake watak becik iku?
9. Apa sangsine yen sliramu ora ngetrapake watak becik iku?
10. Coba bacutna wacan ing dhuwur manut imajinasimu dhewe nganti wujud crita sing enak diwaca, dirasa, lan mathuk karo irah-irahane! Nanging critamu aja nganti kedawan, cukup koktambahi kira-kira 200 tembung wae.

Kegiatan 1: Wangun Teks Crita Cekak

Pitakon-pitakon ing dhuwur ngarah marang perangane struktur teks crita cekak (cerkak) sing awujud unsur intrinsik. Ngenani struktur teks lan unsur basa ing crita narasi sing umum wis kaandharake ana ing buku *Kirtya Basa 7*. Cerkak yen dititik lan dibandhingake karo narasi liyane, wujude tetep basa gancaran, dumadi saka rerangken crita sing mung lakon sakedadean bae, lan bisa diwaca sakala langsung tamat. Ing piwulangan iki sing bakal dadi underane rembug ngenani struktur crita cekak sing awujud unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Unsur intrinsik saka cerkak, yaiku tema, latar/*setting*, alur/*plot*, lan paraga/pamaragan (penokohan), *sudut pandang*, amanat/pesen, lan nilai budi pakarti. Unsur ekstrinsik saka cerkak yaiku gegayutane crita karo kanyatan ing masyarakat, kaya ta adat istiadat, budaya, perilaku, lan sikap masyarakat. Cerkak mujudake crita rekayasa (imajinatif) sing sumbere bisa crita kasunyatan. Urip ing ndonya iki tansah ndeleng, ngrungokake, utawa malah nglakoni crita.

Tugas 1: Nyemak Teks Crita Cekak

Wacanen tuladha teks crita cekak ing ngisor iki kanthi permati!

DEA KUDU BISA

Sawise kepilih dadi ketua kelas, tanggung jawabe Dea dadi tansaya akeh. Saliyane ngayahi jejibahane minangka murid dheweke kudu bisa ngoordhinir kanca-kancane saengga ora ana kang nglanggar aturan sekolahan. Saliyane iku dheweke uga kudu bisa dadi sesulihe bu guru nalika ora bisa rawuh jalaran gerah utawa ana tugas saka sekolahan. Saka akehe jejibahan kandhangkala dheweke ngrasa ora sanggup maneh dadi ketua kelas.

Olehe mikir mangkono karana saya suwe kanca-kancane saya angel diatur. Kabeh pengin sakarepe dhewe, apa maneh yen pinuju bu guru ora rawuh lan maringi tugas sing kudu digarap lan dikumpulake. Kanyatane kanca-kancane Dea ora ana sing nganggep omongane Dea. Kanca-kancane pilih asyik dolanan, babar pisan ora nganggep tugas saka gurune sing diwenehake Dea.

Wektu iku kanca-kancane padha ora gelem ngerjakake tugas sing ndadekake bu guru duka banget. Sejatine Dea ora luput, nanging tetep wae dheweke ngrasa salah jalaran ora bisa nindakake tugas saka gurune kanthi becik. Senajan wektu iku bu guru wis dhawuh yen sing salah dudu dheweke, ning tetep wae Dea ngrasa ora kepenak jalaran ora bisa ngleksanakake tugase kanthi becik.

Amerga kedadean kuwi Dea kerep nglamun ana ngomah jalaran nenimbang pepenginane mundur saka anggone tugas dadi ketua kelas. Ngenani pepenginane mundur kuwi wis dipikirake ana telung minggunan. Apa maneh nalika kelase kalah lomba kebersihan, tansaya ndadekake Dea rumangsa ora pantes dadi ketua kelas.

Sore iku Dea ngrewangi resik-resik omah. Ibune nggatekakake anake sing kelas 8 SMP iku kerep meneng sajak ngalamun. Saka sorot mripate katon yen anake kuwi lagi duwe masalah. Mula sabubare nyirami kembang ana ngarep omah ibune ngajak Dea lungguhan ana kursi sacedhake taman.

"De, sajake kok lagi ana masalah. Coba critaa nyang ibu sapa ngerti ibu bisa mbantu! "

"Ngeten hlo Bu, kula ngraos yen sampun mboten kiyat dados ketua kelas," ature Dea.

"Hlo, kena apa De? " ibune kaget.

"Amargi kanca-kanca saben dinten tansaya rekaos dipunkandhani. Sedaya kados kepingin sakarepe piyambak lan boten purun dipunpimpin. Napa malih nalika lomba kebersihan, kelas kula kawon kaliyan kelas sanese amargi kanca-kanca boten kompak kados rumiyin. Kula ngraos sampun boten pantes dados ketua kelas".

"Aja kesusu njupuk dudutan lan mutusake hlo ndhuk. Awakmu biyen kepilih dadi ketua kelas lak ya sing milih kancamu dhewe. Tegese kanca-kancamu wis percaya marang awakmu. Prakara menang utawa kalah lomba kaya sing kokomongne iku mau prakara lumrah. Nanging soal kekompakane kelas, kuwi sing kudu dicara".

"Maksudipun pripun Bu? " pitakone Dea.

"Maksude ibu ngene hlo De. Kekompakan kelas iku ora tuwuh karepe dhewe. Nanging kudu dicara amrih kekompakan mau bisa tuwuh lan jinaga saengga kabeh sing ana kelasmu bisa kompak lan nyedulur antarane siji lan sijine. Kepriye carane, awakmu lan kancamu sing ngerti".

Kebeneran wektu iku ibuke Dea weruh semut sing lagi baris. Weruh semut sing mlaku pating jlentrek ibuke banjur njupuk sapu sing maune diselehake ana pinggir kursi anggone lungguh.

"De, coba sawangen iki? " prentahe ibuke.

"Awakmu bisa njupuk piwulang apa saka semut-semu kasebut? "

Dea gedheg tandha ora ngerti apa sing dingendikakake ibune. Wekasan ibune njlentrehake.

"Ngene De. Ibu iki mau sengaja ndeleh sapu ana dalan sing diliwati barisan semut iku, kanggo nglambangake prakara sing kokadhepi. Senajan dalane katutup sapu, nanging semut-semut kuwi tetep ngupaya ngliwati sapu kasebut tanpa nggresah. Semut kuwi tetep semangat ngliwati rintangan lan tetep maju terus. Saliyane kuwi awakmu ya weruh ana semut sing nggawa barang sing luwih gedhe saka awake. Senajan barang sing digawa iku mau abot nanging semut ora kelangan akal. Semut-semut kuwi *kerjasama*, saengga barang sing luwih gedhe saka awake kasebut bisa dipindhahake".

Sawise krungu apa kang dingendikake dening ibune kasebut, Dea dadi gedhe atine. Dheweke sadhar yen mundur saka tugase dadi ketua kelas ateges dheweke nyalahi amanah sing wis dipercayakake kanca-kancane. Saliyane iku Dea uga ngrasa yen sasuwene iki dheweke kerep kerja *individu*, ora gelem nglibatake kanca-kancane. Bokmenawa saka tumindake kang kaya mangkono kuwi kanca-kancane dadi ora kompak.

Sawise nyadhari mangkono. Wiwit sesuk dheweke bakal nindakake apa kaya kang dingendikake ibune, yaiku *kerjasama* karo kabeh kancane. Ing atine saiki wis tuwuh pangerten yen ora bakal ana prakara abot yen ditindakake kanthi bebarengan. Mula saka kuwi dheweke mantebake awake dhewe. Saben-saben ngadhepi prakara kang abot, ing atine dheweke bakal ngomong, "Dea kudu bisa".
Dea ngucapake rasa matur nuwun kang gedhe banget jalaran ibune wis menehi pituduh supaya dheweke dadi bocah sing ora gampang nyerah. Ora wetara suwe ing ngarep omah katon taksi mandheg, lan saka jero taksi kasebut bapake sing wis rong taun kerja ana Malaysia kondur. Weruh bapake kondur Dea seneng banget, langsung mlayu mapag bapake.

Bausastra

jejibahan	: kuwajiban
ngayahi	: nindakake, nglakoni
sesulih	: ganti
dudutan	: simpulan
wekasan	: pungkasan, akhir, keri
kawon	: kalah

Kanggo mangerteni isine wacan, wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa tema crita cekak ing dhuwur?
2. Sapa paraga utamane?

3. Aranana sapa wae paraga panyengkuyunge?
4. Terangna watake para paragane!
5. Terangna kanthi urut prastawa sing dumadi ing crita cekak kuwi!
6. Aranana latar panggonan, wayah, lan kahanan sing tinemu saka crita cekak ing dhuwur!
7. Ragam basa apa kang digunakake ing crita cerkak kasebut?
8. Basa rinengga apa kang digunakake ing crita cerkak kasebut?
9. Golekana amanah/pesan moral sing tinemu saka crita cekak ing dhuwur!
10. Critakna kanthi ringkes isine crita cekak ing dhuwur!

Pepeling:
Dadi ringkese, crita cekak sing dicekak *cerkak* iku crita kang ngandharake lelakon utawa kedadean kanthi ringkes, saka wiwitan nganti pungkasan.
Ciri-cirine crita cekak/ cerkak, yaiku:
1. Ukarane ringkes lan nganggo basa gancaran.
2. Tembung-tembunge gampang dimangerteni.
3. Isine nyengsemake utawa nrenyuhake, nyritakake sacuwil prastawa ing panguripane paraga utama.
4. Critane ringkes bae, ora dawa-dawa.
5. Anggone maca mung mbutuhake wektu sedhela.

Saben-saben pangripta nalika nulis sawijine karangan crita cekak mesthi nduweni tujuan tartamtu kang awujud pesen (amanat) lan pitutur marang sapa wae sing maca. Pesen (amanat) lan pitutur iku kalairake lumantar isi critane, pacelathon antarane paraga siji lan sijine, sarta watak-watake saben paraga.

Tugas 2: Nyemak Struktur Teks Crita Cekak

Wacanen sepisan maneh teks "Dea Kudu Bisa" ing dhuwur. Sawise maca teks crita cekak mau bakal tinemu perangan teks kang diarani struktur teks kaya ing ngisor iki.

a. Unsur intrinsik cerkak

1. **Tema** : gagasan utawa idhe sing dadi underane crita, bisa dititik langsung saka ukara-ukara ing teks, utawa dijupuk saka inti critane.
   Tuladha:
   Tembung-tembung sekolahan, ketua kelas, kanca sakelas, kerjasama, lan sapanunggalane sing ana ing teks bisa

nuduhake menawa cerkak "Dea Kudu Bisa" temane **pendhidhikan.**

2. **Alur/plot:** rerangkene kedadean ing sawijining cerkak. Alur lumrahe dumadi kanthi tahapan: (1) pangenalan/ *eksposis*i, (2) panantangan/konflik, (3) klimaks, lan (4) pamungkasan konflik (*peleraian*). Rerangken crita kang diwiwiti saka asale kedadean nganti akhire kedadean kanthi runtut diarani **alur maju**, dene rerangken kang diwiwiti saka akhire kedadean diarani **alur mundur**.
Tuladha ing teks "Dea Kudu Bisa" alure klebu alur maju, amarga kabeh rerangken crita kang dumadi dicritakake kanthi runtut, diwiwiti nalika Dea dipilih dadi ketua kelas.

3. **Latar/*Setting*:** kabeh katrangan sing bisa dijupuk saka teks cerkak ngenani papan panggonan, waktu/wayah, lan swasana.
Tuladha ing teks "Dea Kudu Bisa", katrangan papan panggonan ana ing tembung, kaya ta *sekolahan, omah,* lan *kelas.* Katrangan waktu kaya ta ana ing tembung *sore, sesuk, pinuju bu guru gerah,* dene katrangan swasana kaya ta *rame, sedhih, kompak*, lan liya-liyane.

4. **Paraga/ Pamaragan (penokohan) :** paraga ciptaan sing ana ing teks cerkak. Pamaragan (penokohan) yaiku kepriye anggone nemtokake wujud lan watake paraga salaras karo critane.
Tuladha: Paraga utama ing cerkak "Dea Kudu Bisa" yaiku *Dea*. Dea bocahe lincah lan nduweni watak tegas lan tanggung jawab.

5. ***Sudut pandang*:** empan-papane sing nyritakake ana ing sajroning crita, bisa dititik tembung sesulih kanggo paraga utama ing cerkak.
Tuladha:
Ing cerkak "Dea Kudu Bisa" pangripta/penulis ngempanake minangka pratama purusa utawa wong katelu ing sajabane crita.

6. **Amanat/ pesen:** piweling/pesen sing kaandharake pangripta/penulis katujokake marang sing maca. Saka amanat utawa pesen bisa dijupuk hikmahe lan bisa dicocokake sambung rapete karo panguripan ing saben dinane.

Tuladha:
Pesen kang bisa kapirid saka teks cerkak "Dea Kudu Bisa" yaiku *kewajiban kudu dilakoni kanthi iklas lan ora oleh gampang ngresula (putus asa).*

b. Unsur ekstrinsik cerkak

Unsur ekstrinsik cerkak yaiku gambaran ngenani jaman, adat istiadat, budaya, perilaku lan sikap masyarakat sing bisa ditintingi saka cerkak. Unsur ekstrinsik cerkak "Dea Kudu Bisa" menawa ditintingi saka jeneng "Dea" nuduhake yen jeneng kuwi wis klebu jaman saiki. Budaya sing bisa ditintingi saka cerkak yaiku budaya Jawa awit unggah-ungguh basane sing mung ana ing budaya Jawa.

Gladhen :

Wacanen teks " Budi Dhemen Tetulung" ing ngisor iki, banjur tintingana unsur intrinsik lan ekstrinsike kanthi ngisi tabel kang sumadiya!

BUDI DHEMEN TETULUNG

Dening: Om Pawit

Budi, minangka ketua kelas iku pancen sregep lan dhemen tetulung. Apa sing dadi tanggung jawabe sing magepokan karo tugase ketua kelas mesthi ditandangi kanthi beres. Lan, dheweke dhemen tetulung marang sapa wae tanpa pilih kasih.

Kanggo nyiapake ujian akhir, Bu Ani, guru wali kelase maringi gladhen soal-soal marang bocah-bocah. Diajab mangkone bocah-bocah ing taun iki bisa lulus kabeh kanthi biji sing maremake. Nanging, nalika Bu Ani arep mbagi gladhen soal, pranyata soale keri ing ndalem.

"Wadhuh cah, kertas soale kok keri nang ngomah, jare! " ature Bu Ani karo nggoleki kertas soal ing tase.

"Kula pendhetaken napa, Bu? " ujare Budi. Senajan ora didhawuhi, Budi gelem aweh pitulungan marang Bu Ani. Miturut Budi, iku mau uga salah sijine tugas ketua kelas.

"Ora usah wae, daleme Bu Ani adoh, kok! Kejaba kuwi, sing ana ngomah uga durung mesthi ngerti nggone soal-soal mau. "

"Wah...! Njur ora sida gladhen, ki...! " pambengoke sebagean bocah bebarengan. Katone padha gela dina iku ora sida gladhen soal-soal ujian.

"Mbesuk rak ya bisa ta, cah! "

"Menawi soal aslinipun wonten boten, Bu? Kula purun motocopi, " kandhane Budi.

"O, lha iya, kosik-kosik takgolekane. "

Bu Ani banjur dhudhah-dhudhah nggoleki isi laci mejane. Sauntara, Bu Ani lagi nemokake kertas soal sing asli. Kertas mau banjur diwenehake Budi supaya difotocopi. Budi dipesen supaya ngati-ati lan ora usah adoh-adoh anggone motocopi. Budi banjur mlayu njrantal marani sepedhahe ing parkiran. Sawise rampung motocopi, Budi meruhi Pak Darso ing sabrang dalan. Pak Darso lagi nuntun skutere kanthi krenggosan, amarga dalane pancen munggah. Budi ora mentala, dheweke banjur ngaruhake. Sapa ngerti dheweke bisa aweh pitulungan. Budi banjur age-age ngenggokake sepedhahe marani Pak Darso.

"Skuteripun mogok, Pak? " pitakone Budi sing gawe kagete Pak Darso.

"O, e, kowe ta, Budi! ngeban jare, Bud. Mangka Bapak selak arep nyang rumah sakit niliki bocahku. Jarene ibune, mau tiba saka wit" wangsulane Pak Darso isih krenggosan.

"O, ngaten. "

"Lha kowe saka ngendi, Bud? "

"Saking motocopi, Pak. "

"Ya wis kana, ndang mbalik nyang sekolahan! "

"Nggih, Pak, " wangsulane Budi karo isih nyawang ban skutere Pak Darso. "Nganu Pak, skuteripun ampun dipuntuntun, mangke mundhak ban lebete risak! "

"Lha piye maneh, ora ana bengkel cedhak kene, jare! "

"Ngaten mawon, Pak! Banipun dipuncopot, mangke kula beta nggenipun Bapak kula. "

"Bapakmu mbengkel, pa? "

"Inggih, mangke ngangge ban serep nggenipun Bapak kula rumiyin. Kadosipun kok ukuranipun sami. "

Meruhi Pak Darso sajak kekeselen, Budi banjur ngrewangi anggone nyopot ban. Budi katon prigel, amarga saben dinane dheweke kerep ngrewangi bapake mbengkel. Yen mung mbukaki mur ban skuter wae, dheweke bisa. Lha wong kadhang-kadhang didhawuhi bapake ngganti oli pit motor kok.

Bebarengan karo copote ban skuter, ana kedadean sing gawe bingunge Budi. Geneya Budi bingung? Ya, amarga kertas soal sing difotocopi mau tiba saka jok skuter lan kabur digawa angin. Malah sebagean ana sing kabur mlebu kalenan.

"Adhuh, pripun niki, Pak? "

"Wis ora papa. Mengko Bapak sing matur Bu Ani. "

Ban skuter banjur age-age digawa Budi menyang bengkele bapake. Wondene Pak Darso njupuki kertas-kertas soal mau. Budi arep melu njupuki ora diparengake, amrih urusane enggal rampung.

Ora nganti suwe, Budi wis bali maneh karo nggawa ban serep duweke bapake. Pirsa Budi nggawa ban serep, penggalihe Pak Darso katon lega.

"Wah, matur nuwun ya, Bud" ature Pak Darso.

"Sami-sami, Pak. O, nggih Pak, mangke yen banipun sampun dipuntembel, dalem betakaken dhateng sekolahan. "

"Ora susah, mengko Bapak takmampir nyang bengkele Bapakmu wae! "

Nalika Budi arep ngrewangi masang ban, dheweke dipenging Pak Darso. Budi didhawuhi enggal-enggal mbalik nyang sekolahan. Supaya ora dienteni dening Bu Ani lan kanca-kancane.

Budi mbalik nyang sekolahan kanthi ati sumelang. Ing batine dheweke bakal didukani Bu Ani, amarga kesuwen anggone mbalik nyang sekolahan. Apamaneh kertas soal sing difoto-copy padha reged lan sebagean maneh teles. Pancen mau Pak Darso ngendika yen arep matur Bu Ani, nanging mesthi wae ora saiki. Kesupen uga bisa, amarga lagi nyumelangake putrane sing lagi lara ing rumah sakit.

Wekasane Budi pasrah, mboh apa sing bakal ditemoni. Kanthi ati ditatag-tatagake, Budi nothok lawang kelas. Let sedhela, lawang dibukak dening Bu Ani. Meruhi sing teka Budi, kanca-kancane banjur padha nyaruwe.

"Huuu...! "pambengoke kanca-kancane.

" Lho kok suwe temen ta, Bud? " pandangune Bu Ani.

"Budi tilem, Bu...! " panyaruwene salah sijine kanca sing gawe guyu sakelas.

"Sik, sik, padha menenga dhisik! Piye, Bud? "

"I, inggih, Bu. Anu, kok, Bu, " wangsulane Budi keweden.

"Anu, apa Bud? "

"Anu, kalawau kula mbiyantu Pak Darso. Lan, njalari lembaran soalipun kabur, " wangsulane Budi karo nuduhake lembaran kertas iku.

"Lha kowe nulung apa ta? "

"Nggantos ban, Bu. "

Mireng kandhane Budi, Bu Ani ora banjur duka. Panjenengane malah ngelem marang Budi, amarga dhemen tetulung marang sapa wae. Senajan Pak Darso dudu guru kelase, dheweke gelem mbiyantu. Miturut Bu Ani, Pak Darso sing lagi kesusahan amarga putrane nembe tiba iku pancen mbutuhake pitulungan.

"Wis, ora dadi ngapa. Kana, kertas soale ndang dibagekake! "

"Inggih, Bu." Saknalika mak plong atine Budi, krungu ngendikane Bu Ani.

(Kapethik saka majalah Panjebar Semangat No. 37-15 September 2012 kanthi owah-owahan saperlune)

No	Struktur Teks	Bukti
A.	**Unsur Intrinsik**	
1	Tema	.... Bukti: ....
2	Alur/ plot	.... Bukti: ....
3	Latar/ *setting*	.... Bukti: ....
4	Paraga/ Pamaragan	.... Bukti: ....
5	*Sudut pandang*	.... Bukti: ....
6	Amanat/ Pesen	.... Bukti: ....
B.	**Unsur ekstrinsik**	.... Bukti: ....

Tugas 3: Nyemak Unsur Basa Teks Crita Cekak

Unsur basa ing cerkak bisa katitik saka tetembungan kang ana teks cerkak kasebut. Ngenani unsur basa sing ana sambung rapete karo panganggone tembung-tembung kanggo nambahi endah, nges lan mentese tembung wis karembug ing *Kirtya basa 7*, ing piwulangan iki sing dadi underane rembug ngenani unsur basa ing cerkak. Yaiku ngenani ukara sing digunakake ing cerkak kanthi cara dititik saka jinise ukara lan unggah-

ungguhe basa. Dititik saka jinise, ukara-ukara ing teks "Dea Kudu Bisa" dumadi saka ukara langsung lan ora langsung, dene manawa dititik saka unggah-ungguh basa dumadi saka ukara ngoko lan krama.

1. Ukara langsung lan ora langsung

Ukara langsung yaiku ukara sing jejere sing ngomong, utawa wong kapisan/utama purusa sing ngomong. Ukara ora langsung yaiku ukara sing ngomong/nyritakake wong katelu.

Ukara ing teks cerkak "Dea Kudu Bisa" bisa dititik saka sapa sing didadekake jejere crita lan sapa sing nyritakake. Yen sing dadi *paraga utama* dadi *jejere crita*, artine ukara mau diarani ukara langsung. Yen *paraga utama* dadi *lesane crita*, artine ukara mau diarani ukara ora langsung.

Tuladha: Ukara langsung yaiku ukara sing diomongake dening wong kapisan.

- "De, sajake kok lagi ana masalah. Coba crita nyang ibu sapa ngerti ibu bisa mbantu? " ngendikane ibune.
- "Ngeten hlo Bu, kula ngraos yen sampun mboten kiyat dados ketua kelas", ature Dea.

Tuladha ukara ora langsung yaiku ukara sing nirokake omongane wong liya.

- Kandhane ibune, yen Dea ana masalah diutus crita nyang ibune sapa ngerti ibune bisa mbantu.
- Kandhane Dea, dheweke ngrasa wis ora kuwat dadi ketua kelas.

2. Unggah-ungguh Basa

Ing sawijining narasi utama teks crita cekak ukara-ukarane dumadi saka ukara gancaran lan ukara pacelathon kanggo nggambarake dumadine kedadean sing luwih rinasa nyata. Ukara gancaran lan ukara pacelathon/dhialog kudu trep lan salaras karo unggah-ungguh basa. Teks crita cekak "Dea Kudu Bisa" panganggone basa ing pacelathone wis trep karo unggah-ungguh. Ukara ngoko digunakake paraga ibu katujokake marang Dea, ukara ngoko alus digunakake nalika nyritakake sing ana sambung rapete karo ibu (paraga kang pantes dikurmati), ukara krama digunakake Dea katujokake marang ibune.

Tuladha:

Basa ngoko lugu :

"De, sajake kok lagi ana masalah. Coba crita nyang ibu sapa ngerti ibu bisa mbantu? "

Basa ngoko alus :

Sawise nyadhari mangkono. Wiwit sesuk dheweke bakal nindakake apa kaya kang dingendikakake ibune.

Basa Krama:

"Amargi kanca-kanca saben dinten tansaya rekaos dipunkandhani. Sedaya kados kepengin sakarepe piyambak lan boten purun dipunpimpin".

Gladhen:

A. Ukara-ukara langsung ngisor iki owahana wujude dadi ukara ora langsung lan suwalike kaya tuladha ing dhuwur!

1. Dea matur, "Kelas kula kawon kaliyan kelas sanese amargi kanca-kanca boten kompak kados rumiyin".
2. "Prakara menang utawa kalah lomba kaya sing kok omongne iku mau prakara lumrah", ngendikane ibune.
3. "Dea bisa njupuk piwulang apa saka semut-semu kasebut?" pitakone ibune.
4. "Kekompakan kelas iku ora tuwuh karepe dhewe", ngendikane ibu.
5. "De, coba sawangen iki? " prentahe ibuke.
6. Bapak Kepala Sekolah ngendika menawa murid-murid ora pareng metu saka pekarangan sekolah ing wektu ngaso.
7. Rini kandha yen dheweke dhek wingi oleh hadhiyah buku.

B. Ukara-ukara nganggo basa ngoko iki owahana dadi basa krama utawa suwalike kaya tuladha ing dhuwur!

1. Mireng kandhane Budi, Bu Ani ora banjur duka.
2. Panjenengane malah ngelem marang Budi, amarga dhemen tetulung marang sapa wae.
3. Senajan Pak Darso dudu guru kelase, dheweke gelem mbiyantu.
4. Bapak tindak dhateng Semarang nitih kreta tabuh gangsal enjing.
5. Ingkang ngagem rasukan bathik punika ibu kula.
6. Bu Rini maringi yatra gangsal ewu kagem tumbas gendhis abrit.
7. Kalawingi Syahrini ngaturi simbahipun kalawarti Panjebar Semangat.

Tugas 4: Nyimpulake Isine Teks Crita Cekak

Cara nyimpulake isi teks crita cekak, yaiku kanthi mangerteni unsur intrinsik, isine, lan maksude crita saben paragrap. Maca teks crita cekak kanthi permati kowe bakal mangerti apa isine wacan. Gatekna pituduh ing ngisor iki kanggo nyimpulake isine wacan.

1. Wacanen teks "Budi Dhemen Tetulung" kanthi permati!
2. Tulisen ukara baku ing saben pada (*paragrap*).
3. Roncenen ukara-ukara baku mau supaya dadi sapada.

Gladhen:

Gawea dudutan *(kesimpulan)* isine teks "Budi Dhemen Tetulung" manut pituduh ing dhuwur!

Tugas 5: Nulis Aksara Jawa

Supaya bisa nulis ukara langsung nganggo aksara Jawa kanthi bener, sliramu kudu mangerteni bab "tetenger pada". Semaken andharan ngisor iki!

1. **Adeg-adeg**, kanggo nulis wiwitane ukara. Wujude: ꧋
2. **Pada lingsa**, kanggo nulis tanda "koma". Wujude: ꧈
3. **Pada lungsi**, kanggo nulis tanda "titik". Wujude: ꧉
4. **Pada pangkat (꧇)** iku gunane yaiku kanggo:

Tuladha:

a. Ngapit ukara jangkep sing ana paprincene/ rinciane.
   Tuladha :
- Aminah tuku pelem, nanas, lan kates.

꧋ꦄꦩꦶꦤꦃ ꦠꦸꦏꦸ꧇ ꦥꦼꦊꦩ꧀ ꦤꦤꦱ꧀ ꦭꦤ꧀ꦏꦠꦺꦱ꧀꧈

b. Ngapit angka.
   Tuladha :
- Dhuwitku 2500 rupiah.

꧋ꦢꦸꦮꦶꦠ꧀ꦏꦸ ꧇꧒꧕꧐꧐꧇ ꦫꦸꦥꦶꦪꦃ꧉

c. Ngapit pethikan ukara langsung.
   Tuladha :
- Ibu dhawuh, “Sinaua sing sregep!”

꧋ꦆꦧꦸ ꦝꦮꦸꦃ : ꦱꦶꦤꦲꦸꦮ ꦱꦶꦁ ꦱꦽꦒꦼꦥ꧉

Gladhen:
Ukara ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa kanthi bener!
1. Adhik sinau maca lan nembang.
2. Aku mau esuk sarapan sega goreng, endhog, lan krupuk.
3. Ibu mundhut gula, kopi, lan uyah.
4. Bapak dhawuh, "Sing jujur supaya uripmu mujur".
5. Masku takon, "Kowe saiki kelas pira? "

Kegiatan 2: Nintingi Teks Crita Cekak Kanthi Klompok

Ing kegiatan iki sliramu kudu nggarap kabeh tugas kanthi dhiskusi klompok, mula nggawea klompok kang anggotane 4-5 bocah lanang lan wadon!
Sajroning nggarap sliramu kudu mangerteni aturane dhiskusi, yaiku:
a. Temtokna sapa sing dadi ketua klompok, sekretaris, lan modherator.
b. Jlentrehna apa wae jejibahan sing kudu dilakoni dening ketua, sekretaris, lan modherator nalika dhiskusi klompok.
c. Anggonmu dhiskusi kudu tansah nengenake sikap-sikap: jujur, tepa slira, sopan santun, tanggung jawab, dhisiplin, toleransi, lan percaya diri.
d. Anggonmu nggarap kudu dhiskusi klompok kanthi kompak.
e. Sawise dhiskusi, wacanen asil dhiskusi klompokmu ing ngarep kelas kanthi santun!
f. Kanca-kancamu bisa takon tumrap gladhenmu sing durung cetha, uga bisa menehi panyaruwe/saran.
g. Saben anggota klompokmu bisa aweh panemu lan solusi jawaban, supaya tinemu wangsulan sing luwih gumathok.
h. Klompokmu uga kudu bisa nrima panyaruwe/saran utawa solusi jawaban saka klompok liyane.

i. Sawise dhiskusi, sampurnakna gladhenmu kanthi migatekake usulan-usulan lan panyaruwe saka klompok liya sarta pamanggihe Bapak/Ibu Guru.
j. Sawise gladhenmu sampurna, kumpulna marang Bapak/ Ibu Guru minangka tugas klompok!

Tugas 1: Nintingi Teks Crita Cekak

Wacanen crita cekak ngisor iki kanthi permati!

DADI JURAGAN BARANG BEKAS

Dening : Budi Wahyono



Karepe Mugiman sepele. Mung arep mbiyantu bapake sing thenger-thenger saben dina merga ora nduweni paitan kanggo dodol terompet. Sanadyan paitan wis ana nanging gunggunge ora sepira. Isih cupet. Kudu dimangerteni yen gawe trompet mbutuhake paitan maneka warna. Saka dluwang werna-werna rupane, kerdhus tumeka lem.

Dluwang wis cumepak sak jogan ruwang tamu. Tumekan dluwang sing nggilap ulese maneka warna turahan setahun kepungkur isih bisa digunakake. Lem saka pathi kanji ya wis cumepak. Sak wektu-wektu mbok Yekti gelem nggawe.

"Kerdhuse mepet ya Pak?" Mugiman banjur alok bapake sing katon rikuh. Minangka wong tuwa sajake ora patrap yen terus-terusan ngupadaya Mugiman.

"Sekolahan ketoke ana kerdhus akeh Pak. Aku wingi ditawani Pak Kepala Sekolah," kandhane mbukak bruwete pikir. Antara percaya lan ora, bapake perlu negesake.

"Kok apik temen kepala sekolahmu, Mug?"

"Ya iku merga aku nate dadi juara kelas Pak. Saliyane kuwi uga dadi juara karate nalika Porseni tingkat kecamatan," wangsulane ethes kaya-kaya wis disiapake. Lik Min kaget.

"Kapan kerdhus-kerdhus mau bisa mbok jupuk? Kerdhus wis ora kanggo tenan ta?" bathuke bapake isih pating pengkerut.

"Tenan Pak, Bapak Kepala Sekolah nawani kaya mangkono merga pirsa yen awake dhewe bakulan trompet."

Lik Min manggut-manggut mantep. Bubar sarapan Mugiman njranthal tumuju sekolah. Kebeneran sekolah lagi prei. Sanadyan prei Bapak Kepala Sekolah piket. Dadi Mugiman ora kecelik.

Tekan ngarep lawang, kepala sekolah sing grapyak gage-gage nemoni Mugiman. Eseme sing nentremake ati diumbar.

"Sida golek kerdhus Mug?"

"Saestu Pak, saestu,"

"Lha endi wadhahmu?"

"Kula bentel lajeng kula sunggi menapa mboten kiyat to Pak?" semaure sakecekele. Pak Kepala Sekolah gedheg-gedheg.

"Ah, mesakake sirahmu. Yen kenteban kerdhus malah kelong pintere lho!" guyone kepala sekolah. Mugiman mlengeh.

"Luwih becik bapakmu diaturi rene. Gudhang ya ana grobag cilik, bisa mbok gunakake,"

"Matur nuwun Pak, matur nuwun sanget." Mugiman sing entuk kawigaten kang omber rumangsa kudu sumringah atine.

Mugiman lan lik Min mbongkoki tumpukan kerdhus ana ing ruwang kepala sekolah. Pirang-pirang bentel. Loro-lorone gembrobyos. Batine Lik Min, kok akeh temen kerdhus sing diparingake.

"Kerdhus-kerdhus niku pun pundhut menapa pun paringaken Pak?" pitakone lik Min lugu. Pak Mus, kepala sekolah mung gumujeng.

"Pun paringaken… Kangge hadhiah Mugiman kemawon. Sekolah dereng saget maringi hadhiah ingkang pantes kangge Mugiman. Menika kangge bonus." Pak Mus ngajak guyon. Lik Min klecam-klecem. Batine, hadhiah kerdhus iki yen diregani dhuwit bisa kepetung luwih seketan ewu. Petungan jumlah sing bisa ngurangi rekasane bapake.

Luwih sak jam olehe ubeg ana ruwang kepala sekolah, bacute loro-lorone pamitan mulih. Mesthi wae ora lali ngaturake panuwun marang kepala sekolahe.

"Dadi wong pinter ya ana rejekine ya Mug?"

"Iya ta Pak, rencanane semester ngarep aku bakal entuk beasiswa."

"Saka sekolahan?"

"Saka pamarintah Pak. "

"Wah, wujude dhuwit ya Mug?" bapake ngoyak takon.

"Iya Pak, mosok beling?" ceblang-ceblung olehe mangsuli.

***

Kocapa bareng kerdhus mau diusung nganggo grobag menyang ngomah, dumadakan dadi sak gunung. Omahe nganti kebak. Mbludag menyang emper. Mesthi wae dadi repot mbok menawa ana tamu. Kahanan kaya mangkono mau ndadekake sesawangan sing ora kepenak menyang mripat. Bejane Yu Yah sing

tukang dodol barang rongsokan rumangsa kudu melu cawe-cawe. Dheweke saguh nukoni kerdhus-kerdhus mau.

"Tinimbang ngebaki omah reged to Mug, piye yen daktuku kerdhus-kerdhusmu? Bapakmu endi?" Yu Yah lungguh dlosoran saking kesele.

"Iki kerdhusku Lik, ora sah taren karo bapak. Bapak menyang kutha dodol trompet," semaure entheng.

"Sekilone pira? Apa diborong kabeh sisan Lik?"

"Ya, ngono wae timbang repot-repot,"

"Arep mbok tuku pira Lik?" minggrang-minggring olehe taren.

" Taktuku 50 ewu rupiyah piye?"

"Tambahi sithik ta Lik, iki arep takenggo paitan dodol dluwang rongsokan. Aku arep dadi tukang ngepul kertas, kerdhus, plastik.."

"Wah, saingan karo aku yo Le?"

"Ya ora ta Lik, mengko daksetorke sampeyan,"

Bacute kerdhuse Mugiman didol payu sewidak ewu. Kanggone Mugiman iki petungan sing lumayan. Pikirane banjur mletik. Yen kerdhus payu, mesthi dluwang-dluwang duweke kanca-kancane sing ora kanggo uga payu.

Mula saploke preinan iki Mugiman mubeng kampung nemoni kancane sak kelas mbaka siji. Kabeh ditakoni, mbok menawa nduwe dluwang sing ngebaki omah lan dadi susuh tikus. Ora kenyana-nyana, jebule ora mung dluwang wae. Kerdhus, plastik, wis kasil digawa mulih Mugiman. Ayeme ora jamak sanadyan awake kesel.

Malah kadhangkala Mugiman mesem dhewe nalika nyawang barang-barang rongsokan mau. Sanadyan wis akeh sing nglirik, Mugiman durung lila ngeculake. Ati cilike mongkog rumangsa dadi juragan.

Telung dina bacute bapake kaget. Ngomahe kebak maneka warna barang-barang sing wis ora kanggo.

"Lho, kok kowe dadi juragan Mug? Entukmu modhal saka ngendi?"

"Tanpa modhal Pak, tugase bapak saiki nampa lan nukoni wong-wong kang adol dluwang, kerdhus, plastik, lan wesi. Iki dhaptare rega saben kilone Pak..Yen wis nglumpuk arep diparani sing kawogan..,"

"Lha kok nduwe dhuwit saka ngendi Mug?"

"Saka koperasi sekolah Pak, disilihi Pak Kepala Sekolah."

Bapak lan anak rangkulan. Trenyuh. Sapa ngerti yen iki pancen dalan kanggo paitan urip sing luwih mbejaji. Tinimbang dadi buruh tani. Tinimbang mung njagakake dodol trompet setahun pisan. Tinimbang mulih sekolah mung ngantuk klakepan.

http://planetdemam.blogspot.com/2009/12/dadi-juragan-barang-bekas-cerkak-cerita.html 18 Des 2010 pk 23:30

Bausastra

thenger-thenger	: meneng karo kebak pikiran
paitan	: modhal
gunggunge	: cacahe
ulese	: wernane, rupane
manggut-manggut	: manthuk-manthuk
njranthal	: mlayu banter tanpa kakehan pikiran
grapyak	: semanak, semedulur
age-age	: cepet-cepet
bentel	: tali (dibentel : ditaleni dadi sagulung)
kenteban	: ketiban, ketumpukan
mbongkoki	: naleni
klecam-klecem	: ngguya-ngguyu tanpa swara
minggrang-minggring	: ragu-ragu

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Apa tema cerkak ing dhuwur?
2. Apa sing nyebabake bapake Mugiman thenger-thenger?
3. Apa pegaweane Bapake Mugiman?
4. Mugiman ditawani apa dening kepala sekolahe?
5. Apa sebabe kepala sekolah peparing marang Mugiman?
6. Piye larah-larahe kok Mugiman bisa menyang sekolahan, kamangka wektu iku wektu prei sekolah?
7. Kepriye Mugiman olehe nggawa barang-barang sekolahan mau ?
8. Sapa Yu Yah kang ana ing crita iku ?
9. Sapa bae paraga kang ana ing cerkak "Dadi Juragan Barang Bekas" ing dhuwur?
10. Pitutur lan pesen apa kang bisa kapethik saka cerkak mau?

Tugas 2 : Nintingi Struktur Teks Crita Cekak

Tintingana teks crita cekak "Dadi Juragan Barang Bekas" ing dhuwur. Sabanjure golekana unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik lan buktine saka teks, kanthi ngisi titik-titik ing ngisor iki!

No	Struktur Teks	Bukti
A.	**Unsur Intrinsik**	
1	Tema	…………………………………………………………………… ……………………………………………………………………

		Bukti: …………………………………………………………………… …………………………………………………………………… ……………………………………………………………………
2	Alur/ plot	…………………………………………………………………… …………………………………………………………………… Bukti: …………………………………………………………………… …………………………………………………………………… ……………………………………………………………………
3	Latar/ *setting*	…………………………………………………………………… …………………………………………………………………… Bukti: …………………………………………………………………… …………………………………………………………………… ……………………………………………………………………
4	Paraga/ Pamaragan	…………………………………………………………………… …………………………………………………………………… Bukti: …………………………………………………………………… …………………………………………………………………… ……………………………………………………………………
5	*Sudut pandang*	…………………………………………………………………… …………………………………………………………………… Bukti: …………………………………………………………………… …………………………………………………………………… ……………………………………………………………………
6	Amanat/ Pesen	…………………………………………………………………… ……………………………………………………………………

		Bukti: …………………………………………………………………… …………………………………………………………………… ……………………………………………………………………
B.	**Unsur ekstrinsik**	
		…………………………………………………………………… …………………………………………………………………… Bukti: …………………………………………………………………… …………………………………………………………………… ……………………………………………………………………

Tugas 3 : Nintingi Unsur Basa Sajrone Crita Cekak

Tintingana teks crita cekak "Dadi Juragan Barang Bekas" ing dhuwur. Sabanjure golekana unsur basa kang gegayutan karo ukara langsung lan ora langsung, sarta ukara basa ngoko lan basa krama, lan buktine saka teks, kanthi ngisi titik-titik ing ngisor iki!

No	Unsur Basa	Bukti
1	Ukara langsung	1. …………………………………………………………… 2. …………………………………………………………… 3. …………………………………………………………… 4. …………………………………………………………… 5. ……………………………………………………………
2	Ukara ora langsung	1. …………………………………………………………… 2. ……………………………………………………………

		3. .... 4. .... 5. ....
3	Basa ngoko lugu	1. .... 2. .... 3. .... 4. .... 5. ....
4	Basa krama	1. .... 2. .... 3. .... 4. .... 5. ....

Tugas 4: Nintingi Isine Teks Crita Cekak

1. Jingglengana maneh teks ″Dadi Juragan Barang Bekas″ kanthi permati.
2. Tulisen kanthi cekak aos isine teks cerkak ″Dadi Juragan Barang Bekas″ kaya pituduh pasinaon sadurunge.
3. Goleka maneh crita cekak liyane, banjur tulisen isine crita kanthi cekak aos, paling ora rong paragraph!

Tugas 5: Nulis Ukara nganggo Aksara Jawa

Pethikan teks ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa sing bener!

...″ Taktuku 50 ewu rupiyah piye?″
″Tambahi sithik ta Lik, iki arep takenggo paitan dodol dluwang rongsokan. Aku arep dadi tukang ngepul kertas, kerdhus, plastik..″

"Wah, saingan karo aku yo Le?"
"Ya ora ta Lik, mengko taksetorke sampeyan."
Bacute kerdhuse Mugiman didol payu sewidak ewu. Kanggone Mugiman iki petungan sing lumayan. Pikirane banjur mletik. Yen kerdhus payu, mesthi dluwang-dluwang duweke kanca-kancane sing ora kanggo uga payu.
Mula sakploke preinan iki Mugiman mubeng kampung nemoni kancane sak kelas mbaka siji. Kabeh ditakoni, mbok menawa nduwe dluwang sing ngebaki omah lan dadi susuh tikus. Ora kenyana-nyana, jebule ora mung dluwang wae. Kerdhus, plastik, wis kasil digawa mulih Mugiman. Ayeme ora jamak sanadyan awake kesel....

Kegiatan 3 : Nulis Teks Crita Cekak Kanthi Mandhiri

Ing kegiatan pasinaon iki sliramu bakal sinau nulis teks crita cekak kanthi cara mandhiri. Nalika nulis teks crita cekak miliha tema *budi pakarti.*

Tugas 1 : Ngidhentifikasi Teks Crita Cekak

Kanggo ngidhentifikasi teks crita cekak, tindakna langkah-langkah ing ngisor iki:

1. Goleka crita bab budi pakarti sing saiki tansaya luntur ing panguripan saben dina.
2. Dheskripsekna unsur intrinsik lan ekstrinsik cerkak mau kanthi ngisi tabel ing ngisor iki:

No	Struktur Teks	Bukti
A.	Unsur Intrinsik	
1	Tema	.... Bukti: ....
2	Alur/ plot	.... Bukti: ....

		....
3	Latar/ *setting*	.... Bukti: ....
4	Paraga/ Pamaragan	.... Bukti: ....
5	*Sudut pandang*	.... Bukti: ....
6	Amanat/ Pesen	.... Bukti: ....

B.	**Unsur ekstrinsik**	
		……………………………………………………………… ……………………………………………………………… Bukti: ……………………………………………………………… ……………………………………………………………… ………………………………………………………………

Tugas 2 : Nulis Teks Crita Cekak

Sawise langkah-langkah mau koklakoni lan apa sing diperlokake wis sumadya, nulisa teks crita cekak sing prasaja wae. Sajrone nulis teks crita cekak, jingglengana maneh kanthi permati struktur teks narasi sing karembug sadurunge, kaya ta: tema, alur/ *plot*, latar/ *setting*, paraga/ pamaragan, *sudut pandang*, amanat/ pesan.

Tugas 3 : Maca Teks Crita Cekak

Asil tulisanmu wacanen ana ngarepe kanca-kancamu! Sawise iku banjur kumpulna marang Bapak/ Ibu gurumu kanggo tugas portofolio.

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 1

A. Teks ing ngisor iki wacanen sing premati, sabanjure wangsulana pitakon-pitakon kanthi milih wangsulan sing bener !

AKU DURUNG KALAH



Ngadeg neng teras omah pancen dadi kesenenganku saben sore. Namatake sesawangan nalika srengenge meh angslup. Manuk-manuk padha mulih neng susuhe, mabur renteng-renteng neng langit sing wiwit mbrabak abang ndadekake sesawangan katon endah. Sanajan sesawangan dikebaki karo gedhong-gedhong dhuwur nantang langit.

Mung siji kuwi sing bisa gawe ilange rasa sayah sawise nyambut gawe sedina ngrampungake tugas-tugas kantor sing kaya-kaya ora ana lerene. Mengko sedhela mesthi bakal keprungu swara mbrenginging saka dalan ngarep omah neng komplek perumahanku. Pak Wiryo. Bakul puthu bumbung mikul dodolane, mlaku alon saka kidul. Yen wis tekan ngarep omahku mesthi mandheg karo cluluk, "Puthu, Mas!" Aku banjur mbukak pager, mangan puthu karo lungguh ing buk ngarep omah. Pak Wiryo uga mandheg. Ngladeni wong wong ing komplek perumahan sing padha tuku puthu bumbung.



Pak Wiryo padha karo aku. Padha-padha wong sing nyoba golek panguripan ing kutha kene, sing jarene nggon dhuwit. Mung bedane, aku bisa

tuku omah, duwe rodha papat gaweyan Jepang modhel sing paling keri dhewe, nyambut gawe neng kantor sing ruwangane adhem.

Pak Wiryo crita, yen omahe ana ing mburi lapangan golf. Saben esuk lan sore nalika mangkat lan mulih saka kantor aku mesthi ngliwati tugu gedhe. Ngisor tugu kuwi ana dalan sing dawane watara rong kilonan tumuju menyang lapangan golf. Aku pancen durung nate weruh. Nanging aku bisa mengerteni yen omahe Pak Wiryo mesthi sawijining kampung nempel karo tembok pager lapangan golf. Ora bisa diselaki yen panggonan-panggonan ngono kuwi bisa nekakna dhuwit yen digarap dening investor. Kompleks sandhinge panggonane Pak Wiryo wis digusur arep kanggo ngambakna lapangan golf. Wong-wong diwenehi ganti rugi sak cukupe (jenenge wae ganti rugi, mesti ya sacukupe). Coba yen jenenge diganti 'ganti untung'. Mula akeh wong-wong kampung kana sing ora sarujuk karo *pembebasan* tanah kuwi.

"Krungu-krungu jare lapangan golf arep diambakna Pak?" Pak Wiryo mung mesem krungu pitakonku, sajake wis ngerti apa karepku. Aku mbacutake takon maneh.

"Lah yen lapangane diambakna, terus kampunge sampeyan digusur piye Pak?"

"Nggih kersane napa ingkang kedadosan mangke, Mas. Digusur nggih pindhah, wong pancen mboten gadhahane."

Pak Wiryo terus ngladeni wong tuku. Aku mangan puthu sing mung kari siji neng tanganku. Aku gumun dene Pak Wiryo yen ngomong karo aku nganggo basa alus. Mangka Pak Wiryo umure ora beda adoh saka bapakku Nalika aku pisanan tuku puthu banjur dadi langganan, Pak Wiryo malah rikuh aku ngomong nganggo basa alus. Karepku mono ngajeni wong tuwa, kaya sing diajarake bapakku, yen aku kudu ngajeni wong sing umure luwih tuwa, sapa wae kuwi.

"Panjenengan niku lho Mas, wong priyayi ageng kok ndadak basa lho kalih kula."

Oalah, donya kuwi jebule pancen isih mbedakna drajat, pangkat lan donya. Mula saka kuwi aku duwe panemu yen aku klebu wong begja. Lair ing kluwarga sing ana lan bisa ngrasakna kamukten urip. Sanajan ora nganti sugih mblegedhu, nanging sakora-orane yen kepengin apa-apa bisa keturutan.

Nanging wong sing kaya Pak Wiryo, menawa biyen bisa milih, mesthi ora kepengin lair neng donya dadi wong sing kudu nyambung urip kanthi rekasa. Kaya-kaya kasunyatan kuwi gelem ora gelem kudu diadhepi.

Sejatine miturut panemuku, mbuh kuwi bener mbuh ora, kasunyatan sing kaya ngono kuwi wis digarisna dening Kang Maha Kuwasa supaya urip ing donya bisa laras. Sing gedhe nulung sing cilik, sing kuwat mbiyantu sing ora kuwat. Nanging kaya apa sing kedadean? Ing jaman saiki sing dumadi, sing gedhe

mangan sing cilik. Sing kuwat ngidak-idak sing kesrakat. Donya, pangkat, lan drajat sing dadi ukuraning urip.

Pak Wiryo, lan wong-wong sing manggon ing mburi lapangan golf sing kudu minggir amarga dianggep ora ana maneh nilai ekonomise kanggo pembangunan kutha. Nanging wong kaya Pak Wiryo arep ngapa? Bisa apa? Ora ana sing dinggo ngomong sora nalika ganti rugi sing ditampa kuwi, ajine ora sepiraa.

"Pak, wong puthune sampeyan enak. Piye yen taksilihi modhal, terus gawe *home industri*, puthune diwenehi cap terus didol nyang supermarket?"

"Wah, mangke yen kula mboten ider mriki malih, njenengan kangelan ndadak pados puthu teng supermarket," Pak Wiryo ngguyu latah-latah.

"Kula ngaten mawon sampun rumaos cekap kok Mas. Sing penting saged damel urip lan nyekolahke anak. Wong kula niku nggih mboten gadhah warisan napa-napa kangge anak kula. Sak mboten-botene, nek kula dadi bakul puthu, anake kula nggih sampun ngantos kados bapake."

Biyen aku nate nawani Pak Wiryo, supaya anake nyambutgawe neng pabrik nggonku. Kebeneran nalika kuwi unitku butuh karyawan anyar. Aku malah ngomong yen anake mesthi ditampa, awit sing nggawa aku. Ora usah nggawe lamaran. Karepku nulung Pak Wiryo, tinimbang anake nganggur.

"Golek gaweyan saiki angel lho Pak."

"Wong tiyange tesih sekolah kok Mas."

"Rak wis lulus SMA ta?"

"Lha nyuwun kuliah niku Mas. Ning, niki jarene mpun ajeng nulis napa... niku, skripsi napa,... Duka napa jenenge. Pokoke mpun meh rampung...kantun setunggal niku." Skripsi? Anake Pak Wiryo kuliah? Apa kuwat Pak Wiryo nguliahake anake? Kuwi mung tak batin wae. Kuwatir yen Pak Wiryo mengko kasinggung.

Wis meh rong minggu iki ora keprungu swara mbrenginging, saka grobag puthune Pak Wiryo. Aku ora ngerti kena apa Pak Wiryo ora katon liwat ing dalan ngarep omahku. Apa Pak Wiryo lara? Apa omahe digusur? Kaya ana sing kongkon, aku noleh kiwa dalan.

Sore kuwi aku nembe mulih saka kantor. Aku ngerem mobil ndadak. Ora maelu kendaraan-kendaraan neng mburiku sing padha ngunekna klakson. Stir dakbuwang mengiwa menggok mlebu ing jurusan lapangan golf. Ning sawijining gang aku mandheg. Kepeksa mudhun saka mobil awit dalane ora bisa diliwati mobil. Aku mlaku saurute pager sisih njaba lapangan golf sing durung rampung digarap kuwi.

Aku yakin, dalan kuwi sing saben dina diliwati Pak Wiryo. Nyawang mengarep, rodha-rodha traktor nggiles ngratakna lemah. Akeh wong nganggo helm kuning. Neng panggonan liya, ora adoh saka kana, ana wong-wong padha

nglumpukna kayu-kayu tilas omah, seng, lan barang-barang liyane sing isih bisa dienggo. Aku ora ngerti apa wong-wong kuwi sing duwe omah sing digusur apa mung pemulung sing nggoleki barang-barang tilas. Sing tak ngerteni, kampung kuwi wis rata karo lemah. Lan omahe Pak Wiryo mesthi klebu salah sijine omah sing dadi mangsane buldoser.

Srengenge manglung mengulon. Alon-alon aku ninggalake papan panggonan kono. Perusahaanku ya duwe buldoser kaya ngana kuwi.

Kelingan karo Pak Wiryo, karo wong-wong sing mung bisa nyawang omahe diratakna karo lemah. Wong-wong sing kalah dening ukeling jaman. Kalah karo panguwasane dhuwit. Wong-wong sing kanggo tumbal modernisasi lan kapitalisme. Apa kemajuwan jaman kudu mesthi ana sing dikurbanake? Aku kelingan, atasanku wingi uga ngomong, yen sawah mburi pabrik duweke pendhudhuk wis dibebaske arep dinggo mbangun unit anyar.

Srengenge mbranang ing langit sisih kulon. Manuk-manuk mulih menyang susuhe. Cagak-cagak listrik, gedhung-gedhung tingkat njenggereng mandeng langit. Layangane bocah-bocah cilik jogedan sajak ngece. Sore kuwi, kaya biasane aku ngadeg neng ngarep omah. Nanging wis ora ana maneh swarane mbrenginging saka grobage Pak Wiryo. Wingi aku krungu kabar yen Pak Wiryo digawa anake menyang Batam. Anak sing nate taktawani gawean biyen, wis lulus kuliah. *Cumclaude*! Dheweke dijaluk sawijining perusahaan Singapura ing Batam. Aku kelingan marang apa sing nate diomongna Pak Wiryo: "Yen nyawane kula tesih kanthil teng raga Mas, kula dereng kalah...."(*)

http://axsdv.multiply.com/journal/item/4/cerita_cekak_bahasa_jawa_jawa

1. Sing dadi pakulinan paraga ”aku” saben sore nalika mulih saka nyambut gawe … .
   a. Lungguh ana ing bok cedhak omah.
   b. Ngadeg ana ing teras omah.
   c. Mlaku-mlaku golek panganan.
   d. Mriksani TV ana ing kamar.

2. Sing ditunggu paraga ”aku” sawise sawetara mulih saka kantor kang wis dadi pakulinane ….
   a. Kancane sing manggon sakampung
   b. Bakul puthu sing saben dina liwat ing ngarep omah.
   c. Langganan sing saben bengi lan isuk kirim dhaharan.
   d. Acara TV kang dadi kelangenane kanggo ngancani wayah bengi.

3. Paraga ”aku” lan Pak Wirya manggon ana ing kutha iku tujuwane padha, yaiku … .
   a. nggolek pengalaman
   b. nggoleki anake kang suwe ora ketemu
   c. golek panguripan
   d. nunggoni wong tuwane

4. Kompleks kang ana ing sacedhake daleme Pak Wirya wis digusur dening investor kanggo … .
   a. gawe lapangan golf
   b. ngambakakake pabrike
   c. gawe perumahan elit
   d. ngambakakake lapangan golf

5. Paraga ”aku” yen guneman karo Pak Wirya nggunakakake basa ngoko, sanadyan paraga ”aku” sejatine miturut ajaran saka wong tuwane yen guneman karo wong sing luwih tuwa kudu nganggo basa alus. Kabeh mau amarga … .
   a. Pak Wirya mung wong dodolan puthu.
   b. Drajate paraga ”aku” luwih dhuwur tinimbang Pak Wirya.
   c. Pak Wirya rikuh nek paraga ”aku” nggunakakake basa alus marang dheweke.
   d. Paraga ”aku” umure luwih tuwa tinimbang Pak Wirya.

6. Miturut panemune paraga ”aku”, supaya urip ana ing donya iki bisa laras kudune … .
   a. Sing gedhe nulung sing cilik, sing kuwat mbiyantu sing ora kuwat.
   b. Donya, pangkat lan drajat sing dadi ukuraning urip.
   c. Sing gedhe mangan sing cilik.
   d. Sing kuwat ngidak-idak sing kesrakat, mlarat.

7. Amarga puthune Pak Wirya rasane enak, paraga ”aku” kepengin nyilihi modhal Pak Wirya supaya … .
   a. Bisa nambahi pangasilan paraga ”aku” sarana ”*bagi hasil*”.
   b. Njunjung drajade Pak Wirya supaya asile luwih akeh.
   c. Didadekake *home industry* lan puthune didol ana ing supermarket.
   d. Paraga ”aku” bisa ngembangake usaha karo Pak Wirya.

8. Sepira lawase paraga "aku" ora ketemu karo Pak Wirya nganti nggoleki nganti tekan pinggire lapangan golf, yaiku .....
    a. rong taun.
    b. telung sasi.
    c. rong mingu.
    d. telung dina.

9. [illegible] … .
    a. [illegible]
    b. [illegible]
    c. [illegible]
    d. [illegible]

10. Pak Wirya olehe ora ana iku pranyata amarga diajak putrane … .
    a. golek penggawean ana ing singapura.
    b. tindak menyang Batam.
    c. nyambut gawe ana ing perusahaan Singapura.
    d. mlaku-mlaku ana ing Batam lan Singapura.

B. Kanthi migatekake cerkak "Aku Durung Kalah" wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki !

1. Apa tema crita cekak ing dhuwur iku ?
2. Kepriye alur lan *seting*e crita iku ?
3. Sapa bae paraga kang ana ing crita iku ?
4. Tulisen nganggo aksara Jawa pethikan crita cekak iki : Wis meh rong minggu iki ora keprungu swara mbrenginging, saka grobag puthune Pak Wiryo.
5. Pitutur lan pesen apa kang bisa kapethik saka cerkak iku?

WULANGAN 2
BUDAYA

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional.	1.1.1 Berdoa dengan bahasa daerah 1.1.2 Menyapa dengan bahasa daerah
1.2 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.	1.2.1 Mensyukuri keberadaan bahasa daerah. 1.2.2 Bercakap-cakap dengan bahasa daerah sebagai rasa syukur pada Tuhan Yang Maha Esa.
2.3 Memiliki perilaku demokratis, kreatif, dan santun dalam berdebat tentang kasus atau sudut pandang.	2.3.1 Memiliki perilaku kreatif dalam berbahasa daerah. 2.3.2 Memiliki perilaku demokratis. 2.3.3 Membiasakan perilaku santun dalam berbahasa.
3.1 Mengidentifikasi struktur dan unsur kebahasaan dalam teks sesuai ragam bahasa dan gaya berbahasa *(basa rinengga/ lalongèt*)	3.2.1 Mengidentifikasi berbagai jenis ragam bahasa dalam teks. 3.2.2 Mengidentifikasi berbagai jenis gaya bahasa *(basa rinengga/ lalongèt*) dalam teks. 3.2.3 Menganalisis struktur teks yang memuat ragam bahasa dan gaya bahasa *(basa rinengga/ lalongèt*). 3.2.4 Menjelaskan makna *paribasan/ parèbhâsân* yang terdapat dalam teks
4.1 Menulis berbagai bentuk kalimat dengan menggunakan ragam bahasa dan gaya berbahasa *(basa rinengga/ lalonget)*	4.2.1 Membuat kalimat menggunakan gaya bahasa *(basa rinengga/ lalongèt*)

	4.2.2. Membuat paragraf menggunakan kalimat yang memuat *paribasan/ parèbhâsân .* 4.2.3 Membaca teks yang memuat memuat *paribasan/ parèbhâsân*

Mbabar Wawasan

Gambar 1



Gambar 2




Gambar 3



Gambara 4



Gambar 5



Gambar 6



1. Gambar-gambar ing dhuwur setitekna!
2. Gambar-gambar ing dhuwur kuwi nggambarake kegiatan apa bae? Critakna siji-siji!
3. Pilahen endi sing rupa kegiatan saben dina lan sifate umum, lan endi sing rupa kegiatan seni, sastra lan budaya! Njlentrehna alasane!
4. Sebutna kegiatan-kegiatan kang meh padha karo gambar kang tau kongerteni, paling sethithik 5 wae!

Kegiatan 1: Wangun Teks Mawa Ragam Basa lan Basa Rinengga.

Gambar-gambar ing dhuwur nuduhake anane maneka warna kegiatane wong Jawa sing ana gandheng-cenenge karo kegiatan saben dina, adat istiadat, lan seni budaya. Sing dadi sarana paling wigati yaiku kabeh kegiatan mau migunakake basa, mligine basa Jawa.

Basa Jawa mujudake alat komunikasi lisan lan tulis, kang digunakake wong Jawa ing pasrawungan saben dinane, ora gumantung ana ngendi wong Jawa mau manggon. Basa Jawa uga sarana kanggo mujudake kaprigelane wong Jawa anggone olah rasa, karsa, lan jiwa. Kaprigelan olah basa mau antarane siji-sijine wong mesthi beda, mula nuwuhake ragam basa lan rerengganing basa (gaya bahasa) saben uwong sing uga beda. Kanthi pilihan ragam basa kang trep lan rerengganing basa sing mranani basa Jawa minangka sarana komunikasi bisa nuwuhake kahanan komunikasi sing lancar.

a. Ragam Basa

Ragam basa gegayutan karo basa mau apa, kepriye, sapa, kapan, lan ana ngendi basa mau digunakake manut keperluane. Mula ragam basa kuwi bisa kapilah-pilah manut dhaerah utawa wilayahe, situasine, lan panganggone. Ragam basa Jawa, yen dideleng saka wilayahe diarani dhialek, tuladhane ing Jawa Timur, ana dhialek, Surabayan, Malangan, Bojonegoroan, lan sapanunggalane. Yen dideleng saka kahanane bisa kapilah basa formal lan informal.

Dideleng saka panganggone, kapilah maneh manut kanggone lan sapa sing nganggo. Manut kanggone awujud basa lisan lan basa tulis. Basa lisan digunakake kanggo sarana komunikasi lisan ing pasrawungan saben dinane. Basa tulis saliyane kanggo komunikasi kanthi tulis, uga ngandharake idhe, panemu, gagasan, lan pamikiran rupa gancaran utawa karya sastra. Dideleng saka sapa sing nganggo, ragam basa gumantung marang tataran pendhidhikan, pakaryan, lan lingkungan minangka titikane saka undha-usuk ing basa Jawa. Pranatane undha-usuk basa Jawa uga diarani **unggah-ungguh basa**.

b. Basa Rinengga

Basa rinengga salah sawijine lelewaning basa (*gaya bahasa*) asil kaprigelan olah basa minangka sarana olah rasa, olah jiwa, lan olah karsa. Lelewaning basa bisa katitik saka pilihan tembung, pangrakite ukara lan wacana, sing tundhone bisa ndadekake tambah endah, nges, lan mentes. Asile bisa wujud

crita- crita lisan sing isih lestari ing satengahe masyarakat Jawa lan tinggalan naskah-naskah karya sastra. Teks-teks sastra mau bisa rupa tembang, serat, lan teks-teks gancaran liyane, sing isine andharan ngenani maneka warna ilmu/kawruh.

Basa rinengga iku basa kang direngga, rengga tegese paes. Basa rinengga tegese basa sing dipaesi utawa dipacaki supaya luwih apik, endah, lan ngresepake. Basa rinengga bisa ditrapake ana ing maneka warna ragam basa, gumantung karo kaperluane. Lumrahe basa rinengga kuwi sing kerep digunakake ana ing karya sastra, antawacana ing upacara adat, antawacana wayang lan kethoprak, sanadyan ing pasrawungan saben dina uga kala-kala bisa ditemoni basa rinengga.

Basa rinengga sing dadi underane rembug ing wulangan iki winates paribasan, bebasan, pepindhan, lan saloka.

1. Bebasan: unen-unen kang ajeg panganggone, duwe teges pepindhan, sing dipindhakake utawa dibandhingake kahanan lan ulah-kridhane manungsa. Tuladhane :
   (1) Nglungguhi klasa gumelar, tegese mung kari nemu penake.
   (2) Suduk gunting tatu loro, tegese tumindak ora bener pisan, njalari kapitunan rong warna.
   (3) Nututi layangan pedhot, tegese mburu barang sepele sing asile ora sumbut karo rekasane.
2. Saloka: unen-unen kang ajeg panganggone, duwe teges pepindhan, sing dipindhakake utawa dibandhingake wonge. Tuladhane :
   (1) Asu belang kalung wang, tegese wong asor nanging sugih bandha donya.
   (2) Cebol nggayuh lintang, tegese wong sekeng/mlarat duwe gegayuhan sing mokal kasembadan.
   (3) Kacang ora ninggal lanjaran, tegese sipate anak ora beda adoh karo sipate wong tuwa.
3. Pepindhan: unen-unen sing duwe teges emper-emperan utawa irib-iriban, diumpamakake kanggo mbangetake, lumrahe nganggo tembung lir, pindha, kadya, kaya, lan liya-liyane. Tuladhane :
   (1) Ketiban ndaru, tegese beja banget.
   (2) Sumbare kaya bisa mutung wesi gligen, tegese kaya ora ana sing bisa ngalahake.
   (3) Srawunge kaya lenga karo banyu, tegese ora bisa rukun.
4. Paribasan: unen-unen sing ajeg panganggone, ngemu surasa wantah. Tuladhane:

(1) Kebat kliwat, gancang pincang, tegese tumindak kanthi kesusu asile ora bakal maremake.
(2) Anak polah bapa kepradhah, tegese tingkah polahe anak dadi tanggungjawabe wong tuwane.
(3) adigang-adigung-adiguna, tegese ngendhelake kekuwatane, keluhurane, lan kepinterane.

Tugas 1 : Nyemak Teks Mawa Ragam Basa lan Basa Rinengga

Teks pacelathon ing ngisor iki wacanen, jingglengana tembung-tembung sing dicithak miring!

Darmi: *Njanur gunung* kadingaren mbakyu, *ketiban ndaru* temen aku. Panjenengan esuk-esuk kok wis tekan kene, gek kok sajak lemes *kaya wayang ilang gapite* ngono, ana kersa apa?
Marni: Iya dhik, mung pengin nggenahake prakara wingi kae lho, aja nganti *kriwikan dadi grojogan*. Aku kuwatir yen nganti ana salah paham.
Darmi: Walah… mbakyu wong prakara sepele bae, *panjenengan* ora perlu kuwatir, wis beres kabeh kok.
Marni: Dadi prakara wingi kae ora ndadekake *pinggete atimu* ta?
Darmi: Ora ….. kanggoku yen dakteruske lara ati, kaya *rebutan balung tanpa isi* bae, ora ana guna manfaate kanggo awake dhewe.
Marni: Matur nuwun ya dhik, apuranen aku, sing mung *kaya belo melu seton*, mung anut grubyuk.

Tugas 2 : Nintingi Ragam Basa ing Teks

Carane nintingi ragam basa ing teks kanthi ndeleng wujude teks, milah-milah tembung-tembung kang digunakake ing teks, lan swasana sing bisa dirasa lan kacipta ing teks.

Tuladha teks ing dhuwur, yen dideleng saka wujude teks, mujudake basa tulis, rupa teks pacelathon, lan kahanane informal/akrab. Pananggone lan pilihane tembung manut unggah-ungguhe diarani basa ngoko alus, amarga tembung-tembunge nganggo tembung ngoko kacampuran tembung krama alus.

Gladhen:

Saben dina kita tansah srawung karo wong liya. Kanggo srawung mau nggunakake basa ngoko utawa krama utawa campuran ngoko-krama. Goleka tembung ngoko lan tembung krama paling sethithik telu-telu, banjur gawenen ukara lan isekna ing tabel iki:

No.	Jinise Tembung	Tuladha Ukarane
1.	Ngoko Lugu	1. .... 2. .... 3. ....
2.	Ngoko Alus	1. .... 2. .... 3. ....
3.	Krama Lugu	1. .... 2. .... 3. ....
4.	Krama Alus	1. .... 2. .... 3. ....

Tugas 3: Nintingi Basa Rinengga ing Teks

Carane nintingi basa rinengga ing teks bisa katitik saka pamilihane lan panganggone tembung sing dudu tembung kang digunakake ing basa padinan.

Ing teks pacelathon kasebut, tembung-tembung kang kacithak miring kayata: *njanur gunung, ketiban ndaru, kaya wayang ilang gapite, kriwikan dadi grojogan, pinggete atimu, rebutan balung tanpa, kaya belo melu seton,* klebu ewone basa rinengga.

Gladhen:
Basa rinengga akeh tinemu ing pasrawungan lan ing teks. Goleka basa rinengga lan gawenen ukara sing becik, banjur isekna ing tabel iki:

No.	Jinise Basa Rinengga	Tuladha Ukarane
1.	Paribasan	1. .... 2. .... 3. ....

2.	Bebasan	1. .... 2. .... 3. ....
3.	Saloka	1. .... 2. .... 3. ....
4.	Pepindhan	1. .... 2. .... 3. ....
5.	Panyandra	1. .... 2. .... 3. ....
6.	Wangsalan	1. .... 2. .... 3. ....
7.	Parikan	1. .... 2. .... 3. ....
8.	Cangkriman	1. .... 2. .... 3. ....
9.	Tembung Entar	1. .... 2. .... 3. ....
10.	Yogaswara	1. .... 2. .... 3. ....

Pepeling

1. Ragam basa manut panganggone minangka sarana komunikasi lisan/tulis sing trep karo unggah-ungguhe kaperang dadi basa ngoko lan basa krama. Yen katitik saka tembung kang digunakake ukara-ukara ing basa ngoko kaperang dadi ngoko lugu lan ngoko alus. Panganggone gumantung marang sapa sing ngomong lan sing dijak ngomong, tegese yen katujokake marang wong liya becike nganggo tembung krama yen kanggo awake dhewe cukup ngoko. Basa krama uga bisa kaperang dadi krama lugu lan krama alus, tegese yen katujokake kanggo wong liya kudu nganggo tembung krama alus, yen kanggo awake dhewe cukup tembung krama lugu.
2. Basa rinengga mujudake kaskayane basa Jawa sing paling aji, kang ora diduweni basa liya. Saliyane kanggo nambahi endah, nges, lan mentes tegese, lumrah kanggo gantine tembung sing dirasa kurang prayoga kang katujokake wong liya, kanthi pasemon, wujud sanepan, paribasan, bebasan, saloka, lan tembung entar.

Kegiatan 2 : Mangun Teks Kanthi Bebarengan

Gatekna wacan iki kanthi permati!

Bapak Polah Anak Kepradhah

Dening : Anjrah Lelono Broto

"*Pak, njenengan ki mbok ya nyebut*. Mungsuh Mas Hadi kuwi kaya *timun mungsuh duren*! Meh sewulan kepungkur, Ali manek-manekake ngudhari apa kang bruwet ing sirahe menyang bapake. ….

Kelincipen. Meh wae ukara iku mlumpat saka lambene Ali. Ning nyawang raine bapake sing semangat makantar-kantar, Ali ora mentala. *Mantan lurah sing dikojahake bapake mau pancen wong sugih mblegedhu, sawahe pirang-pirang hektar, sapine kang diparon-paronke mblasah neng ngendi-endi*. Malah mantan lurah kidul kali kuwi duwe anak-duwe mantu pegawe bank. Nyendhal dhuwit satus rong atus yuta paribasane *suwe mijet wohing ranti*. Sinambi watuk-dhehem sethithik akeh caire.

Ora nyilikake bapake kang mung jejer bayan lan ngramut sawah warisan *sak ilat* , nanging mbok iyaa bapake iki nggunakake nalare kanthi wening. *Jer basuki mawa bea* jarene. Ing jaman kebak pitukon kaya saiki, apa kang ora kudu dituku dhisik sadurunge diduweni. Pengin dadi PNS wae kudu tuku. Pengin dadi artis ya

kudu tuku. Pengin dadi prangkat desa saiki ya kudu tuku. Apa maneh dadi lurah ? Apa maneh dadi caleg ? Ali asring maca neng koran-koran yen caleg kuwi kudu sangu rekomendhasi saka partai. Kamangka rekomendhasi kuwi isane mudhun yen disinggek dhisik nganggo dhuwit kang ora sethithik.

"Saiki bapake takon, Li. Sejatine kowe iki ndhukung karepa bapak tah ora ? Amarga kawit wingi-wingi daksawang kayane kok *setengah hati*, melu-melu melekan, ngrukuni tim sukses-e bapak, uga ngrewangi ibumu lan wong-wong ing pawon…" Ali ora gage kumecap. *Lambene kaya kinonci gembok waja*. Lamat-lamat swara adzan Isya' saka masjid wiwit *mampir ing kuping*. " Yen bapak kepenak uripe, ibumu, kowe, lan sedulur-sedulur liyane rak ya melu ngrasakake ta, Li ? "

"*Kula ndherek mawon, Pak. Namung, kula wiwit kraos yen kantun pelajaran sekolah, gara-gara asring melekan*, " saute Ali meh ora keprungu. ….

"Kayadene paribasan lawas sing saiki kuwalik. *Yen bapak polah kuwi anake ya kudu melu kepradhah*. Hahahaha……." guyune bapake Ali keprungu *kaya gludhug ing mangsa kesanga-kesepuluh*. Rasane keprungu tekan omahe Mas Hadi, rivale bapake Ali kang mung dipisahake dalan. ….

****

Pindha layangan tanpa tali kang kagawa angin menyang ngendi-endi, awake Ali krasa entheng. Ngleyang. *Pindha rante sepedha kurang oli*, balungane awake Ali nyuwara pating kriyet nuduhake nemene kesele. Ali kang nduweni awak ngiyeyet kuwi *kaya-kaya kari balung karo entut*, amarga karamean ing omahe saben wengi. Ali nyelehake bokonge sing tepos ing bangku kelas. Kelas isih sepi, iki mau dheweke gage budhal sekolah sakdurunge keri kaya wingi gara-gara ngrewangi ibune nyepakake suguhan kanggo dhayohe bapake sing rina wengi ngleset ing teras omahe.

Ali pancen jan kesel sapol-pole. Wis karo tengah minggu iki, dheweke kurang turu amarga karepe bapake. Bapake kang wis mataun-taun pinercaya pendhudhuk kampunge jejer bayan iku nduweni karep kang luwih. Karepe bapake Ali iki ora kena sinangga entheng kanggone Ali sagotrah. Bapake pengin macung lurah jroning pilkades taun iki. Keneng apa ora kena sinangga entheng ? Amarga kang dadi mungsuhe kuwi lurah dhongkol kang kena diarani *isih trahing kusuma rembesing madu….*

Tugas 1: Nintingi Ragam Teks Mawa Ragam Basa

Tindakna pakaryan iki:

1. Teks ing dhuwur wacanen lan jingglengana bebarengan!
2. Bebarengan karo klompokmu, tulisen uga ukara-ukara sing kacithak miring, aranana klebu ragam basa apa, jlentrehna alasane kaya tuladha!

Pak, njenengan ki mbok ya nyebut. Mungsuh Mas Hadi kuwi kaya *timun mungsuh duren!*
Ukara kasebut nggunakake basa ngoko alus, sebab tembung-tembunge campuran tembung ngoko lan krama (njenengan, tembung wancahan saka panjenengan).

3. Cuplikan crita cekak ing dhuwur wujud tuladhane jinis teks sing jangkep ragam basane manut unggah-ungguhe. Bebarengan karo klompokmu goleka tuladha teks liyane, umpamane cerkak, cerbung, pacelathon, tembang apa jinis teks liyane sing bisa kokpilah-pilah ragam basane manut unggah-ungguhe. Teks difotocopi, dikumpulake bebarengan karo klompok liyane, banjur dikliping lan dijilid.

Tugas 2: Nintingi Teks Mawa Basa Rinengga

Tindakna pakaryan iki:

1. Teks kanthi irah-irahan "Bapak Polah Anak Kepradhah" wacanen maneh.
2. Tembung lan ukara sing dicithak miring sing wujud basa rinengga tulisen, aranana jinise, jlentrehna tegese, kaya tuladha!
   - *Pak, njenengan ki mbok ya nyebut*. Mungsuh Mas Hadi kuwi kaya *timun mungsuh duren*! Timun mungsuh duren: saloka, tegese wong cilik mungsuh wong sing duwe panguwasa.
3. Goleka tuladhane basa rinengga 10 (bisa paribasan, saloka, bebasan, tembung entar) saka sumber liyane. Tegesana, banjur gawenen ukara salaras karo tegese, kaya tuladha ing ngisor iki!
   - Marni kuwi bocah ayu sing andhap asor lan jujur, diumpamakake kaya *lahan karoban manis*.
4. Tugas klompok sing wis rampung ditulis rapi ana lembar kerja klompok banjur dikumpulake.

Kegiatan 2: Mangun Teks Kanthi Mandhiri

Gatekna teks ing ngisor iki!

TATA KRAMA

Desa mawa cara, negara mawa tata, unen-unen kalawau trep kaliyan kawontenan ing bebrayan agung masyarakat Jawi. Wonten ing pasrawungan saben dinten tiyang Jawi anggadhahi pranatan ingkang mligi, ingkang kawastanan tata

krama. Wonten ing pranatan tata krama ingkang dados kawigatosan inggih menika raos kurmat dhumateng tiyang sanes mliginipun kangge priyantun ingkang langkung sepuh.

Ing jaman samangke ketingalipun perkawis tata krama sampun boten patos dipuntrapaken, menawi dipuntingali wonten pasrawungan samangke antawisipun tiyang enem dhumateng tiyang sepuh menawi matur njawal kemawon boten migunakaken basa ingkang trep kaliyan pranatan tata krama utawi unggah-ungguh basa, malah kepara murang tata njangkar utawa njambal dhumateng tiyang sepuh, kados sampun kecalan watak andhap asor.

Kawontenan kados makaten kalawau boten murni kalepatanipun lare enem, ananging ingkang nggadhahi tanggel jawab maringi patuladhan supados lare-lare punika anggadhahi tata krama tamtu kemawon tiyang sepuh, utaminipun tiyang sepuh kekalih wonten griya. Menawi tiyang sepuh boten paring patuladhan boten kinten yoga utawi lare enem saged ngetrapaken, awit kacang boten ninggal lanjaranipun.

Tugas 1: Nintingi Teks Mawa Ragam Basa

Tindakna pakaryan iki :

1. Teks ing ngisor iki wacanen lan jingglengana! Dititik saka tembung-tembunge sing dirakit dadi ukara-ukara ing paragrap kasebut klebu ragam basa apa? Jelasna!
2. Tembung-tembung sing dicithak miring golekana tegese nganggo basamu dhewe!

SOLAH BAWA

Trap-trapane undha-usuk ing unggah-ungguh basa Jawa uga nuduhake tataran sopan-santun, keformalan, lan keakraban sing jelas. Nalika *wawan rembug* karo wong liya samesthine tembung-tembung sing dipilih kanggo digunakake disalarakake karo trap-trapane, supaya ing pasrawungan mau sopan-santun, *tata krama*, lan keakraban tetep *diugemi*. Bab iku uga supaya ora dadi *pingget atine* liyan, amarga saka *kaduk wani kurang duga*, angger njeplak anggone ngomong. Saliyane kuwi *solah bawane* awak (*bahasa tubuh*) ugi wigati banget. Solah bawane awak mau nyakup, sirah, awak, tangan, lan sikil.

Solah bawa sing paling wigati tuladhane yaiku mbungkukake awak lan manthuk nalika ketemu wong liya. Nalika ketemu wong sepisanan kudu mbungkukake awak lan manthuk, ngucap salam, lagi salaman yen lanang padha lanang utawa wadon padha wadon. Yen diterusake omong-omongan, praupan lan panyawang kudu adhep-adhepan, aja nganti *mlengos* apa maneh ngungkuri. Tangan aja nganti sraweyan, nanging tlapak tangan tengen nyekel ugel-ugele

tangan kiwa. Yen wong sing diadhepi kuwi tataran sosiale luwih dhuwur, sanajan wis omong-omongan diarah tetep ndhingkluk, kala-kala bae *praupan ndengengek* lan tempuk panyawange, iku minangka tandha hormat. Yen ora mangkono dianggep ora duwe tata krama. Nalika ngomong yen kudu nuduhake samubarang marang sing diajak omong migunakake jempol, ananging yen sing dijak omong wong sing wis akrab bisa migunakake driji panunjuk.

Tugas 2: Nulis Teks Mawa Basa Rinengga

Tindakna pakaryan iki:

1. Gawea teks minimal rong paragrap (2) sing ngemot basa rinengga! Pilihen tema bebas lan ragam basane uga bebas.
2. Teks sing wis dadi ijolna kancamu kanggo diedhit, supaya bisa diwaca lan dipahami.
3. Sarampunge diedhit, dikumpulake, dijilid dadi siji karo tugas klompok.

Pepeling

1. Ragam basa, basa rinengga, lan liya-liyane mujudake kaskayane basa Jawa kang gedhe banget ajine, awit basa Jawa wujud jatidhirine wong Jawa. Basa dadi salah sijine sarana kanggo ngrembakakake seni lan budaya Jawa.
2. Budaya luhur tinggalane para leluhur kang dadi minangka sangune urip rupa pranatan ing pasrawungan yaiku pranatane tata krama lan unggah-ungguh.
3. Pitutur luhur arupa unen-unen lan pasemon karakit ing basa rinengga kang kamot ing karya-karya sastra, lan naskah-naskah liyane.

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 2

A. Pethikan teks ing ngisor iki wacanen sing permati, sabanjure wangsulana pitakon- pitakon kanthi milih wangsulan sing paling bener!

"Wonten enjing ingkang langitipun padhang, Mbok Randha kaliyan putrinipun para kleting ingkang ayu-ayu, inggih menika Kleting Abang, Kleting Biru, Kleting Ungu, lan Kleting Ijo sami ngenggar-enggar penggalih. Wonten nggriya Kleting Kuning olah-olah lan reresik griya piyambakan. Kleting Kuning niku putra tirine Mbok Randha. Pengrengkuhe Mbok Randha dhateng Kleting Kuning niku winastanan *emban cindhe emban siladan*, benten kaliyan putri sanesipun...."

1. Bebasan sing tegese *ora adil,* yaiku ....
   a. Arep jamure ora arep watangane.
   b. Emban cindhe, emban siladan.
   c. Ora uwur ora sembur.
   d. Rebut balung tanpa isi.

2. Paribasan sing tegese *ora duwe apa-apa, ora gelem ikhtiyar nanging kepingin dadi panguwasa*, yaiku....
   a. Adang-adang tetesi embun.
   b. Blilu tau, pinter durung nglakoni.
   c. Cebol nggayuh lintang.
   d. Durung pecus keselak besus.

3. Pepindhan sing tegese *anggone nyambut gawe polahe ora leren-leren siji mari ditandangi, sijine kudu enggal ditandangi maneh,* yaiku kaya....
   a. kuthuk kelangan babon
   b. lintang alihan
   c. ngaru napung
   d. niba nangi

4. Saloka sing tegese *wong asor/ala wewatekane nanging sugih bandha donya,* yaiku ....
   a. Asu belang kalung wang.
   b. Bathok bolu isi madu.
   c. Cecak nguntal empyak.
   d. Dom sumurup banyu.

5. Jinis ragam basa manut panganggone sing trep manut unggah-ungguh yaiku ….
    a. Basa formal-basa informal
    b. Basa tulis-basa lisan
    c. Basa ngoko basa-basa krama.
    d. Basa gancaran-basa sastra

6. Ragam dhialek Surabayaan, Bojonegoroan, Malangan lan sapanunggalane iku pamerange ragam basa sing dititik saka ….
    a. panganggone
    b. wilayahe
    c. sapa sing nganggo
    d. situasine

7. Ragam basa formal lan informal iku ragam basa sing dititik saka ….
    a. panganggone
    b. wilayahe
    c. sapa sing nganggo
    d. situasine

8. Teks "Solah Bawa" ing dhuwur dititik saka ragam basa manut unggah-ungguh klebu ragam basa ….
    a. basa ngoko lugu
    b. basa ngoko alus
    c. basa krama lugu
    d. basa krama alus.

9. Pethikan teks ing dhuwur dititik saka ragam basa manut unggah-ungguh klebu ragam basa ….
    a. basa ngoko lugu
    b. basa ngoko alus
    c. basa krama lugu
    d. basa krama alus

10. Ukara ing ngisor iki sing paling trep manut aturan unggah-unggahe yaiku …..
    a. Kula sampun nyuwun arta, nanging dereng dipunparingi kalih ibu.
    b. Kula empun nedha arta, nanging dereng disukani kalih ibu.
    c. Kula sampun nedhi yatra, ning dereng disukani kalih ibu.
    d. Kula empun nedhi yatra nanging dereng diparingi ibu.

B. Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana sing patitis!

1. Apa sing kok ngerteni ngenani ragam basa! Jlentrehna!
2. Apa sing kok ngerteni ngenani basa rinengga? Jlentrehna!
3. Basa rinengga ing ngisor iki gawenen ukara sing trep karo tegese kaya tuladha!

   Tuladha:

   Polahe wong tuwane kaya gabah diinteri, niba nangi, rina wengi nyambut gawe kanggo nyukupi kebutuhane.

   a. Dikena iwake aja nganti buthek banyune
   b. Kegedhen empyak kurang cagak
   c. Mikul dhuwur mendhem jero
   d. Nguyahi segara
   e. Sadumuk bathuk, sanyari bumi

4. Paragraf ing ngisor iki owahana dadi basa ngoko!

   "Kawontenan kados makaten kalawau boten murni kalepatanipn lare enem, ananging ingkang nggadhahi tanggel jawab maringi patuladhan supados lare-lare punika anggadhahi tata krama tamtu kemawon tiyang sepuh, utaminipun tiyang sepuh kekalih wonten griya. Menawi tiyang sepuh boten paring patuladhan boten kinten yoga utawi lare enem saged ngetrapaken, awit kacang boten ninggal lanjaran. "

5. Tulisen nganggo aksara Jawa kanthi migatekake tandha wacan ing tata tulis aksara Jawa.

   Marni: Iya dhik, mung pingin nggenahake prakara wingi kae lho, aja nganti kriwikan dadi grojogan, aku kawatir yen nganti ana salah paham.

   Darmi: Walah… mbakyu wong prakara sepele bae, panjenengan ora perlu kuwatir, wis beres kabeh kok.

WULANGAN 3
INDHUSTRI

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembang-kan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional. 1.3 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis	1.1.1 Berdoa dengan bahasa daerah. 1.1.2 Menyapa dengan bahasa daerah 1.3.1 Bersyukur atas nikmat dan karunia Tuhan Yang Maha Esa.
2.3 Memiliki perilaku demokratis, kreatif, dan santun dalam berdebat tentang kasus atau sudut pandang. 2.4 Memiliki perilaku jujur dan percaya diri dalam mengungkapkan kembali tujuan dan metode serta hasil kegiatan.	2.3.1 Berperilaku kreatif dalam berbahasa daerah. 2.3.2 Berperilaku santun dalam berwawancara. 2.4.1 Menunjukkan sikap jujur dalam mengungkapkan apa yang didengar dan dipahami dari orang lain dalam wawancara
3.3 Memahami kaidah dalam kegiatan wawancara, dialog, dan diskusi sesuai dengan tatakrama	3.3.1 Mengidentifikasi struktur teks wawancara 3.3.2 Mengidentifikasi unsur kebahasaan dalam teks wawancara 3.3.3 Menjelaskan kaidah penyusunan teks hasil wawancara dengan 5W dan 1H.
4.3 Melakukan wawancara, dialog, dan diskusi sesuai dengan tatakrama	4.3.1 Menyusun pedoman wawancara 4.3.2 Melakukan wawancara dengan narasumber. 4.3.3 Menulis teks laporan hasil wawancara. 4.3.4 Menanggapi teks laporan hasil wawancara temannya

Mbabar Wawasan

Mangsa liburan bocah-bocah sekolah padha ngenggar-enggar ati. Ana sing kemah, piknik, lan sapanunggalane. Setitekna kegiatane bocah- bocah ing ngisor iki sing lagi golek informasi babagan kuliner.
Teks ngisor iki wacanen sing titi!

OLAHAN BANDENG

Tata	:	Kulanuwun, Bu.
Bu Suci	:	Oh, nggih mangga pinarak. Ana perlu apa, Mbak?
Tata	:	Punika kula kaliyan kanca kula kepengin mangertosi kadospundi caranipun ngolah bandeng lan kadospundi caranipun panjenengan masaraken prodhuk olahan bandeng punika.
Bu Suci	:	Oh, iya-iya
Lintang	:	Punapa naminipun prodhuk olahan bandeng ingkang panjenengan prodhuksi punika, Bu?
Bu Suci	:	Akeh, Mbak. Prodhuk olahan bandeng ing kene, kayata; bandeng presto, othak-othak bandeng, bandeng *cabut duri*, abon bandeng, lan sapanunggalane.
Lintang	:	Menawi ingkang kondhang utawi ingkang laris punika prodhuk ingkang pundi, Bu?
Bu Suci	:	Sing paling laris lan sing asring digoleki pelanggan, yaiku othak-othak bandeng.
Tata	:	Kenging punapa othak-othakbandeng punika saged dados prodhuk ingkang laris?
Bu Suci	:	Amarga prodhuk olahan bandeng, mligine othak-othakbandeng iki wujude bandeng sing wis dibumboni lan wis bisa langsung dipangan utawa dikonsumsi dening para pelanggan.
Tata	:	Punapa kemawon bahan-bahan kangge othak-othak bandeng punika?
Bu Suci	:	Bahan-bahane yaiku iwak bandeng, klapa parut sing isih enom, santen, lan endhog.
Lintang	:	Rikala punapa panjenengan miwiti usaha prodhuk olahan bandeng punika?
Bu Suci	:	Usaha iki wiwit ngadeg taun 2002, kira-kira wis ana 13 taun anggonku ngedegake usaha olahan bandeng iki.
Lintang	:	Anggenipun sadean kadospundi caranipun panjenengan masaraken prodhuk olahan bandeng punika?

Bu Suci	:	Sakawit, aku dodol mung neng omah wae lan nggawekake kanca-kanca cedhakku sing ana ing instansi pamerintahan. Banjur, saya suwe saya akeh sing pesen prodhuk iki lan aku mbukak usaha ing omah. Nanging, saiki aku wis bisa ngrembakakake usaha iki amarga anane bantuan saka Dinas Koperindag.
Tata	:	Bantuan ingkang kadospundi wujudipun?
Bu Suci	:	Bantuane kuwi arupa modhal kanggo usaha lan disedhiyani web kanggo promosi prodhuk liwat internet.
Lintang	:	Sasampunipun panjenengan pikantuk bantuan saking Dinas Koperindag punika, kadospundi anggenipun panjenengan masaraken prodhuk olahan bandeng punika?
Bu Suci	:	Prodhuk olahan bandeng iki dakpasarake kanthi cara dikirim menyang toko pusat oleh-oleh, ing pasar *swalayan*, ing *rumah makan*, uga dakkirim ing hotel-hotel. Nanging, uga bisa pesen ing kene.
Tata	:	Inggih, Bu. Maturnuwun sanget sampun ngandharaken kadospundi caranipun ndamel ugi caranipun masaraken prodhuk olahan bandeng punika, Bu.
Bu Suci	:	Iya, Mbak. Aku ya seneng yen ana sing takon-takon ngenani bab iki. Muga-muga saka apa sing dakandharake mau sampeyan paham lan bisa dadi sangune sampeyan mbesuk yen kepengin dadi pengusaha kang sukses.
Lintang	:	Inggih, Bu. Matur nuwun sanget. Mangga, Bu.

Bausastra

pinarak	=	lungguh
nami	=	jeneng
punika	=	iki
menawi	=	menawa
kados pundi	=	kepriye
ngandharaken	=	nerangake, njelasake

Wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki!

1. Teks ing dhuwur nggambarake kegiatan apa?
2. Sapa paraga-paraga sing ana ing teks?
3. Apa irah-irahane teks ing dhuwur?
4. Apa temane teks ing dhuwur?
5. Bocah-bocah padha golek informasi babagan apa?

6. Kepriye carane golek dhata utawa informasi supaya genep?
7. Manut panemumu wong sing golek informasi ing kegiatan kasebut ing teks diarani apa?
8. Wong sing ditakoni lan menehi informasi diarani apa?
9. Manut pamawasmu kepriye basa sing dienggo ing teks?
10. Apa dudutan (*kesimpulan*) teks "Olahan Bandeng" ing dhuwur?

Kegiatan 1: Wangun Teks Wawancara

Wawancara yaiku kegiatan dhialog antarane pewawancara utawa wong sing golek informasi lan narasumber. Pewawancara yaiku pawongan sing golek informasi, dene narasumber yaiku wong sing dadi sumbere pitakonan. Narasumber kudu wong sing ngerti sakabehe informasi sing dibutuhake.

Tujuane wawancara yaiku golek warta, informasi, katrangan ngenani sawenehe bab kanggo kaperluan tartamtu. Tuladha, wartawan kang lagi golek warta, murid-murid kang oleh tugas nindakake panliten, lan sapanunggalane.

Teks wawancara yaiku teks sing nggambarake pacelathon utawa dhialog antarane pewawancara karo narasumber.

Tugas 1: Nyemak Teks Wawancara

Ing ngisor iki ana tuladha teks wawancara, wacanen sing permati!

HOME INDUSTRI KRIPIK GEDHANG AGUNG

Bocah-bocah	:	Assalamualaikum . . .
Bu Ninik	:	Wa'alaikum salam, mangga-mangga pinarak! Hayo..., oleh tugas apa saka sekolahan?
Bocah-bocah	:	Punika lo Bu, kanca-kanca kepengin nyuwun informasi bab kripik pisang prodhuk panjenengan.
Sista	:	Rumah prodhuksi punika dipunparingi nami punapa Bu?
Bu Ninik	:	Dakjenengi "Lestari" mbak, ben usaha iki bisa lestari terus.
Sista	:	Sampun dangu ta Bu, panjenengan mbikak usaha punika?
Bu Ninik	:	Ya wis suwe banget, wong wiwit aku isih cilik kok.
Sista	:	Yuswa panjenengan sapunika pinten bu?
Bu Ninik	:	67 taun.
Sista	:	Kejawi kripik pisang kripik ingkang dipunprodhuksi punika kripik punapa kemawon?
Bu Ninik	:	Kripik pohung, pisang, sukun, tela wungu, lan bothe.

Sista : Kadospundi wiwitanipun kok bu Ninik ngedegaken usaha kripik pisang punika?
Bu Ninik : Wiwitane aku mung mrodhuksi kripik pohung, sebabe wektu kuwi bahan bakune gampang. Nanging sawise kuwi sing dadi unggulan malih kripik gedhang utawa pisang. Sebabe ing dhaerah kene sing diunggulake tanduran pisang.
Desi : Taun pinten panjenengan wiwit prodhuksi kripik pisang punika?
Bu Ninik : Taun 2000 mbak.
Desi : Kados pundi langkah-langkah pandamele kripik bu?
Bu Ninik : Pisang dionceki, diumbah banjur diiris lan diumbah maneh nganti resik. Sawise kuwi dibumboni lan dikum watara 10 nganti 20 menit, banjur digoreng nganggo minyak panas.
Risky : Punapa kemawon raos kripik pisang prodhuk panjenengan bu?
Bu Ninik : Nganti seprene prodhuksine original, rasa asin, manis, pedhes, lan rasa bawang.
Sista : Kadospundi mula bukanipun kok kripik pisang agung saged dados panganan khas ing Lumajang bu?
Bu Ninik : Daerah Lumajang akeh banget ngasilake gedhang agung. Dening masyarakat gedhang mau diolah dadi kripik maneka warna rasane. Pranyata prodhuk mau laris banget ing pasaran, nganti kawentar tekan njaban kutha.
Sista : Punapa wonten variasi raos sanesipun ingkang dipunrembakakaken?
Bu Ninik : Inisiatif kanggo ngembangake variasi rasa wis ana, kayata: rasa coklat, rasa keju, lan rasa balado. Variasi rasa mau wis tau dicoba, nanging kurang disenengi, lan ongkos prodhuksine larang.
Toni : Pisang agung saged didamel punapa kemawon bu?
Bu Ninik : Pancen wiwit biyen gedhang agung wis dadi prodhuk unggulan, diolah dadi nagasari, sale, gedhang goreng, gedhang godhog, lan digawe kripik.
Sista : Kados pundi pengemasanipun bu?
Bu Ninik : Kanggo prodhuk olahan gedhang sing garing, pengemasane jaman biyen nganggo plastik dislomot geni saka lilin utawa ublik. Nanging saiki jaman saya tambah maju, mula pengemasan wis kanthi modern. Aku nggunakake teknologi mesin press. Saliyane iku uga ditambahi merk utawa cap ing kemasane. Senajan biayane pengemasan larang.
Sista : Kados pundi caranipun masaraken kripik pisang punika?
Bu Ninik : Biyen pemasaran bisa nganti Lamongan, Madura, lan sakupenge. Saiki konsumen kang teka ing mrene.

Toni : Biasanipun panjenengan pikantuk order saking pundi kemawon?
Bu Ninik : Paketan Lebaran, Paketan Liburan, Paketan Tamu saka Pemda nalika ana tamu. Kanggo tamu sing wis pirsa kualitas lan rasane kripik "Lestari" bisa mara dhewe.
Sista : Kadospundi prodhuksi kripik pisang ing Lumajang?
Bu Ninik : Prodhuksi kripik gedhang ing Lumajang saya ngrembaka. Jumlah pesenan lan prodhuksi ora sabandhing, luwih akeh pesenane dibandhing prodhuksine. Saiki wis akeh dhaerah-dhaerah saliyane Lumajang kang mrodhuksi kripik, kayata Banyuwangi lan Malang.
Toni :Bu, kula sakanca ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami, panjenengan sampun kersa nampi kanthi sae.
Bu Ninik : Iya nak, padha-padha.
Bocah-bocah : Kepareng nyuwun pamit, assalamualaikum
Bu Ninik : Waalaikumsalam

Bausastra

home indhustri	= indhustri omahan
nami	= nama, jeneng
ngrembaka	= berkembang
pikantuk	= oleh
inisiatif	= panemu, idhe, gagasan

1. Kanggo mangerteni isine wacan, wangsulana pitakon ing ngisor iki!
   1) Bocah-bocah lagi nekani *home industri* apa?
   2) Apa jenenge *rumah produksi* sing lagi diparani?
   3) Apa sing dadi prodhuksi unggulane?
   4) Sapa sing duwe *rumah produksi* mau?
   5) Wiwit kapan bu Ninik mrodhuksi kripik gedhang?
   6) Kepriye bu Ninik anggone masarake kripik gedhang?
   7) Sapa wae sing dadi pelanggan kripik gedhang gaweane bu Ninik?
   8) Olahan kripik gedhang sing paling laris sing nganggo rasa apa? Geneya?
   9) Kepriye carane gawe kripik gedhang?
   10) Geneya kripik gedhang dadi unggulan ing kabupaten Lumajang?

2. Ngringkes isine teks wawancara
   Kanggo mangerteni isine teks wawancara, sawise maca perlu diringkes isine teks wawancara. Coba teks wawancara "*Home Industri* Kripik Gedhang Agung" ringkesen!

Pepeling:


Sajroning nindakake wawancara ana bab-bab sing kudu digatekake, yaiku:

1. Nemtokake tujuan wawancara.
2. Nemtokake topik utawa tema sing arep ditakokake.
3. Nyiapake dhaftar pitakonan minangka pedhoman nalika nindakake wawancara lelandhesan 5W+1H.
4. Nganakake pasetujon karo narasumber kanggo nemtokake papan panggonan lan wektu wawancara.
5. Nindakake wawancara lelandhesan dhaftar pitakonan kang wis disiapake supaya nalika nindakake wawancara bisa runtut lan genep, supaya pitakonan ora ana sing kliwatan. lan wawancara bisa tumata lan munjer.
6. Nulis bab-bab sing penting utawa ngrekam pacelathon.
7. Nggunakake unggah-ungguh sing apik kanggo ngajeni marang narasumber.

Tugas 2: Nyemak Struktur Teks Wawancara

Wacanen sepisan maneh teks wawancara "*Home Industri* Kripik Gedhang Agung". Sawise maca teks wawancara kasebut coba dideleng bagean-bagean kang ana ing teks, yaiku:

a. Idhentifikasi
b. Klasifikasi/dhefinisi
c. Dheskripsi Bagean
   Delengen bagan ngisor iki:



Gladhen:

Wacanen maneh teks wawancara "*Home Industri* Kripik Gedhang Agung", sabanjure pilahen manut strukture:

Struktur teks	Ukara
Idhentifikasi	....
Klasifikasi/ Dhefinisi	....
Dheskripsi Bagean	....

Pepeling:
Struktur teks wawancara kedadean saka:

1. Idhentifikasi
   Yaiku perangan utawa bagean teks sing nerangake titikan (ciri), barang, tandha lan sapanunggalane.
2. Klasifikasi/dhefinisi
   Yaiku perangan teks kang mantha-mantha utawa milah manut jinise utawa klompoke.
3. Dheskripsi bagean
   Yaiku perangan teks sing nerangake gegambaran sing luwih rinci lan cetha.

Tugas 3: Nyemak Unsur Basa Teks Wawancara

Rikala maca teks wawancara "*Home Industri* Kripik Gedhang Agung" kawedhar lumantar maneka-warna jinis ukara. Tuladhane kaya ukara-ukara iki:

a. Ukara Tanduk lan Ukara Tanggap

Ukara-ukara ngisor iki semaken!

1) Aku kepengin *ngembangake* variasi rasa sing wis ana.
2) Aku *nggunakake* teknologi mesin press.
3) Rumah prodhuksi punika *dipunparingi* nami punapa bu?
4) Kripik kang *dirembakakake* pranyata kang paling akeh yaiku rasa asin, manis, lan rasa bawang.

Tuladha ukara ing dhuwur yen dijingglengi kanthi permati katon ana bedane. Ukara nomer (1) lan nomer (2) wasesane migunakake tembung kriya tanduk, yaiku tembung *ngembangake* lan *nggunakake*. Ukara nomer

(3) lan nomer (4) wasesane migunakake tembung kriya tanggap, yaiku tembung *dipunparingi* lan *dirembakakake*.

Pepeling:

Ukara tanduk yaiku ukara sing jejere nindakake pagawean utawa pakaryan. Jalaran nindakake pagawean titikane wasesane migunakake tembung kriya tanduk.
Tuladha:
1. Bu Siti **mundhut** gedhang raja setangkep.
2. Sumantri **nggoleki** adhine.

Ukara tanggap yaiku ukara sing jejere dikenani pagawean utawa pakaryan. Titikane ukara tanggap wasenane migunakake tembung kriya tanggap.
Tuladha:
1. Sapine **diengon** dening Sakri ing pinggir alas Jabon.
2. Kripik gedhang agung **didadekake** unggulan kabupaten Lumajang.

Gladhen:
Gawea tuladha ukara tanduk cacahe 5 lan ukara tanggap cacahe uga 5!

b. Ukara Pitakon

Ukara-ukara ngisor iki semaken!
1) Punapa kemawon raos kripik pisang prodhuk panjenengan bu?
2) Biasanipun panjenengan pikantuk pesenan saking pundi kemawon?
3) Kadospundi caranipun masaraken kripik pisang punika?

Tuladha ukara sing ana ing teks kasebut kalebu jinise ukara pitakon. Diarani ukara pitakon jalaran isine ukara nakokake sawenehe bab. Titikane ukara pitakon yaiku anane tembung pitakon. Jinise tembung pitakon akeh, antara liya: apa, sapa, pira, kapan, kepriye, geneya, ing endi

Gladhen:
Gawea tuladha ukara pitakon cacahe 5 wae!

Tugas 4: Nemtokake Unsur 5W lan 1H ing Teks Wawancara

Wacanen sepisan maneh teks wawancara "Home industri Kripik Gedhang Agung" ing dhuwur. Jingglengana sing titi ing saben pacelathon antarane

pewawancara lan narasumber. Sabanjure dhaftaren ukara pitakon sing ana ing teks wawancara kasebut!

Gladhen:

Tembung Pitakon	**Ukara Pitakon**	**Babagan sing ditakokake**
Punapa	Rumah prodhuksi punika dipunparingi nami punapa bu?	Nakokake barang
....	....	....
....	....	....
....	....	....
....	....	....
....	....	....
....	....	....
....	....	....
....	....	....

Cathetan:
Ana tembung lingga sawetara kang awasana konsonan [n] yen dipanambangi {-ake} utawa {-aken} konsonan [n] liniru dadi [k]. Kaya ta [an+takon+ake] dadi [nakokake], [an+dandan+ake] dadi [ndadakake], lan liya-liyane.

Pepeling:

Unsur 5W lan 1H ing teks wawancara:

1. *What*, tegese apa. Tembung apa gunane kanggo nakokake barang.
2. *Who,* tegese sapa. Tembung sapa gunane kanggo nakokake wong.
3. *Why*, tegese geneya. Tembung geneya, kadhang uga dianggo tembung kena apa, nyangapa gunane kanggo nakokake alasan.
4. *When*, tegese kapan. Tembung kapan gunane kanggo nakokake wayah utawa wektu.
5. *Where*, tegese ing endi. Tembung ing endi gunane kanggo nakokake papan panggonan.
6. *How*, tegese kepriye. Tembung kepriye gunane kanggo nakokake cara.

Kegiatan 2: Nulis Teks Wawancara kanthi Klompok

Ing pasinaon iki para siswa bakal sinau bebarengan sajroning klompok. Gawea klompok, saben klompok anggotane 4-5 siswa.

Tugas 1: Nyusun Pedhoman Wawancara

Sadurunge nindakake wawancara luwih dhisik kudu nyiapake dhaftar pitakonan minangka pedhoman nalika nindakake wawancara. Pedhoman wawancara ditulis lelandhesan 5W+1H. Informasi apa bae sing arep ditakokake gegayutan karo pitakonan apa, sapa, kapan, geneya, neng endi, lan kepriye.

Nyusun dhaftar pitakonan kudu migatekake undha-usuke basa. Undha-usuke basa sing dienggo gumantung sapa narasumbere sing arep diwawancarani. Kejaba kuwi isine pitakonan dicundhukake karo tema.

Gladhen:

Gawea dhaptar pitakonan sing bakal didadekake pedhoman wawancara. Temane yaiku bab indhustri *rumah tangga* utawa *home industri.*

No	Tembung Pitakon	Ukara Pitakon
1	....	....
2	....	....
3	....	....
4	....	....
5	....	....
6	....	....
7	....	....
8	....	....

9	....	....
10	....	....

Tugas 2: Nindakake Wawancara karo Narasumber

Teks wawancara ngisor iki jingglengana bebarengan karo kancamu saklompok. Sabanjure saben klompok nindakake wawancara lelandhesan teks sing wis sumadiya. Tindakna kanthi **tumemen,** aja lali nalika maragakake wawancara kudu ngenggoni **unggah-ungguh** sing apik. **Patrap lan ucap** mono minangka **potret jati dhirine manungsa.**

USAHA JAMU PAREM

Bocah-bocah : Assalamu'alaikum
Bu Atik : Wa'alaikumsalam
Gangga : Saderengipun nyuwun pangapunten, Bu. Kula sakanca ngrusuhi panjenengan.
Bu Atik : Ora dadi ngapa. Ana perlu apa, nak?
Gangga : Kados sampun kula aturaken minggu kepengker, menawi kanca-kanca kepengin wawancara kaliyan panjenengan.
Bu Ati : Oh, iya iya. Apa sing kepengin ditakokake?
Ryan : Babagan punika lho, Bu. Ngengingi jampi prodhuksi panjenengan ingkang sampun kondhang kaloka punika.
Gangga : Nggih, Bu. Kula kepengin mangertosi prodhuksi jampi panjenengan punika diparingi nami punapa?
Bu Atik : Jenenge yaiku Parem Jawa.
Esti : Bahan kangge damel parem punika, punapa kemawon?
Bu Atik : Bahan-bahane, kayata: kunir, asem, uyah, gula Jawa, lan banyu putih.
Ryan : Jampi parem punika saged dipunundjuk sinten kemawon?
Bu Atik : Bisa kanggo sapa wae, bocah enom lan bisa uga kanggo wong sepuh. Wong jamu parem iki jinise ombenan kang seger banget.
Esti : Rikala punapa panjenengan miwiti mrodhuksi jampi parem punika?
Bu Atik : Prodhuksi jamu parem iki wis ana wiwit taun 90-an, dadi kira-kira wis ana 20 taun luwih anggone mrodhuksi iki.
Gangga : Anggenipun sadean jampi punika, kadospundi caranipun panjenengan masaraken prodhuk jampi punika?

Bu Atik	:	Sakawit, ya mung dakiderake turut lurung lan ing pasar-pasar nganggo sepedhah onthel. Nanging, saiki wis oleh bantuan saka Dinas Kopindag, banjur aku bisa ngrembakakake usahaku iki.
Ryan	:	Wujudipun bantuan punika menapa?
Bu Atik	:	Bantuane yaiku awujud modhal lan piranti kanggo ngemas utawa mbungkus jamu parem kuwi mau.
Esti	:	Menawi sampun pikantuk bantuan punika, kadospundi caranipun panjenengan masaraken prodhuk jampi parem punika?
Bu Atik	:	Sawise oleh bantuan saka Kopindag iki, carane masarake prodhuk jamu iki dikirim utawa dititipake ing pasar-pasar *swalayan*, uga bisa ing toko pusat oleh-oleh. Nanging, yen arep tuku prodhuk iki uga bisa ing kene langsung, amarga ing kene uga mbukak toko kanggo ngedol prodhuk jamu parem iki. Istilahe yaiku *Home Industri*.
Gangga	:	Makaten nggih, Bu. Maturnuwun sanget andharanipun panjenengan ngengingi kadospundi caranipun masaraken ugi kadospundi caranipun damel jampi parem punika.
Bu Atik	:	Oh iya-iya. Muga-muga apa sing wis dakandharake mau bisa dadi ilmu tumrap sampeyan kabeh, sapa ngerti mbesuk bisa dadi pengusaha kang sukses.
Ryan	:	Amiiiin, nggih, Bu. Maturnuwun sanget, kula sakanca nyuwun pamit. Assalamualaikum.
Bu Atik	:	Waalaikum salam.

Bausastra

andharan = katrangan
jampi = jamu
babagan = bab
ngengingi = ngenani
damel = gawe
kepengker = kepungkur

Pepeling:
Bab-bab sing kudu digatekake nalika wawancara:
1. Ngerteni sapa sing dijak wawancara, luwih enom, sadrajad apa luwih tuwa.
2. Ngetrapake unggah-ungguh basa cundhuk karo umure narasumber.
3. Yen narasumber lagi omong aja nganti munggel rembug.
4. Pitakon kudu runtut lelandhesan pedhoman wawancara.

5. Migatekake wangsulan saka narasumber.

꧋ꦩꦶꦒꦠꦺꦏꦏꦺꦮꦔ꧀ꦱꦸꦭꦤ꧀ꦱꦏꦤꦫꦱꦸꦩ꧀ꦧꦼꦂ꧉

Gladhen:

Ing pasinaon iki para siswa diajak nindakake wawancara marang pelaku *home industri* ing lingkungane dhewe-dhewe. Kanggo kaperluan wawancara tindakna pituduh-pituduh iki!

1. Nglumpuka karo klompokmu sing wis ana.
2. Goleka narasumber ing sacedhake omahmu sing duwe usaha cilik (*home industri*) ing omahe.
3. Gawea dhaftar pitakonan minangka pedhoman wawancara kanthi wewaton unsur 5W+1H.
4. Tindakna wawancara bebarengan karo klompokmu.
5. Tulisen utawa rekamen asile wawancara.

Kegiatan 3: Nulis Teks Wawancara kanthi Mandhiri

Ing pasinaon iki para siswa bakal ngetrapake nulis teks wawancara kanthi cara mandhiri.

Tugas 1 : Nulis Teks Laporan Asil Wawancara

Amarga kegiatan wawancara iku sipate dhialogis, mula asile kegiatan wawancara kudu dilaporake kanthi dheskriptif.

a. Teknik Nyusun Asile Wawancara

Nulis teks asil wawancara ditindakake sawise nindakake wawancara karo narasumber. Ana bab-bab sing kudu digatekake, yaiku:

1) Teks wawancara ditulis sawise nindakake wawancara.
2) Carane nulis sing takon minangka paraga pewawancara, sing mangsuli dadi paraga narasumber.
3) Olehe nulis ora kena nyimpang saka dhata sing ditulis utawa direkam nalika wawancara.
4) Dhata ditulis kanthi runtut lan ganep manut asil wawancara.

Gladhen:

Tulisen kanthi mandhiri asile wawancara sing wis koktindakake karo klompokmu ing pasinaon sadurunge.

Paraga	Asile Wawancara
....	....
....	....
....	....
....	....
....	....

b. Nulis Laporan Teks Wawancara

Laporan wawancara mujudake ringkesan saka asile wawancara. Tulisan laporan asile wawancara wujud teks dheskriptif. Mula nalika nulis laporan asile wawancara kudu lelandhesan teks wawancara sing wis ditulis kanthi ringkes. Struktur teks laporan asile wawancara yaiku idhentifikasi, klasifikasi/dhefinisi, lan dheskripsi bagean.

Irah-irahan

....

Struktur teks	Dheskripsi
Idhentifikasi	....
Klasifikasi/ dhefinisi	....
Dheskripsi bagean	....

Tugas 2: Nanggapi Teks Laporan Asil Wawancara

Kegiatan ing pasinaon iki para siswa mresentasekake laporan asile wawancara. Nalika presentasi, klompok liya bisa aweh panyaruwe, wujude pitakonan utawa saran amrih prayogane utawa becike laporan asil wawancara. Supaya luwih cetha gatekna pituduh iki.

Tata cara aweh tanggapan:

1) Migunakake basa sing santun.
2) Manut skenario, yaiku ana sesi presentasi ana sesi pitakon.
3) Yen ana pitakon utawa yen ana sing lagi menehi katrangan ora kena dipunggel utawa diselani.
4) Panemu sing apik ditampa kanthi becik.
5) Yen menehi panyaruwe ora kena nyimpang saka underan dhiskusi.
6) Tujuane menehi panyaruwe kanggo njangkepi laporan asil wawancarane kancane supaya luwih apik.
7) Gunakna ukara sing prasaja lan gampang ditampa.

Gladhen:

Dhiskusekna laporan asile wawancara sing wis kotindakake karo kanca-kancamu. Nalika salah sijine klompok nindakake presentasi, klompok liya menehi tanggapan!

[illegible]

[illegible]

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 3

A. Pilihen wangsulan kang paling bener!

Anik : Kula nuwun.
Pak Karji : Mangga nak, kene mlebu kene.
Anik : Inggih pak, matur nuwun.
Pak Karji : Ana perlu apa kok sajak wigati banget.
Dewi : Punika lho pak, kula pengin ngertos bathik kagungan panjenengan.
Pak Karji : Apa bae sing pengin dingerteni nak?
Anik : ....
Pak Karji : Usaha bathik iki dakjenengake "Sekar Jagad".

1. "Ana perlu apa kok sajak **wigati** banget. " Tembung wigati tegese ....
   a. temenan
   b. gumun
   c. penting
   d. pengin

2. Kanggo nggenepi pacelathon ing dhuwur ukara sing trep yaiku ....
   a. Apa jenenge usaha bathik sampeyan pak?
   b. Punapa naminipun usaha bathik panjenengan pak?
   c. Sinten naminipun usaha bathik panjenengan pak?
   d. Sapa jenenge sing duwe usaha bathik pak?

3. Wong sing dijak wawancara priyayine luwih tuwa, apike nggunakake basa ....
   a. krama alus
   b. krama lugu
   c. ngoko alus
   d. ngoko lugu

4. Ing ngisor iki sing kudu disiapake sadurunge nindakake wawancara, kajaba ....
   a. nemtokake narasumber
   b. nemtokake tema
   c. nemtokake biaya

d. nemtokake tujuan

5. Nalika arep nindakake wawancara kudu nyiapake pedhoman wawancara kang wujude ....
   a. Dheskripsi sing arep ditakokake.
   b. Dhaftar pitakonan sing kanggo takon.
   c. Tape recorder kanggo ngrekam.
   d. Ringkesan materi sing arep ditakokake.

6. Tujuan disusun pedhoman wawancara kaya ing ngisor iki, *kajaba* ....
   a. Supaya anggone nindakake wawancara runtut lan genep.
   b. Supaya ora ana pitakonan kang kliwatan.
   c. Supaya tumindake wawancara lumaku lancar lan mawa arah.
   d. Supaya anggone nindakake wawancara suwe.

7. 1) Kepriye carane ngembangake usaha bathik ”Sekar Jagad” punika pak?
   2) Kados pundi caranipun ngembangaken bathik ”Sekar Jagad”punika pak?
   3) Kenging punapa kok opah buruh awis pak?
   4) Sinten ingkang paring bantuan?
   Ukara pitakon ing dhuwur sing nakokake cara yaiku ukara nomer ....
   a. 1,3
   b. 2,4
   c. 1,2
   d. 3,4

8. Sing klebu tuladhane ukara tanduk yaiku ....
   a. Jamu iki diprodhuksi wiwit taun 2009.
   b. Aku nampa pesenan sawayah-wayah.
   c. Barang dagangan dakkirim seminggu ping pisan.
   d. Kripik rasa original sing paling disenengi konsumen.

9. ꧋ꦗꦩꦸꦥꦫꦺꦩ꧀ꦫꦱꦤꦺꦱꦼꦒꦼꦂ꧈ꦏꦱꦶꦪꦠꦺꦲꦩ꧀ꦥꦸꦃ꧉
   a. Jamu marem lan seger, kasiyate manjur.
   b. Jamu parem rasane seger, kasiyate ampuh.
   c. Jamu karem seger buger, kasiyate ampuh.
   d. Jamu parem sing seger kasiyate manjur.

10. Tembung: *nara sumber* yen katulis aksara Jawa....

    a. ꦤꦫꦴꦱꦸꦩ꧀ꦧꦼꦂ

    b. ꦤꦫꦱꦸꦩ꧀ꦧꦼꦂ

    c. ꦤꦫꦴꦱꦸꦩꦧꦼꦂ

    d. ꦤꦫꦱꦸꦩꦩ꧀ꦧꦂ

B. Wangsulana sing patitis!

1. Sebutna unsur 5W+1H ing dhaftar pitakonan kanggo wawancara. Terangna lan wenehana tuladhane!
2. Gawea ukara pitakon:
   a. Sing nakokake barang cacahe 2.
   b. Sing nakokake cara/proses cacahe 2.
   c. Sing nakokake papan/panggonan cacahe 2.
3. Terangna, bab-bab apa sing kudu digatekake nalika arep nindakake wawancara!
4. Gawea ukara tanduk 2 lan ukara tanggap 2 kanthi migunakake tembung-tembung sing ana gegayutane karo *home industri* !
5. Gawea teks wawancara sing prasaja wae kanthi tema "indhustri"!

WULANGAN 4
I K L A N

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untukmeningkatan pengetahuan dan keterampilanberbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional	1.1.1 Menyapa dengan bahasa daerah 1.1.2 Berdoa dengan bahasa daerah 1.1.3 Mensyukuri keberadaan bahasa daerah
1.2 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.	1.2.1 Mensyukuri keberadaan bahasa daerah. 1.2.2 Bercakap-cakap dengan bahasa daerah sebagai rasa syukur pada Tuhan Yang Maha Esa
2.2 Memiliki perilaku peduli, cinta tanah air, dan semangat kebangsaan atas karya budaya yang penuh makna.	2.2.1 Memiliki perilaku peduli dengan bangga mempelajari berbagai bentuk karya budaya bangsa
2.3 Memiliki perlaku kreatif, tanggung Jawab, dan santun dalam mendebatkan sudut pandang tertentu tentang suatu masalah yang terjadi pada masyarakat dengan menggunakan berbagai ragam bahasa.	2.3.1 Memiliki perilaku kreatif 2.3.2 Memiliki perilaku tanggung jawab 2.3.3 Membiasakan perilaku santun
3.4 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan dalam menulis berbagai jenis surat, iklan, dan reklame sesuai konteks.	3.4.1 Mengidentifikasi berbagai jenis iklan/ reklame. 3.4.2 Mengidentifikasi struktur teks iklan/ reklame. 3.4.3 Mengidentifikasi unsur kebahasaan dalam iklan/ reklame.

	3.4.4 Menjelaskan kaidah penulisan iklan/ reklame.
4.4 Menulis berbagai jenis surat, iklan, dan reklame sesuai dengan kaidah dan konteks	4.4.1 Menulis iklan 4.4.2 Membaca ekspresif iklan/ reklame. 4.4.2 Mengomentari hasil pekerjaan teman

Mbabar Wawasan

Gatekna gambar ing ngisor iki!

1

bakiak asli indonesia

Enak dianggo, Enak ing kanthong

Dijamin ora bakal gela

2.

Dijamin MAK NYUS!

1. Miturut panemumu, gambar ing dhuwur gambar apa?
2. Apa sing ditawakake liwat gambar nomer 1 ?
3. Apa sing ditawakake liwat gambar nomer 2 ?
4. Apa arane iklan kang nduweni tujuan golek keuntungan?
5. Apa ana iklan kang tujuane ora kanggo golek kauntungan?
6. Coba goleka tuladha iklan liyane kaya gambar ing dhuwur!

Kegiatan 1: Wangun Teks Iklan / Reklame

Iklan utawa pariwara yaiku tulisan (bisa dikantheni gambar utawa swara) kang nawakake barang, jasa utawa ajak-ajak. Nawakake tegese ngandhakake barang kang arep didol, kaluwihane apa, lan panganggone (cara nggunakake) kepriye. Dene ajak-ajak karepe ngajak supaya wong sing maca utawa krungu gelem nganggo kanthi cara tuku barang kang ditawakake.

Iklan sing apik kudu bisa narik kawigatene calon pelanggan kanthi maca/krungu, mulane basane kudu pas utawa trep. Pilihan tembung lan ukarane kudu pas miturut pelanggan utawa *pangsa pasar* kang diincer. Upamane sing diincer kalangan nom-noman, basane kudu nganggo basa gaul kang kulina digunakake nom-noman. Menawa kang diarah iku kalangan masyarakat umum, ya nganggo basa kang umum. Ukara iklan kudu ringkes, cetha, cekak aos, lan narik kawigaten. Basane narik kawigaten, tetembungane bisa cumenthel ing pikirane kang maca supaya ora gampang lali banjur yen sawayah-wayah butuh barang kaya kang ditawakake enggal kelingan banjur tuku barang mau.

Tugas 1 : Ngidhentifikasi Jinis Teks Iklan / Reklame

Ing jaman saiki, iklan bisa kapacak ing ariwati, kalawarti, ana maneh sing lumantar radhio, TV, lan internet. Iklan uga lumrah kaandharake liwat medhia cithak lan medhia elektronik. Medhia cithak bisa wujud selebaran, pamflet, baliho, ariwarti, lan kalawarti. Dene medhia elektronik yaiku televisi, radhio, lan internet. Ariwarti yaiku layang kabar kang metune/terbite saben dina, dene kalawarti yaiku layang kabar kang metune/terbite kala mangsa, bisa seminggu pisan, setengah sasi pisan, utawa sesasi pisan.

Tuladha iklan/ reklame iki wacanen lan tintingana!



Gladhen:

1. Apa sing diarani iklan / reklame iku?
2. Apa bae tujuane wong masang iklan?
3. Apa bae media sing bisa digunakake kanggo nyiarake iklan?
4. Jelasna kepriye bedane iklan kang digiyarake lewat media cithak lan iklan kang digiyarake lewat media elektronik!
5. Miturut panemumu, kepriye basa sing digunakake iklan ing dhuwur?
6. Gambar iklan kasebut isine medharake bab apa?

Kejaba tuladha iklan kang kapacak ing medhia cithak, ana uga tuladha iklan kang kagiyarake lumantar medhia elektronik (radhio, TV), uga *internet*). Gatekna uga tuladha transkripsi teks iklan kang biasane kagiyarake ing medhia radhio:

IKLAN "TOLAK ANGIN KOMPLIT"

Bapak : " Adhuh bune, awakku kok pegel kabeh. "
Ibu : "Kena apa ta pakne? "
Bapak : "Ora ngerti aku, apa jalarane rasane kok kaya masuk angin. "
Ibu : "Oalah bapakne masuk angin ta! "
Bapak : "Iya bune, awit wingi bengi bali saka Pasuruan ngeterke barang dagangan. "
Ibu : "Iku pakne mesthi lali ngunjuk obat. "
Bapak : "Iya bune, ben cepet mari diapakna ya, dipijeti wae piye bune? "
Ibu : "Oalah gampang yen soal pijet, iki dakgawekake unjukan dhisik, supaya ilang rasa pegel-pegele. "
Bapak : "Apa iku bune? "
Ibu : " Iki lho pakne, Jamu *Tolak Angin Komplit*, obat herbal kanggo masuk angin, mendhakake weteng kembung, weteng lara, nglegakake tenggorokan, njaga kasarasan awak sarta apik diunjuk nalika tindakan, awak sayah lan kurang turu. Obat iki digawe saka bahan alami kayata minyak adas, kayu ules, godhong cengkeh, meniran, jahe lan madu. Ayo pakne diunjuk saiki supaya enggal waras."
Bapak : "Wah enak tenan bune, awak krasa seger buger kaya lebar dipijeti wae. "
Ibu : "Bener ta omongku pakne, awak dadi seger buger amarga ngunjuk Tolak Angin Komplit. "
Bapak : " Wes ewes ewes...., bablas angine.....! "

Gladhen:

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa isine teks iklan ing dhuwur?
2. Apa tujuan sing diancas kanthi iklan kasebut?
3. Apa medhia sing cocog kanggo nggiyarake teks iklan ing dhuwur?
4. Terangna apa bedane iklan kang migunakake medhia cithak lan medhia elektronik!
5. Kepriye panemumu ngenani basa sing dienggo ing iklan kasebut?

Miturut ancas utawa tujuane, iklan dibedakake dadi:

1. Iklan Komersial

Iklan komersial mengku tujuan kanggo nawakake sawijine prodhuk barang lan jasa. Lire ndayani masyarakat minangka *pangsa pasar* supaya ketarik, rumangsa butuh, lan wusanane gelem tuku utawa nggunakake barang lan jasa sing ditawakake.

Tuladhane: iklan kang isine nawakake panganan, obat, klambi, lan sapanunggalane.

2. Iklan Layanan Masyarakat

Iklan layanan masyarakat minangka perangan saka kampanye sosial kang tujuane adol gagasan kanggo kepentingan sosial lan pelayanan tumrap masyarakat. Biasane arupa ajakan, pranyatan, utawa *himbauan* marang masyarakat kanggo nindakake utawa nyegah sawijining pakarti kanggo kepentingan umum.

Tuladha iklan layanan masyarakat, umpamane: ajakan supaya ora mbuwang larahan sembarangan, milah larahan miturut jinie, nyegah *perkawinan dini*, milih kontestan tartamtu samangsa dianakake pemilihan, lan sapanunggalane.

Miturut fungsine iklan dibedakake dadi 3 golongan, yaiku:

1. Iklan Informatif

Iklan informatif nduweni ciri-ciri kaya ing ngisor iki :

a. Duwe pamrih kanggo nyiptakake kesadharan, menehi informasi, lan ngenalake prodhuk anyar utawa njelasake keunggulan prodhuk sing wis ana.
b. Menehi informasi manawa dumadi owah-owahan rega, kemasan utawa owah-owahan liyane tumrap prodhuk sing wis ana.
c. Njelasake tata rakit sawijine prodhuk barang utawa jasa.
d. Ngurangi rasa was sumelang tumrap konsumen samangsa dumadi perubahan tumrap prodhuk tinamtu.

Mesthine kabeh mau kanthi tujuan supaya konsumen ora banjur pindhah marang prodhuk liyane.

2. Iklan Persuasif

Iklan persuasif nduweni ciri kaya ing ngisor iki:

a. Tujuane kanggo narik kawigaten lan ndayani konsumen supaya ketarik marang prodhuk sing diiklanake.
b. Ngowahi persepsi konsumen, saengga sing maune ora kenal malih kenal, sing maune ora ketarik malih ketarik, sing maune anti pati malih dadi ketagihan marang prodhuk sing diiklanake.

c. Ndayani marang konsumen sing pancen wis ketarik enggal tuku barang sing diiklanake.

3. Iklan Reminder

Iklan reminder nduweni ciri-ciri:

a. Tujuane kanggo nggiring konsumen supaya enggal tuku prodhuk sing diiklanake.
b. Ngelingake konsumen manawa sawijine wektu bakal mbutuhake banget marang prodhuk sing diiklanake.
c. Ngelingake konsumen ing ngendi bisa tuku/golek barang sing dibutuhake.
d. Ngrangkul konsumen supaya tansah setya dadi konsumen prodhuk sing diiklanake.

Miturut medhia kang digunakake kanggo masang iklan, dibedakake dadi loro (2), yaiku *Iklan above the line* lan *Iklan below the line.*

1. *Iklan above the line* yaiku iklan kang migunakake medhia massa. Maksude khalayak sasaran kang diancas jumlahe gedhe kanthi isi lan pesan kang kanggo wong akeh (*serempak*). Medhia kang kalebu kategori iki yaiku surat kabar, majalah, tabloid, televisi, film, radhio, dan internet.
2. *Iklan below the line* iku iklan kang migunakake medhia khusus. Kang kalebu iklan jinis iki yaiku: leaflet, poster, spandhuk, baliho, *bus panel, bus stop, point of purchase (POP), sticker, shop sign, flayers, display*, lan sapanunggalane.

Tugas 2 : Nintingi Struktur Teks Iklan / Reklame.

Ing kegiatan iki para siswa diajak mangerteni struktur teks iklan utawa reklame. Sawise njingglengi gambar iklan ing dhuwur, diajab kowe kabeh bisa mangerteni perangan teks kang awujud: *headline, subheadline, amplifikasi, tagline* lan *productshot.*

1. *Headline*, yaiku perangan iklan kang pancen sengaja ditonjolake. Pamrihe supaya iklan narik kawigaten para pamiarsa minangka punjer utawa intine iklan. Ora kudu manggon ana ing awal tulisan, nanging sing baku dadi titik awal utawa kang sepisanan dikenali dening pamiarsane.
2. *Subheadline*, yaiku perangan iklan kang nerangake pokok-pokok iklan sing dianggep wigati. Lumrahe nerangake ngenani keunggulan prodhuk barang utawa jasa sing diiklanake.
3. *Amplifikasi*, yaiku naskah utawa teks iklan kang ngiringi *headline*. Kerep diarani *bodicopy* utawa *bodi teks*. Perangan iki mengku karep menehi katrangan luwih rinci.

4. *Tagline,* yaiku slogan utawa basa rinengga kang wujud ukara cekak aos kang nuduhake spirit, kualitas, lan keunggulan prodhuk.
5. *Productshot*, yaiku gambar utawa *brand* sing ditawakake.

Iklan sing apik kudu bisa ditampa masyarakat lan salaras karo kearifan lokal. Supaya ditampa masyarakat, mula kudu netepi limang prakara, yaiku: *attention* (perhatian), *interest* (menarik), *desire* (keinginan), *conviction* (rasa percaya), lan *action* (tindakan).

Atention (*perhatian*), tegese iklan sing apik kudu bisa narik kawigatene masyarakat. Mula saka iku, iklan mbutuhake dhesain mirunggan, wiwit ukuran, rupa/warna, panggonan, jinis tulisan, lan swara-swara tartamtu jumbuh karo medhia sing digunakake.

Interest (*menarik*), lire iklan kudu bisa agawe kesengsem tumrap konsumen kang tundhone kepengin nduweni. Kanggo iku iklan kudu bisa ngundhakake rasa kesengseme konsumen mau dadi rasa pengin ngerteni kanthi permati lan enggal tuku barang utawa jasa sing diiklanake.

Desire (*keinginan*) lire kanthi maca iklan kasebut bisa nuwuhake pepinginan konsumen enggal nduweni.

Conviction (*rasa percaya*) yaiku nuwuhake rasa percaya diri (sembada) marang konsumen sawise migunakake barang utawa jasa kang diiklanake.

Action (*tindakan*) tegese nuntun konsumen enggal-enggal nduweni/ migunakake barang lan jasa sing diiklanake.

(Sumber : Kasali, Renald. 1995., "Manajemen Periklanan: Konsep dan Aplikasinya di Indonesia", Jakarta: Grafiti)

Gladhen:

1. Jingglengana tuladha iklan ing ngisor iki!



2. Saka gambar iklan ing dhuwur, jelasna perangan iklan/ reklame endi sing kalebu:
   a. Headline : ....
   b. Subheadline : ....
   c. Amplifikasi : ....

d. *Tagline* : ....

e. *Prodhuk shot* : ....

Tugas 3 : Nintingi Unsur Basa ing Teks Iklan / Reklame

Panganggone basa ing penulisan iklan kudu migatekake ruwang lan wektu, amarga gumantung marang medhia kang digunakake kanggo nggiyarake utawa ngandharake. Dene undha-usuking basa kang digunakake nyalarasake marang sapa sasaran iklan mau ditujokake. Dadi kabeh strata basa digunakake.

Ana sawetara kriteria basa kang kudu digatekake kanggo ngasilake iklan sing apik. Basa sing digunakake kudu nduweni sifat:

1. Informatif tegese tembung-tembunge jelas, cekak aos, lan ora mbulet.
2. Persuasif tegese rakitan ukarane iklan bisa ngowahi panemune wong kang krungu utawa maca iklan saengga dadi percaya marang barang sing diiklanake.
3. Komunikatif tegese basa sing digunakake gampang dimangerteni dening pamiarsa.
4. Sugestif tegese basa sing digunakake bisa ndayani pangrasane wong sing krungu utawa maca dadi kesengsem marang barang sing diiklanake.

Cekake basa iklan kudu cekak aos, pantes, mentes, lan nengsemake. Basa apa sing lumrah kagunakake kanggo nulis iklan?

Iklan sing paling akeh kita temoni umume nggunakake basa Indonesia. Masyarakat Jawa umume kalebu penutur *bilingual*, malah uga *multilingual*. Tegese dudu mung bisa srawung nggunakake basa Jawa bae, nanging uga minangka penutur aktif basa Indonesia, malah uga nguwasani sawetara basa daerah lan basa manca liyane. Mula basa sing digunakake ing iklan kudu cundhuk karo basa sing dimangerteni masyarakat sasaran. Kanggo penutur basa Jawa, basa ing iklan nggunakake basa Jawa.

Gladhen:

Goleka tuladha iklan saka media cithak utawa medhia elektronik. Sabanjure tintingana unsur basa kang digunakake ing iklan/ reklame kasebut!

Tugas 4 : Nintingi Ukara Hagnya lan Ukara Sambawa

Iklan/ reklame lumrahe nduweni tujuan kanggo mangaribawani lan ngajak masyarakat supaya ketarik marang apa kang diiklanake. Yen kita nintingi jinise ukara, ana jinise ukara kang surasane prentah utawa pakon utawa pangarep-arep, yaiku ukara hagnya lan ukara sambawa.

1. Ukara Hagnya

Ukara hagnya, yaiku ukara kang ngemu surasa prentah utawa pakon marang wong liya supaya nindakake kaya isi/surasane ukara mau. Ukara iki nduweni intonasi dhewe, ora padha karo intonasi ukara andharan lan pitakon. Ciri liyane yaiku anane tandha 'penthung' utawa panyeru ing pungkasane ukara (!).

Tembung-tembung kang bisa ngasilake rimbag hagnya iku ana papat, yaiku: menawa tembung lingga oleh panambang –a, -na, -ana, lan –en. Tuladhane ing ukara kaya ing ngisor iki:

a. Rek, aja lali sinaua !
b. Widari, tulung pundhutna garisan iku, ndhuk!
c. Ayo, yen pancen wani, tandhingana aku!
d. Lawang nomer telu kae bukaken!

2. Ukara Sambawa

Ukara sambawa, iku ukara kang migunakake tembung sambawa. Tembung sambawa yaiku tembung sing oleh panambang /-a, -na, -en, lan –ana/ nanging tegese dudu prentah. Biasane ana ing ukara lumrah, panambang –a, -na, utawa –ana iku nduweni teges prentah/pakon.

Tuladhane:

tuku + -a = tukua (ngongkon supaya tuku)
tulis + -na = tulisna (ngongkon supaya nulisake)
sapu + -ana = saponana (ngongkon supaya nyaponi)

Ananging ana ing ukara sambawa, panambang –a, -na, utawa –ana ora nduweni teges prentah kaya ing ukara lumrah/biasane.

Ukara sambawa iku nduweni teges kaya ing ngisor iki:

1. Sanajan

Tuladha:

a. **Udana** kaya ngapa bapak tetep tindak pasar.
   Tembung *udana* saka tembung lingga *udan* + -a. Panambang –a ing tembung iku ora nduweni teges akon supaya udan, nanging nduweni teges sanajan. Dadi ukara lumrahe saka ukara sambawa iku:
   → Sanajan udan kaya ngapa bapak tetep tindak pasar

b. **Bagusa** kae yen ora tau gelem ngibadah ya padha wae aku ora seneng.
   → Sanajan bagus kae yen ora tau gelem ngibadah ya padha wae, aku ora seneng.

2. Umpama

Tuladha:

Sinaua rada suwe aku mau entuk biji apik.
→ Umpama sinau rada suwe aku mau entuk biji apik.

Nggawaa payung aku ora bakal teles ngene iki.
→ Umpama nggawa payung aku ora bakal teles ngene iki.

3. **Pangarep-arep/muga-muga**

Tuladha:
Sikilku ndang **maria**, aku bisa bal-balan maneh.
→ Sikilku muga-muga ndang mari, aku bisa bal-balan maneh.
Bapak **kondura**, aku bisa matur bab iki.
→ Bapak muga-muga kondur, aku bisa matur bab iki.

4. **Mokal / mustahil**

Mokal utawa mustahil iku tegese ora mungkin kedadean.
Tuladha:
Narti maneh lulusa, Wahyuni sing pinter wae ora bisa.
→ Narti ora mungkin bisa lulus, wong Wahyuni sing pinter wae ora bisa.
Kowe maneh diwenehana, aku sing paling cedhak wae ora mambu.
→ Kowe maneh ora mungkin diwenehi, aku sing cedhak wae ora mambu.

Gladhen.

Ukara-ukara sambawa ing ngisor iki nduweni teges apa, lan gawenen ukara lumrahe!

1. Mangana akeh yen pikirane ora tentrem, awake ora bakal bisa lemu.
2. Mengko sore udana ya, hawane ora panas.
3. Tangia luwih mruput mau aku ora telat ngene iki.
4. Nulisa yen ora tau diwaca ya ora ana gunane.
5. Dheweke maneh ngertia, aku sing kanca cedhake wae ora dikandhani.
6. Diterangna ping pitu, wong dhasare ora nggatekake ya tetep ora mudheng.
7. Gawea tuladha ukara sambawa kang nduweni teges:
   → sanajan
   → umpama
   → pangarep-arep
   → mokal

Pepeling!

Ukara hagnya,iku ukara kang isine prentah. Umume nggunakake tembung hagnya. Tembunge oleh panambang: -a, -na, -en, -ana, lan ateges prentah. Dene ukara sambawa iku ukara kang ngemu teges: sanajan, saupama, lan pangarep-arep. Migunakake tembung hagnya, lagi dimangerteni manawa wis manggon ing ukara gramatik

Kegiatan 2: Nulis Iklan Kanthi Klompok

Tugas 1: Nintingi Teks Iklan

Ana sawetara kaidah kang kudu digatekake nalika nulis iklan, yaiku:

1. Migunakake tetembungan kang narik kawigaten
2. Ukarane cekak aos, pantes, lan mentes
3. Bisa ngyakinake manawa migunakake prodhuk lan jasa sing diiklanake bakal migunani
4. Migunakake tembung hagnya

Tuladha kaya iklan ing ngisor iki:

1.

Bal "Mitre"

MANGGA-MANGGA PARA SEDULUR, TUKU BAL "MITRE".

DIJAMIN KUALITASIPUN MANTEP!!

regane murah

Kualitas OK..

TOKO "EMAK SPORT" , INGKANG ALAMATIPUN WONTEN JALAN GOWAH NO.12 UTAWA SAGET PESEN ING M.SONI SETIAWAN (TELPON : 089677465656)

2.

AYO DULUR...

MBUAK LARAHAN NANG PANGGONANE

BY PUSKESMAS SEMPU

Gladhen:

Tuladha iklan ing dhuwur tintingana bebarengan anggota klompokmu miturut struktur teks iklan kang dumadi saka:

a. *Headline* : ....
b. *Subheadline* : ....
c. *Amplifikasi* : ....
d. *Tagline* : ....
e. *Prodhuk shot* : ....

Tugas 2 : Nulis Teks Iklan

Sawise nintingi teks iklan ing dhuwur, bebarengan karo anggota klompokmu, gawea iklan kanggo nawakake prodhuk lan jasa apa bae marang masyarakat kanthi nggatekake paugeran ing dhuwur!

Kegiatan 3: Nulis Iklan Kanthi Mandhiri

Tugas 1: Maca lan Nulis Teks Iklan Nganggo Aksara Jawa

Tindakna pakaryan iki:

1. Iklan ing ngisor iki wacanen, banjur salinen menyang aksara Latin ing buku tugasmu!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

2. Iklan sapada ing ngisor iki salinen nganggo aksara Jawa!

"Mangga, mangga dirahapi: tahu rujak, tahu petis, tahu isi, pisang goreng kremes, bakwan rasa urang, bakwan rasa sapi, bakwan rasa sate cempe, lan liya liyane. Pesenan bisa diterake, cukup ditunggu ana dalem. Hubungi mbak Atik Merakati, Jalan Kertajaya nomer 23 Surabaya"

Pepeling:
Nulis aksara Jawa kudu migatekake tetenger pada, yaiku pituduh mungguh kepriye aturan panulisane. Tetenger pada mau dumadi saka:

1. Adeg-adeg
2. Pada lingsa, pada lungsi
3. Pada pangkat
4. Pada andhap, pada madya lan pada luhur.

Sing ditulis migunakake pasangan dudu aksara mati, nanging aksara sawise aksara mati.

Tugas 2 : Ngomentari Iklan Asil Pakaryane Kanca

1. Teks iklan ngisor iki wacanen kanthi ekspresif!

Mangga, mangga dirahapi: tahu rujak, tahu petis, tahu isi, pisang goreng kremes, bakwan rasa urang, bakwan rasa sapi, bakwan rasa *sate cempe, lan liya liyane*.



Pesenan bisa diterake, cukup ditunggu ana dalem. Hubungi mbak Atik Merakati, Jalan Kertajaya nomer 23 Surabaya

2. Kanggo kanca liyane sing ora maca, rungokna lan wenehana komentar pamacane kancane!
   Bab-bab sing kudu digatekake nalika menehi komentar:
   a. pangucapane/ lafale
   b. intonasi
   c. ekspresi

UJI KOMPETENSI
WULANGAN IV

A. Pilihen wangsulan kang paling bener!

Gatekna iklan ing ngisor iki!

LEMBAGA PENDHIDHIKAN LUAR SEKOLAH **"LPS HANGTUAH"** **PROFESIONAL MENGANTAR ANDA KE DUNIA KERJA**
Bubar lulus SMA? Pengin enggal nyambut gawe? Melu wae kursus! Suwene patang sasi! Dijamin lulus langsung nyambut gawe. Panjenengan rawuh wae menyang lembaga pendhidhikan lan kursus Hangtuah! Nganakake kursus kemaritiman, komputer, montir, *baby sitter*, basa Inggris, basa Jepang, basa Cina, pertukangan, komputer lan teknisi HP. LPS Hangtuah manggon ing Jalan Brajagati No.635 Brujulan, Limbangan Phone: 0294876490 utawa HP: 08735672866 Katrangan luwih gamblang bisa miterang marang Bp. Suminto HP: 0827680345

1. Iklan ing dhuwur isine nawakake ....
   a. panggawean
   b. lembaga kursus Hangtuah
   c. lapangan kerja maritim
   d. jasa komputer

2. Sing dadi sasarane iklan ing dhuwur yaiku ....
   a. kabeh masyarakat
   b. masyarakat sakiwa tengene jalan Brajagati
   c. Masyarakat sing lagi lulus SMA
   d. Bapak Suminto

3. Dene sing ditawakake liwat iklan ing dhuwur yaiku kaya ing ngisor iki, kajaba ....
   a. kursus kemaritiman
   b. kursus pertukangan

c. kursus baby sitter
d. ndandani HP

4. ”LPS HANGTUAH” . Perangan kasebut ing iklan diarani ....
   a. headline
   b. subheadline
   c. tagline
   d. prodhukshot

5. Bubar lulus SMA? Pengin enggal nyambut gawe? Melu wae kursus! Suwene patang sasi! Dijamin lulus langsung nyambut gawe. Panjenengan rawuh wae menyang lembaga pendhidhikan lan kursus Hangtuah! Nganakake kursus kemaritiman, komputer, montir, *baby sitter*, basa Inggris, basa Jepang, basa Cina, pertukangan, komputer lan teknisi HP.

   Perangan ana ing iklan kaya katur ing dhuwur diarani ....
   a. Headline
   b. Subheadline
   c. Tagline
   d. Prodhuk shot

6. Gatekna tuladha iklan ing ngisor iki!

”Aku iki Beja, bener-bener isih Jaka. Beja, Bersih....., Jujur....., lan ...Aja Dumeh. Wong Beja tansah ngunjuk Jamu Beras Kencur Awak Seger Dadi Makmur”

   Perangan Tagline ing iklan dhuwur yaiku ....
   a. Aku iki Beja.
   b. Bener-bener isih Jaka.
   c. Beja, bersih..., jujur...., lan aja dumeh.
   d. Wong beja tansah ngunjuk Jamu Beras Kencur.

7. Iklan kang nduweni titikan/ paugeran kaya ing ngisor iki kalebu jinise iklan....
   - Nduweni tujuan mbentuk kesadharan lan pengetahuan bab prodhuk utawa fitur-fitur saka prodhuk kang wis ana.
   - Njelasna cara kerja prodhuk.
   - Menehi informasi rega lan kemasan prodhuk.
   - Ngoreksi prodhuk.

a. iklan informatif
b. iklan persuasif
c. iklan reminder
d. iklan profokatif

8. Basa sing digunakake kanggo iklan nduweni sifat kaya ing ngisor iki, kajaba ....
   a. persuasif
   b. profokatif
   c. komunikatif
   d. sugestif

9. Basa iklan kang persuasif maksude ....
   a. Bisa mahanani marang kebutuhane konsumen, menehi kawigaten lan solusi tumrap kebutuhan informasi para warga.
   b. Tembung-tembunge jelas, semanak, cekak aos, lan ora mbulet, nganti ngrusak durasi penayangan.
   c. Rakitan ukarane bisa ndadekake *audience* ngrasa kepenak, seneng, tentrem, lan menghibur.
   d. Basa sing digunakake bisa ndayani pamiarsa dadi wuwuh utawa tambah kapercayane, saengga ketarik marang sing diiklanake.

10. Iklan kang duwe tujuan kanggo nawakake sawijine prodhuk barang lan jasa, lire ndayani masyarakat minangka *pangsa pasar* supaya ketarik, rumangsa butuh, lan wusanane gelem tuku utawa nggunakake barang lan jasa sing ditawakake diarani ....
    a. iklan komersial
    b. iklan layanan masyarakat
    c. iklan persuasif
    d. iklan reminder

11. Nyambuta gawe ngrekasa yen durung rejekine ya uripe pancet pas-pasan.
    Tembung: nyambuta gawe ngrekasa ing ukara kasebut tegese ....
    a. saupama nyambut gawe ngrekasa
    b. sanajan nyambut gawe ngrekasa
    c. saupama nyambut gawe ngrekasa
    d. prentah supaya nyambut gawe ngrekasa

12. Tembung kang dirimbag kanthi panambang /-a/ kang ateges sanajan, saupama, utawa pangarep-arep diarani ....
    a. tembung sambawa
    b. tembung hagnya
    c. tembung saroja
    d. tembung kriya

13. Dene tembung kang dirimbag kanthi panambang:-a, -en, -na, lan –ana sing tegese prentah diarani ....
    a. tembung sambawa
    b. tembung hagnya
    c. tembung saroja
    d. tembung kriya

14. [illegible]
    a. Tuku jeli ing warunge pak somat,aja lali sing nomer keramat.
    b. Tuku jeli lan tuku kopat,aja lali sing nomer papat.
    c. Tuku klambi ing pasar tembayat, ngati-ati watuke kumat.
    d. Tuku kwali kanggo nggodhog kopat, aja lali sing nomer papat.

15. [illegible]
    a. Yen Doyok sakit mesthi diombeni jamu beras kencur.
    b. Yen boyok sakit, ngunjuk wae jamu seger waras.
    c. Yeni lan Doyok sakit tumbaske obat cap waras.
    d. Yen simbok sakit mesthi ngunjuk jamu seger waras.

B. Wangsulanana kanthi patitis!

1. Gawea teks iklan siji wae sing isine nuduhake sekolahmu!
2. Apa wae ancase nulis iklan?
3. Terangna nganggo basamu dhewe bab ancase iklan mau kanthi rinci!
4. Terangna struktur teks iklan!
5. Kepriye basa sing dienggo ing teks iklan sing becik? Terangna!

LATIHAN ULANGAN AKHIR SEMESTER GANJIL

A. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Perangane struktur teks crita cekak sing isine nelakake urut-urutane crita, diarani....
   a. tema
   b. alur/ plot
   c. paraga/ pamaragan
   d. latar/ *setting*

2. ”Jeneng asline mono Wira. Embuh Wira sapa, tangga teparone ora ana sing mudheng. Nanging sarehne saben nandangi pegawean apa wae mesthi mung klemar-klemer, mula dening wong-wong banjur diceluk Wira Klemer”.
   Punggelan crita cekak ing dhuwur, manut struktur teks kalebu perangan....
   a. tema
   b. alur/ plot
   c. paraga/ pamaragan
   d. latar/ *setting*

3. ”Pesenan kita diterna pelayan lanang sing seragame rapi, ambune wangi. Langsung bae kita mangan apa sing wis disuguhake pelayan mau.”
   Punggelan crita cekak iki nuduhake *setting* panggonan ing ....
   a. hotel
   b. restoran
   c. gubuk
   d. gedhung

4. ”Mripate Damarjati katon mbrabak krungu critane Sekarwangi. Rasane trenyuh, atine welas marang kenya ayu lan wasis kang lungguh ing ngarepe iku. Sekarwangi duwe gegayuhan bisa sekolah ing SMK jurusan Boga, yen wis lulus banjur bukak rumah makan sing dikemonah kanthi becik lan duwe ciri khas sing bisa narik lengganan. Nanging amarga bapake seda nalika dheweke isih kelas 3 SMP, mula banjur bara menyang kutha kanggo golek dhuwit sing bakal dienggo pawitan nyambut gawe nganti selawase kaya angen-angene.”
   Punggelan crita cekak ing dhuwur, paraga utamane yaiku....
   a. Damarjati
   b. Sekarwangi
   c. Bapake

d. Aku

5. Ngisor iki sing kalebu ukara langsung yaiku ....
   a. “Alah Yan, penting isa mangan enak lak wis,” Gusti nyuwara.
   b. Aku ya ngerti bapake Deni mung pegawe endhek ing pabrik rokok, ibune uga ibu rumah tangga biasa.
   c. Dheweke mung njagakake kiriman saka bapake. Dheweke ya ora entuk beasiswa.
   d. Deni kandha, menawa dheweke oleh rejeki maneh bakal nraktir aku lan kanca-kancaku kabeh.

6. ꧋ꦲꦶꦧꦸꦣꦮꦸꦃꦱꦶꦤꦲꦸꦮꦱꦶꦁꦱꦿꦼꦒꦼꦥ꧀ꦱꦸꦥꦪ ꦧꦶꦱꦢꦢꦶ ꦮꦱꦶꦱ꧀꧉

   Ukara aksara Jawa ing dhuwur unine....
   a. Hibu dawuh sinauwa sing sregep supaya bisa dadi wasis.
   b. Ibu dhawuh sinaua sing sregep supaya bisa dadi wasis.
   c. Ibu dhawuh, sinaua sing sregep supaya bisa dadi wasis.
   d. Hibu dawuh, sinauwa sing sregep supaya bisa dadi wasis.

7. Ing ngisor iki paribasan sing tegese *mung njagakake rejeki utawa asil mung saoleh-olehe* , yaiku ....
   a. Adang-adang tetesi embun
   b. Blilu tau, pinter during nglakoni
   c. Cebol nggayuh lintang
   d. Durung pecus keselak besus

8. Ing ngisor iki pepindhan sing tegese *njarag tumuju marang bebaya,* yaiku kaya ....
   a. kuthuk marani sunduk
   b. lintang alihan
   c. ngaru napung
   d. niba-nangi

9. Ing ngisor iki bebasan sing tegese *rebutan barang sepele* yaiku ....
   a. Arep jamure ora arep watangane
   b. Emban cindhe, emban siladan
   c. Ora uwur ora sembur
   d. Rebut balung tanpa isi

10. Ing ngisor iki saloka sing tegese *gegayuhan kang ora imbang karo kekuwatane,* yaiku ....
    a. Asu belang kalung wang
    b. Bathok bolu isi madu
    c. Cecak nguntal empyak
    d. Dom sumurup banyu

11. Jinis ragam basa manut panganggone sing trep manut unggah-ungguh yaiku ….
    a. Basa formal-basa informal
    b. Basa tulis -basa lisan
    c. Basa ngoko basa-basa krama.
    d. Basa gancaran-basa sastra

12. Ragam dialek surabayaan, bojonegoroan, malangan, lan sapanunggalane, ragam basa sing dititik saka ….
    a. panganggone
    b. wilayahe
    c. sapa sing nganggo
    d. situasine

13. Ragam basa formal lan informal, ragam basa sing dititik saka ….
    a. panganggone
    b. wilayahe
    c. sapa sing nganggo
    d. situasine

14. Nalika ketemu wong sepisanan kudu mbungkukake awak lan manthuk, ngucap salam, lagi salaman yen lanang padha lanang utawa wadon padha wadon. Ukara iki yen dititik saka ragam basa manut unggah-ungguh klebu ragam basa ….
    a. basa ngoko lugu
    b. basa ngoko alus
    c. basa krama lugu
    d. basa krama alus

15. Wonten ing pasrawungan saben dinten tiyang Jawi anggadhahi pranatan ingkang mligi, ingkang kawastanan tata krama. Ukara iki yen dititik saka ragam basa manut unggah-ungguh klebu ragam basa ….
    a. basa ngoko lugu
    b. basa ngoko alus
    c. basa krama lugu
    d. basa krama alus

16. Ukara ing ngisor iki sing paling trep manut aturan unggah-unggah yaiku ….
    a. Kula sampun nyuwun arta, nanging dereng dipunparingi kalih ibu.
    b. Kula empun nedha arta, nanging dereng disukani kalih ibu.
    c. Kula sampun nedhi yatra, ning dereng disukani kalih ibu.
    d. Kula empun nedhi yatra nanging dereng diparingi ibu.

17. Andik : Assalamualaikum
    Pak Danu : Waalaikumsalam, mangga nak, kene mlebu kene.
    Andik : Inggih pak, matur nuwun.
    Pak Danu : Njanur gunung dolan mrene, ana perlu apa kok sajak wigati banget banget.
    Dewi : Menika lho pak, kula sakanca pengin ngertos usaha krupuk puli kagungan panjenengan.
    Pak Danu : Apa bae sing pengin dingerteni nak?
    Andik : Punika lo pak, kanca-kanca pengin ngertos usaha panjenengan.
    Dewi : ....
    Pak Danu : Usaha krupuk iki dakjenengake ”Sumber Rejeki”
    ”Njanur gunung dolan mrene, ana perlu apa kok sajak wigati banget”. Tembung njanur gunung tegese ....
    a. godhonge klapa
    b. kadingaren
    c. blarak enom
    d. godhong aren

18. Teks ing dhuwur nggambarake kegiatan ....
    a. pacelathon
    b. dhialog
    c. wawancara
    d. omong-omongan

19. Tema sing trep kanggo teks ing dhuwur yaiku ....

a. Usaha krupuk puli
b. Home indhustri krupuk puli
c. Krupuk puli Sumber Rejeki
d. Usaha pak Danu

20. Tujuan disusun pedhoman wawancara kaya ing ngisor iki, kajaba ....
    a. Supaya anggone nindakake wawancara runtut lan genep.
    b. Supaya ora ana pitakonan kang kliwatan.
    c. Supaya wawancara ora lumaku suwe.
    d. Supaya wawancara lumaku lancar lan mawa arah.

21. Ukara kanggo nggenepi teks pacelathon ing dhuwur sing trep yaiku ...
    a. Apa jenenge usaha sampeyan pak?
    b. Menapa naminipun usaha panjenengan pak?
    c. Sinten naminipun usaha panjenengan pak?
    d. Sapa jenenge usaha panjenengan pak?

22. Wong sing dijak wawancara priyayine luwih tuwa, basa sing digunakake apike ....
    a. basa ngoko lugu
    b. basa krama lugu
    c. basa ngoko alus
    d. basa krama alus

23. Sing klebu tuladhane ukara tanduk yaiku ....
    a. Krupuk puli iki diprodhuksi wiwit aku isih cilik.
    b. Pak Tarno nampa pesenan kripik gedhang sawayah-wayah.
    c. Pesenan dakkirim seminggu sepisan.
    d. Rempeyek kacang prodhuk sing paling disenengi pelanggan.

24. Bubar lulus SMA? Pengin enggal nyambut gawe? Melu wae kursus! Suwene patang sasi! Dijamin lulus langsung nyambut gawe. Panjenengan rawuh wae menyang lembaga pendhidhikan lan kursus Hangtuah! Nganakake kursus kemaritiman, komputer, montir, baby sitter, basa Inggris, basa Jepang, basa Cina, pertukangan, komputer lan teknisi HP.
    Perangan ana ing iklan kaya katur ing dhuwur diarani ....
    a. headline
    b. subheadline
    c. tagline
    d. productshot

25. Iklan kang nduweni titikan / paugeran kaya ing ngisor iki kalebu jinise iklan....
    1) Nduweni tujuan mbentuk kesadharan lan pengetahuan bab prodhuk utawa fitur-fitur saka produk kang wis ana.
    2) Njelasna cara kerja prodhuk.
    3) Menehi informasi rega lan kemasan prodhuk
    4) Ngoreksi prodhuk

    a. iklan informatif
    b. iklan persuasif
    c. iklan reminder
    d. iklan profokatif

26. Iklan kang nduweni tujuan kanggo nawakake sawijine prodhuk barang lan jasa, lire ndayani masyarakat minangka pelanggan utawa *pangsa pasar* supaya ketarik, rumangsa butuh, lan wusanane gelem tuku utawa nggunakake barang lan jasa sing ditawakake diarani .....
    a. iklan komersial
    b. iklan layanan masyarakat
    c. iklan persuasif
    d. iklan reminder

27. Nyambuta gawe ngrekasa yen durung rejekine ya uripe pancet pas-pasan. Tembung: nyambuta gawe ngrekasa ing ukara kasebut tegese ....
    a. Saupama nyambut gawe ngrekasa
    b. Sanajan nyambut gawe ngrekasa
    c. Saupama nyambut gawe ngrekasa
    d. Prentah supaya nyambut gawe ngrekasa

28. Tembung kang dirimbag kanthi panambang /-a/ kang ateges sanajan, saupama, utawa pangarep-arep diarani ....
    a. tembung sambawa
    b. tembung hagnya
    c. tembung saroja
    d. tembung kriya

29. [illegible]

    a. Tuku jeli ing warunge Pak Somat,aja lali sing nomer keramat.
    b. Tuku jeli lan tuku kopat, aja lali sing nomer papat.

c. Tuku klambi ing pasar Tembayat, ngati-ati watuke kumat.
d. Tuku kwali kanggo nggodhog kopat, aja lali sing nomer papat.

30. [illegible]

a. Yen Doyok sakit mesthi diombeni karol super pil.
b. Yen boyok sakit, ngunjuk wae karol super pil.
c. Yeni lan Doyok sakit tumbaske karol super pil.
d. Yen simbok sakit mesthi ngunjuk karol super pil

B. Wangsulanana kanthi patitis!

1. Apa sing diarani crita cekak?
2. Apa kang diarani unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik?
3. Apa sing kokngerteni ngenani basa rinengga? Jlentrehna!
4. Gawea ukara 5 wae kang ngandhut basa rinengga!
5. Gawea tuladha iklan layanan masyarakat 2 wae!

WULANGAN 5
KEKELUARGAAN

Kompetensi Dasar	Indikator
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugrah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkat-kan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk meles-tarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional	1.1.1 Berdoa sebelum memulai dan sesudah kegiatan belajar bahasa daerah 1.1.2 Menggunakan bahasa daerah dalam berkomunikasi informal
2.5 Memiliki perilaku jujur dan percaya diri dalam pengung-kapan kembali peristiwa hidup diri sendiri dan orang lain	2.5.1 Jujur dalam mengungkapkan peristiwa yang pernah dialami diri sendiri. 2.5.2 Membiasakan sikap percaya diri untuk mengungkapkan peristiwa yang pernah dialami
3.4 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan dalam menulis berbagai jenis surat dan iklan sesuai konteks	3.4.1 Mengidentifikasi jenis-jenis surat 3.4.2 Menyebutkan bagian-bagian surat 3.4.3 Menunjukkan kaidah penulisan surat
4.4Menulis berbagai jenis surat dan iklan sesuai dengan kaidah dan konteks.	4.4.1 Menulis surat pribadi sesuai dengan kaidah. 4.4.2 Membaca surat pribadi

Mbabar Wawasan

Coba semaken tuladha layang ing ngisor iki!

Sidoarjo, 20 Oktober 2015
Katur dhumateng
Eyang Prawirodimeja
Wonten ing Madiun.

Nuwun,

Kanthi serat punika keng wayah ngaturaken sembah sungkem dhumateng ngarsanipun Eyang sekaliyan wonten ing Madiun. Boten kesupen keng wayah ugi ngaturaken kabar bilih keng wayah wonten ing Sidoarjo tansah ginanjar wilujeng, nir ing sambekala pikantuk berkahing Gusti Kang Maha Asih. Mugi-mugi Eyang sekaliyan saha sedaya keluarga wonten ing Madiun makatena ugi, Amin.

Kajawi saking punika keng wayah atur kabar bilih sapunika keng wayah kanthi pandonganipun Eyang kekalih sampun kasil minggah kelas 8 SMP wonten ing Sidoarjo. Sakedhap malih "pembelajaran" semester ganjil ndungkap purna. Keng wayah nyuwun pandonganipun Eyang kekalih, mugi-mugi rapor kula samangke pikantuk biji ingkang sae.

Eyang Kakung saha Eyang Putri ingkang kula pundi, ngendikanipun Bapak saha Ibu, kula mangke manawi biji rapor kula sae kepareng sowan dhateng Madiun kanthi ngginakaken kreta "Sancaka" jurusan Surabaya – Ngayogjakarta. Wekdal kula liburan udakara wulan Desember tanggal 24 ngantos minggu sepindhah ing wulan Januari, mugi Eyang kekalih saged nampi keng wayah kanthi renaning penggalih.

Kula kinten cekap semanten atur kula, mbokbilih wonten keladuking atur saha kirang duga, keng wayah nyuwun agunging samodra pangaksami. Nuwun.

Keng Wayah

Nanang Wijaya

Sawise koksemak, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa wae jinis layang sing kokngerteni?
2. Layang ing dhuwur kalebu jinis layang apa?
3. Apa isine layang kasebut?
4. Layang apa sing tau koktulis? Marang sapa?
5. Apa isine layang sing tau koktulis?

Kegiatan 1. Wangun Teks Layang

Nganti saiki isih akeh masyarakat sesambungan kanthi migunakake layang. Nanging jaman saiki wis rada suda, amarga akeh kang nggunakake piranti sesambungan *(komunikasi)* sing luwih modheren upamane *email, BBM, SMS, WhatsApp, Twitter* lumantar *handphone/ internet.* Miturut isine, layang bisa kaperang dadi:

1. Layang Pribadi (layang iber-iber)
2. Layang Ulem (undhangan)
3. Layang Lelayu (kabar kepaten)
4. Layang Kitir (telegram)
5. Layang Paturan (*pemberitahuan/ edaran*)
6. Layang dhawuh (*perintah*)

Tugas 1 : Nyemak Layang Pribadi

1. Ing ngisor iki ana tuladha teks layang pribadi, coba semaken perangan lan isine layang pribadi iki!

Madiun 16 Juni 2015
Katur dhumateng
Pakdhe Kartasumarma
ing Surabaya

Atur pamuji rahayu

Kanthi serat punika keng putra atur pawarta bilih ingkang putra sakulawarga ing Madiun tansah ginanjar wilujeng. Panuwun kula dhateng Gusti Ingkang Maha Agung, mugi-mugi Pakdhe saha sadaya kulawarga wonten ing Surabaya tansah ginanjar wilujeng, kalis saking rubeda.

Kajawi saking punika, kula ngaturi pirsa bilih tanggal 16 Juni punika sampun ngancik prei semester ganep. Ancas kula sadangune prei punika, kula badhe sowan dhateng dalemipun Pakdhe. Kula badhe ndherek nyipeng watawis seminggu, amargi kula sampun kapang sanget kaliyan Pakdhe, Budhe, Simbah, saha sadaya kulawarga wonten ing Surabaya.

Wasana cekap semanten atur kula, manawi wonten lepat atur saha panyerat, kula nyuwun lubering samudra pangaksami.

Ingkang Putra

Bausastra:

pawarta	: kabar
serat	: layang
wilujeng	: slamet, bagas waras
nyipeng	: nginep
wasana	: pungkasan, akhir
kapang	: kangen

2. Kanggo mangerteni isine layang pribadi ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!
   1. Kanggo sapa layang iku ditulis?
   2. Sapa sing nulis layang iku?
   3. Kapan lan ing ngendi layang iku ditulis?
   4. Apa tujuan layang iku ditulis?
   5. Kapan prei semester ganep arep diwiwiti?

Tugas 2: Nyemak Struktur Teks Layang Pribadi

Semaken maneh tuladha layang pribadi ing dhuwur. Sawise koksemak, bakal tinemu struktur perangan layang pribadi. Perangan sajroning layang pribadi lumrahe diperang dadi 8, yaiku:

a. Papan lan titimangsa : panggonan, tanggal nalika layang ditulis.
b. Adangiyah (adawiyah): nerangake unggah-ungguhe sing kirim layang marang sing dikirimi.
c. Pambuka : isi kabar keslametan sing kirim lan pangarep-arep sing dikirimi iya slamet.
d. Surasa basa /isine layang: nerangake apa bae sing perlu dikabarake.
e. Wasana basa/panutup layang : panjaluk utawa panjurung kang gandheng karo isine layang.
f. Peprenah : nerangake sesambungane wong sing ngirim layang karo sing dikirimi layang.
g. Tapak asma : Tandha tangan sing nulis layang.
h. Asma terang : jeneng cetha sing kirim layang.

(1)________________(2)________________

(3)____________________________________
____
____

(4) ____________________________________
____

(5)____________________________________
____
____

(6)________________

(7)______________
(8)______________



Katrangan:

1. Adangiyah
2. Papan titimangsa
3. Bebuka
4. Surasa basa
5. Wasana basa
6. Peprenah
7. Tapak asma
8. Asma terang

Gladhen:

Wacanen sepisan maneh tuladha layang pribadi ing dhuwur, sabanjure tabel ing ngisor iki isinen manut prentahe!

Perangan Layang	Ukara
Papan lan Titimangsa	....
Adangiyah	....
Bebuka	....
Surasa Basa	....
Wasana Basa	....
Peprenah	....
Tapak asma	....
Asma Terang	....

Tugas 3: Nyemak Unsur Basa Teks Layang Pribadi

Nalika nulis layang kudu mangerteni jinise ukara sing arep dianggo. Biasane, ukara sing dianggo nulis layang iku mau nduweni surasa dhewe-dhewe. Umume antarane nyritakake kahanan, nakokake kabar, pangarep-arep, lan liya-liyane.

a. Ukara Carita.

" Ngaturi pawarta bilih ingkang wayah sakulawarga ing Madiun tansah ginanjar wilujeng.."

Ing perangan bebukaning layang kiriman iku mau ngemot tuladha ukara carita.

> **Pepeling**
> ***Ukara carita/Kalimat berita*** yaiku ukara kang isine nyritakake sawijining bab, kedadean, utawa sawijining kaanan marang wong liya.

Kanggo mangerteni luwih cetha babagan ukara carita semaken tuladha ing ngisor iki!

(1) Ingkang wayah sakulawarga ing Madiun tansah ginanjar wilujeng.
(2) Tanggal 16 Juni aku wis wiwit prei.
(3) Bapak lan ibu tindak peken esuk mau.
(4) Kula sampun tumbas tiket kreta jurusan Surabaya.

b. Ukara Pitakon.

" Pripun pawartane simbah lan pakdhe ing Surabaya?"

Ing perangan bebukaning layang kiriman iku mau uga ngemot tuladha ukara pitakon.

> **Pepeling**
> ***Ukara Pitakon*** yaiku ukara kang isine njaluk katrangan marang wong sing maca utawa sing diajak guneman. Ukara iki umume migunakake tembung pitakon *apa, piye, pripun, kados pundi, sinten, sapa lan pira.*

Kanggo mangerteni luwih jelas babagan ukara pitakon semaken tuladha ing ngisor iki!

1. Pripun pawartane simbah lan pakdhe ing Surabaya?
2. Apa sing kokgawa Sri?

3. Pira putrane pakdhe?
4. Simbahmu daleme ing ngendi?
5. Sinten sing nampi layang?

c. Ukara Sananta

" Kula benjing ndherek nyipeng watawis seminggu"

Ing perangan surasa basa kasebut, ngemot tuladha ukara sananta.

> **Pepeling**
>
> ***Ukara Sananta*** yaiku ukara kang isine niat, karep, utawa sedya. Ananging, kang duwe niat utawa sedya mau awake dhewe. Mesthi bae ukara iki durung kelakon utawa durung katindakake jalaran isih awujud niat

Kanggo mangerteni luwih cetha babagan ukara sananta semaken tuladha ing ngisor iki!

(1) Kula benjing ndherek nyipeng watawis seminggu.
(2) Buku iki arep daksumbangke marang anak yatim.
(3) Timbang nganggur, tak sinau nulis layang kiriman.
(4) Klambimu sing reged dakumbahe pisan dhi.
(5) Sesok awan aku arep sinau klompok ing omahe Nisa.

Gladhen:

Sawise nyinaoni babagan jinise ukara, wacanen maneh tuladha "layang pribadi ing dhuwur". Tindakna pakaryan ing ngisor iki!

a. Klompokna ukara kang kalebu ukara carita
b. Klompokna ukara kang kalebu ukara pitakon
c. Klompokna ukara kang kalebu ukara sananta

Unggah-ungguh Basa

Sajrone medharake isine layang marang sapa wae mesthi lumantar ukara kang nggunakake unggah-ungguh basa. Nulis layang marang sapepadhane lan marang wong kang luwih tuwa kudune nggunakake unggah-ungguh basa kang beda. Kanggo nulis layang marang wong kang luwih tuwa kaya tuladha layang ing dhuwur nggunakake basa krama.

Basa krama yaiku jinising basa kang dumadi saka tembung krama kang diseseli tembung krama inggil. Tembung sing dikramakne inggil biasane amung kanggo wong sing dikurmati wae. Basa krama iki uga sinebut basa luwes amarga bisa dianggo sapa bae.

Tuladha :
(1) Ibu nembe mawon tindak dhateng peken.
(2) Mbak Rani sampun dhahar?
(3) Pak Ampri punapa sampun kondur?
(4) Mangga mas, dipununjuk kopinipun!
(5) Kula badhe adus rumiyin.

Basa Krama ing pasrawungan gunane kanggo:
(1) Pacelathon antarane sapepadhane amarga kanggo ngajeni.
(2) Pacelathon antarane wong sing lagi tepung (kenal).
(3) Pacelathon antarane wong enom marang sing luwih tuwa (adhi marang sadulure).

Gladhen:
Gawea ukara nganggo basa krama kanthi migunakake tembung-tembung ing ngisor iki!
1. sare
2. kagungan
3. tindak
4. kersa
5. nyamping

Tugas 4 : Kaidah lan Teknik Nulis Layang Pribadi

Nulis layang kudu mangerteni isine perangane layang. Sawise mangerteni isi saben perangan layang mau tamtu gampang anggone nulis. Apa wae sing perlu ditulis sajroning layang coba jinglengana katrangan ing ngisor iki.

1. Papan lan titi mangsa
   Isine: Jeneng kutha lan tanggal nulise surat. Sarampunge jeneng kutha kudu diwenehi tandha koma lan tanpa dipungkasi tanda titik.
2. Adangiyah
   Isine: nerangake unggah-ungguhe sing kirim layang marang sing dikirimi
   a) Marang sedulur tuwa, kanca sapadha-padha nganggo unen-unen: salam taklimku, ingkang taklim
   b) Marang sedulur enom nganggo unen-unen: salam taklim
   c) Marang sedulur enom kang perlu diajeni nganggo unen-unen: ingkang salam
   d) Marang wong tuwane dhewe nganggo unen-unen: ingkang sembah pangabekti

e) Marang anak putu, nganggo unen-unen: pandongaku
f) Tembung liyane saka kang kasebut ing dhuwur: pamuji, karengga sagung pakurmatan, karengga sagung ing pahargyan, kairing ing sagunging kaurmatan pudyaarja lan sapanunggalane.

3. Pambuka
   Isine: menehi kabar keslametan lan nakokake kabar keslametan marang sing dikirimi layang.
4. Surasa basa/ isine layang
   Isine: nerangake apa wae sing perlu dikabarake.
5. Wasana basa/panutup layang
   Isine: panjaluk utawa panjurung kang ana gandheng-cenenge karo isine layang.
6. Peprenah
   Isine: nerangake prenahe wong sing ngirim lan sing dikirimi layang, kayata mitraku, bapak, ibumu, ingkang putra lan sapanunggalane.
7. Tapak asma
8. Jeneng terang
   Isine : jenenge sing nulis layang,kudu ditulis jangkep.

Gladhen:

Sawise njingglengi kaidah panulise layang ing dhuwur coba garapen prentah ing ngisor iki!

1. Gawea tuladha panulisan papan lan titi mangsa.
2. Gawea tuladha panulisan adangiyah.
3. Gawea tuladha panulisan bebuka layang.
4. Gawea tuladha panulisan surasa basa.
5. Gawea tuladha panulisan wasana basa.

Kegiatan 2: Nulis Teks Layang Pribadi Kanthi Klompok

Ing kegiatan pasinaon iki para siswa bakal sinau klompok. Gawea klompok, saben klompok anggotane watara 3-5 bocah.

Tugas 1: Nintingi Teks Layang Pribadi

Teks layang pribadi sing ana ing tabel iki durung urut, coba urutna kanthi menehi nomer supaya dadi layang jangkep kang pener!

LAYANG PRIBADI

………	Ingkang putra
………	Kajawi saking punika ,kula ugi ngaturi pirsa bilih kang putra sampun angsal padamelan ing pabrik *garmen*. Pramila kang putra nyuwun tambahing donga pangestu mugi-mugi anggen kula nyambut damel saged lancar. Ing wulan punika kang putra dereng saged wangsul amargi taksih dados karyawan enggal. Mugi-mugi wulan ngajeng kula saged wangsul nuweni bapak kaliyan ibu
………	Sembah pangabekti kula katur bapak saha ibu ing Ngawi
………	Triana Pinuji Lestari
………	Nuwun wiyosipun keparenga kula atur uninga bilih kula ing Surabaya ginanjar sehat. Mugi-mugi bapak saha ibu ginanjar wilujeng ugi.
………	Sawetawis cekap semanten layang saking kula. Menawi wonten wekdal kula tengga serat balesan saking bapak. Wasana menawi wonten klentune atur kang putra nyuwun pangapunten
………	Surabaya, 31 Desember 2015

Tugas 2 : Mbenerake Tata Tulis Layang Kiriman

Nulis layang mono kudu nggatekake wewaton. Kaya sing wis diandharake ing wulangan sadurunge ngenani perangan, unggah-ungguh basa, lan tandha waca. Ing tugas 2 iki para siswa bakal diwenehi tuladha layang kiriman ananging tata tulise isih akeh sing kliru. Tugase para siswa kudu mbenerake tata tulisan mau kanthi adhedhasar wewaton sing wis ana.

Carane mbenerake tata tulisan layang:

1. Njingglengi tata tulis sing kliru, bisa awujud aksara, jeneng, panganggone unggah-ungguh basa utawa tandha wacane.
2. Mbenerake tata tulis sing kliru mau manut wewaton sing wis ana.

Gladhen :

Gatekna lan jingglengana layang ing ngisor iki, banjur **benerna** kaya tuladha ana ing kothak ngisore layang sing wis katulis!

Katur dhumateng: surabaya, 5 Januari 2015.
Bapak lan Ibu
ing Nganjuk

Sembah sungkem,
Kanthi layang punika aku ngaturaken kabar bilih kawontenan kula wonten ing Surabaya ginanjar wilujeng boten wonten rubeda satunggal punapa, ingkang tansah kula suwun mugia Bapak saha Ibu wonten ing mriki mekatena ugi, amin.
Kajawi saking punika, kula badhe matur bilih ing sasi ngajeng punika kula wonten dinten libur. Amargi saking punika, manawi dipun keparengaken Bapak saha Ibu, kula badhe wangsul dhateng nganjuk. Mila manawi Bapak saha Ibu pinuju kagungan saha renaning penggalih kula nyuwun dipun kentun dhuit kagem sangu mulih menyang nganjuk.
Kula kinten cukup semene atur kula, bokmanawa wonten galap gangsuling atur, keng putra njaluk agunging samudra pangaksami,
Nuwun,

Ingkang putra

Nanang Wiaya

Panulisan sing kliru	Panulisan sing bener
1. layang	1. serat
2	2 ....
3	3 ....
4	4 ....
5	5 ....
6	6 ....
7	7 ....
8	8 ....
9	9 ....
10	10 ....

Kegiatan 3 : Nulis Teks Layang Kiriman Kanthi Mandhiri

Ing kegiatan iki para siswa kanthi mandhiri nulis layang kiriman kang ditujokake marang sanak sedulure sing ana ing njaba kutha. Nalika nulis layang kudu digatekakake wewaton panulisan layang sing wis diandharake ing piwulangan sadurunge. Upamane pamilihe tembung, unggah-ungguh basa lan liya-liyane.

Tugas 1 : Nulis Layang Pribadi

Kanggo nggampangake anggonmu nggarap tugas 1, coba gatekna prentah ing ngisor iki!

1. Layang ditulis kanggo bapak lan ibumu ing desa.
2. Wose layang, awakmu aweh kabar menawa sasi ngarep wis wayahe mbayar sekolah. Awakmu njaluk kiriman dhuwit.
3. Tanggal, panggonan, jeneng dijumbuhake karo papan dunungmu saiki.

Tugas 2 : Maca Teks Layang Pribadi

Sawise rampung anggonmu nulis, layang sing wis rampung koktulis mau wacanen ing ngarepe guru lan kanca-kancamu!

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 5

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan sing paling bener!

1. Piranti kanggo sesambungan karo wong liya sing awujud tulisan kanthi tujuan menehi kabar tertamtu diarani ....
   a. layang
   b. handphone
   c. email
   d. internet

2. Yen arep kirim layang kudu mara ing ....
   a. telkom
   b. bank
   c. kantor pos
   d. BPR

3. Perangan layang sing isine aweh pawarta kabar keslametan diarani ....
   a. adangiyah
   b. bebuka
   c. titi mangsa
   d. surasa basa

4. Miturut jinise layang diperang dadi ....
   a. 3
   b. 6
   c. 4
   d. 5

5. Bapak nulis layang kagem simbah. Tembung "*nulis*" benere ....
   a. nyerat
   b. nyungging
   c. maos
   d. kesah

6. Ukara kang isine nyritakake sawijining bab, kedadean, utawa sawijining kaanan marang wong liya diarani ukara ....
   a. pitakon
   b. sananta
   c. pakon
   d. carita

7. Perangan layang sing isine nerangake prenahe wong sing ngirim lan sing dikirimi layang, kayata mitraku, bapak, ibumu, ingkang putra lsp yaiku ....
   a. titimangsa
   b. adangiyah
   c. bebuka
   d. peprenah

8. ꦱꦸꦫꦧꦪ꧈꧇꧑꧖꧇ꦗꦸꦤꦶ꧇꧒꧐꧑꧕꧇ yen ditulis latin ....
   a. Madiun, 15 Juni 2015
   b. Surabaya, 16 Juni 2015
   c. Surabaya, 16 Juli 2015
   d. Surabaya, 16 Juni 2015.

9. " Wasana cekap semanten serat saking kula, menawi wonten klentune atur kula nyuwun agunge pangapunten" punggelan layang kasebut manggon ing perangan ....
   a. wasana basa
   b. surasa basa
   c. adangiyah
   d. bebuka

10. Ibu tuku jarit ing pasar gedhe. Ukara kasebut yen diowahi nganggo basa krama dadi ....
   a. Ibu tumbas nyamping ing peken ageng.
   b. Ibu mundhut sinjang ing peken ageng.
   c. Ibu mundhut nyamping dhateng peken ageng.
   d. Ibu tumbas sinjang dhateng peken ageng.

B. Pakaryan ing ngisor iki garapen miturut prentahe!

1. Sebutna unggah-ungguhe wong nulis layang!
2. Ing padinan basa krama digunakake kanggo apa wae?
3. Gawea tuladha ukara carita nganggo basa krama 5 wae!
4. Gawea tuladha ukara sananta 5 wae!
5. Gawea tuladha bebukaning layang ngganggo basa krama sing becik!

WULANGAN VI
BUDI PAKARTI

KOMPETENSI DASAR	INDIKATOR
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembangkan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional.	1.1.1 Berdoa dengan bahasa daerah 1.1.2 Menghargai keberadaan bahasa daerah 1.1.3 Menyapa dengan bahasa daerah
1.2 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis.	1.2.1 Mensyukuri keberadaan bahasa daerah. 1.2.2 Bercakap-cakap dengan bahasa daerah sebagai rasa syukur pada Tuhan Yang Maha Esa
a. Memiliki perilaku demokratis, kreatif, dan santun dalam berdebat tentang kasus atau sudut pandang	2.3.1 Bersikap demokratis, menghormati pendapat peserta dhiskusi yang lain. 2.3.2 Kreatif dan santun dalam mengajukan pertanyaan dalam dhiskusi. 2.3.3 Kreatif dan santun dalam menanggapi/ menjawab pertanyaan peserta dhiskusi yang lain.
3.5 Memahami struktur teks, unsur kebahasaan, dan pesan moral *tembang macapat* secara lisan dan tulis	3.5.1 Menjelaskan *guru gatra/ paddhâ andhegghân tembang macapat Dhandhanggula / Artatè*. 3.5.2 Menjelaskan *guru wilangan/guru bilangan tembang macapat Dhandhanggula / Artatè*. 3.5.3 Menjelaskan *guru lagu/ guru laghu tembang macapat Dhandhanggula / Artatè*. 3.5.4 Menjelaskan watak *tembang macapat Dhandhanggula / Artatè*. 3.5.5 Menjelaskan isi *tembang macapat Dhandhanggula / Artatè.* 3.5.6 Menjelaskan pesan moral *tembang macapat Dhandhanggula / Artatè*

4.5 Mengubah teks *tembang macapat* menjadi teks prosa	4.5.1 Melagukan *tembang macapat Dhandhanggula / Artatè.* 4.5.2 Memparafrasekan/mengubah *tembang macapat Dhandhanggula / Artatè* menjadi teks prosa 4.5.3 Mencritakan isi *tembang macapat Dhandhanggula / Artatè*.

Mbabar Wawasan

Andharan ing ngisor iki wacanen, banjur wangsulana pitakon-pitakon sing sumadya!

Budi pakarti iku tegese samubarang tingkah laku utawa tumindak utawa pagawean kang didhasari dening nalar utawa pikiran. Manungsa lair dikantheni budi utawa nalar. Kanthi nalar iku mau manungsa bisa mangerteni pakarti kang luhur utawa asor, tumindak bener utawa luput lan sapiturute. Sawise bisa mbedakake, budi lan pakarti kang ala prayoga disingkiri lan kang becik prayoga diudi kanggo sanguning urip ing satengahe bebrayan.



Nilai-nilai budi pakarti iku antarane yaiku tepa slira, wani tumindak bener, tanggung jawab, jujur, ngurmati marang sasama, andhap asor, sopan, sregep, duwe rasa isin, sabar, lan sapanunggalane. Ing karya sastra Jawa akeh ditemokake babagan piwulang budi pakarti salah sijine yaiku lumantar tembang macapat. Kajaba kepenak dilagokake kanggo panglipur, tembang macapat iku manawa didhudhah isine pranyata uga ngandhut pitutur luhur. Saka sakehing tembang macapat kang digunakake kanggo mbabar pitutur luhur mau, salah sijine yaiku tembang Dhandhanggula.

1. Apa kowe wis tau krungu tembang macapat Dhandhanggula?
2. Apa kowe wis tau nembang macapat Dhandhanggula?
3. Kepriye carane nggonmu gladhen nembang Dhandhanggula?
4. Miturut panemumu tembang Dhandhanggula kuwi gampang apa angel?

Kegiatan 1: Wangun Teks Tembang Dhandhanggula

Tugas 1: Nyemak Struktur Teks Tembang Dhandhanggula.

Tembang macapat iku minangka salah siji wujud tembang tradhisional ing tlatah Jawa. Diarani macapat amarga olehe nembangake pedhotane 4-4, uga ana kang ngandharake manawa macapat iku saka tembung ma + cepat, iki amarga manawa nembangake macapat mung rerikatan bae, ora nganggo wiledan utawa elak-eluking swara kang njalari dadi suwene. Tembang macapat kalebu tembang tradhisional, amarga kaiket ing aturan/paugeran tartamtu. Paugeran-paugeran jroning tembang macapat, yaiku:

1) Guru gatra yaiku cacahing gatra/larik/baris ing saben pada.
   Cethane, saben sapada (satembangan) tembang macapat apa bae wis di tentokake cacahing gatrane.
2) Guru wilangan yaiku cacahing wanda ing saben gatra.
   Cethane, saben gatra/larik tembang macapat apa bae wis ditemtokake cacahing wandane
3) Guru lagu yaiku tibaning swara/dhong-dhinging swara ing pungkasaning gatra.
   Cethane, saben gatra/larik tembang macapat apa bae wis ditemtokake tibaning swara ing pungkasaning gatra mau, bisa a, i, u, e, utawa o.

Supaya luwih gamblang, paugeran-paugeran saben tembang macapat kang cacahe ana 11 (sewelas) iku bisa kogatekake ing tabel iki.

Tembang Macapat iku cacahe ana 11 (sewelas), dene jeneng-jenenge tembang Macapat lan paugerane kaya kasebut ing ngisor iki :

No	Jenenge tembang	Guru gatra, Guru wilangan lan Guru lagu									
		I	II	III	IV	V	VI	VII	VIII	IX	X
1	Maskumambang	12i	6a	8i	8a						
2	Pucung	12u	6a	8i	12a						
3	Megatruh	12u	8i	8u	8i	8o					
4	Gambuh	7u	10u	12i	8u	8o					
5	Mijil	10i	6o	10e	10i	6i	6u				
6	Kinanthi	8u	8i	8a	8i	8a	8i				
7	Durma	12a	7i	6a	7a	8i	5a	7i			
8	Pangkur	8a	11i	8u	7a	12u	8a	8i			
9	Asmaradana	8i	8a	8e	8a	7a	8u	8a			
10	Sinom	8a	8i	8a	8i	7i	8u	7a	8i	12a	
11	Dhandhanggula	10i	10a	8e	7u	9i	7a	6u	8a	12i	
											7a

Gatekna tembang macapat ing ngisor iki!

DHANDHANGGULA

Jungkat siti panggaraping sabin,
laku saru datan ilok tenan,
tadhah udan sing ginawe,
den ilangana sampun,
awit iku kang dadi ciri,
tumrap manungsa gesang,
awon dadosipun,
lamun saru trus binekta,
iki jeneng nistha kang tanpa upami,
tan pinercayeng liyan.

Saka tembang ing dhuwur bisa dijupuk dudutan paugerane tembang macapat Dhandhanggula, yaiku:

guru gatra : 10
guru wilangan : 10, 10, 8, 7, 9, 7, 6, 8, 12, 7
guru lagu : i, a, e, u, i, a, u, a, i, a

Bausastra

jungkat siti	: garu
sabin	: sawah
saru	: ora pantes
awon (ki)	: elek, nistha, asor
gesang (ki)	: urip
lamun	: yen ta
binekta (ki)	: digawa
pinercayeng	: dipercaya ing
wiledan	: cengkok (BI)
pada	: (BI: bait)
gatra	: (BI: baris)
wanda	: (BI: suku kata)

Gladhen :

Gatekna tembang rong pada ing ngisor iki :

Pada 1 :

Lire lalabuhan tri prakawis,
Guna bisa saniskareng karya,
Binudi dadi unggule,
Kaya sayektinipun,
Duk mbantu prang Manggada nagri,
Amboyong putri dhomas,
Katur ratunipun,
Purune sampun tetela,
Aprang tandhing lan ditya Ngalengka aji,
Suwanda mati ngrana.

Pada 2 :

Bapak pucung dudu watu dudu gunung
Dawa kaya ula
Ancik-ancik wesi miring
Yen lumaku si pucung ngumbar suwara.

1. Kepriye paugerane: guru gatra, guru lagu, lan guru wilangane ing pada 1 ?
2. Kepriye paugerane: guru gatra, guru lagu, lan guru wilangane ing pada 2 ?
3. Apa bedane antarane tembang pada 1 lan pada 2 ?
4. Kagolong tembang apa pada 1 iku ?
5. Tembang kang pada ka 2 iku kagolong tembang apa ?

Tugas 2 : Nyemak Watak Tembang Dhandhanggula

Tembang macapat jinise ana 11. Saliyane nduweni paugeran kang pinathok saben jinis tembang macapat uga nduweni watak dhewe-dhewe. Kanggo luwih cethane ngenani watak tembang macapat bisa dideleng ing tabel ngisor iki:

No	Tembang	Watak
1	Mijil	gandrung, prihatin
2	Sinom	wantah
3	Maskumambang	nelangsa, prihatin banget
4	Sinom	sereng
5	Durma	nepsu, sereng banget
6	Kinanthi	asih asuh
7	Asmaradana	prihatin, welas
8	Dhandhanggula	luwes, manis
9	Gambuh	rada sereng
10	Megatruh	prihatin, getun
11	Pucung	sakepenake

Mligi watak tembang Dhangdhanggula, watake luwes lan manis. Watak luwes tegese watak kang kinandhut ing tembang Dhandhanggula kanggo medhar rasa pangrasa, bisa isi pitutur, piwulang, tresna asih, asah, lan asuh. Watak manis tegese pamedhare pitutur, piwulang, tresna asih kanthi tetembungan sing manis, endah, lan kebak pasemon ing pangajab nuwuhake rasa pangrasa luwih nges.

Gladhen :

Jawaben pitakon ing ngisor iki kanthi gamblang :

(1) Manawa ana ing pagelaran tumuju ing swasana sedhih, umpamane salah sawijining paraga ditinggal seda karo wong tuwane, tembang apa kang pas kanggo swasana kaya ngono iku mau ? Apa alasanmu ?

(2) Manawa ana ing pagelaran salah sawijining paraga atine lagi seneng oleh pangalembana saka wong sing ditresnani, tembang apa kang pas kanggo swasana kaya ngono iku mau ? apa alasanmu ?

(3) Yen ana ing swasana gegojegan, guyonan, bedhekan, swasana entheng bisa pas nggunakake tembang apa ?
(4) Tembang Dhandhanggula iku trep ditembangake ana ing swasana apa?
(5) Apa bedane katilik saka swasana, tembang Dhandhanggula karo tembang liyane?

Tugas 3 : Nintingi Isi Tembang Macapat Dhandhanggula

Tembang Macapat iku mujudake karya sastra kang lumrahe ditulis kanthi basa rinengga. Mula saka iku, kanggo mangerteni isine tembang mau kudu digancarake luwih dhisik. Sing diarani gancaran yaiku prosa (karangan bebas). Dadi nggancarake tembang ateges ngowahi tembang dadi prosa. Carane nggancarake tembang kaya mangkene:

1. Negesi saben tembung kanthi nggoleki ing bausastra (Kamus Basa Jawa)
2. Ngrakit tembung-tembung mau dadi ukara kanthi paugeran panulise karangan gancaran/prosa, kanthi cara bisa nambahi tembung katrangan, tembung panggandheng.
3. Panulisane kudu ngugemi tata tulis lan tandha wacan sing bener.

Semaken tembang Dhandhanggula saka serat Nayakawara ing ngisor iki!

Werdining kang wasita jinarwi,
wruh ing kukum iku watekira,
adoh marang kanisthane,
pamicara puniku,
weh resepe ingkang miyarsi,
tatakrama puniku,
ngedohke panyendhu,
kagunan iku kinarya,
ngupa boga dene kalakuan becik,
weh rahayuning raga.

Tegese tembung-tembung sing angel

werdi	: makna
warsita	: pitutur
jinarwi	: kandha, dikandhakake
kanisthan	: tumindak ala
miyarsi	: ndelok
kagunan	: kabisan/ketrampilan
boga	: pangan
rahayu	: slamet

Gancare tembang kaya mangkene:
Wose sawijining pitutur, wong urip kudu ngerti ukum supaya adoh saka tumindak ala. Yen micara iku kudu gawe seneng atine uwong. Tatakrama iku bisa ngedohake rerasanane uwong. Katrampilan iku digunakake kanggo nyambut gawe, dene tumindak becik iku perlu supaya uripe bisa slamet.

Gladhen :
Tembang Dhandhanggula ing ngisor iki tembangna kanthi nirokake Bapak/ Ibu Guru utawa ngrungokake saka kaset, banjur nyuwuna priksa marang Bapak/ Ibu Guru tetembungan sing ora kokngerteni. Sawise mangerteni tegese tetembungan sing angel, gancarna tembang sing wis koktembangake iku mau !

Dhandhanggula
Laras Slendro Pathet Manyura

3 6 1 1 1 2 3 3 3 3
Sun tu tur i ka beh pu tra pu tri

3 3 2 2 2 2 2 2 1 21
Lamun sira sregep ing pa ngo lah

6 1 1 1 1 1 12 16
Bu di pikir lan ngel mu ne

1 2 3 2 12 6 1
A ja si ra gu mung gung

6 6 3 3 6 1 2 1 321
Kebat kliwat da tan pa mi kir

1 2 2 2 2 2 2
Tru nyak tru nyuk tin dak nya

1 6 1 1 12 16
Bi lah i ing pung kur

6 1 2 3 3 3 3 3
Sing kir a na tin dak nis tha

6 5 3 21 1 1 1 1 1 2 3 3
Kang pra nya ta no ra ga we u rip muk ti

6 1 2 1 3 2 12
Es tok na tu tur i ka

Tugas 4 : Nintingi Pesen Moral Tembang Dhandhanggula

Tembang macapat bisa kagunakake kanggo sarana medhar gagasan werna-werna. Wiwit medharake ilmu pengetahuan lan teknologi, tuntunan tata kaprajan, ulah tetanen, nganti pitutur luhur kanggo ngundhakake budi pakarti. Kabeh iku bisa diwedharake lumantar tembang macapat.

Saka tembang Dhandhanggula pethikan serat Nayakawara ing tugas 3, sawise dimangerteni isine kanthi digancarake, banjur bisa dijupuk nilai moral sing kamot, yaiku pitutur luhur kang isine manawa *wong urip iku kudu gelem tumindak becik, ngerti ing babagan ukum lan duwe tatakrama supaya uripe tansah slamet*.

Gladhen :

Tembang Dhandhanggula ana gladhen tugas 3 sing wis kokgancarake ing dhuwur iku, pitutur luhur apa kang kinandhut ing tembang Dhandhanggula iku?

Tugas 5 Nyemak Unsur Basa Sajrone Tembang Macapat

Tembang macapat iku mujudake karya sastra kang basane endah satemah kepenak ditembangake apadene dirungokake. Basa endah kuwi uga bisa diarani basa rinengga. Dene endahing basa kasebut ing antarane bisa katitik saka panganggone tetembungan ing tata rakitaning ukara.

Gatekna tembang macapat Dhandhanggula ing ngisor iki:

Wus andungkap kalamangsa ari,
putra tutug nilar pawiyatan,
lilanana tur pamite,
ngudi undhaking ngelmu,
linampahan tri warsa yekti,
pinasrah ing wusana,
wangsul rama ibu,
mugi tan gawe kuciwa,
mring sudarma dwija miwah negari,
kusuma nusa bangsa.

Tembang kasebut cakepane satemene bisa digawe nganggo basa padinan. Ananging pamilihe tembung ora mung nggunakake basa padinan supaya dadi endah. Kayata:

nggolek : ngudi
telu : tri
taun : warsa
wong tuwa : sudarma

Pamilihe tembung kasebut ora ngowahi teges amarga tegese padha, sing kaya mangkono kuwi diarani dasanama. Dasanama kuwi tembung pirang-pirang kang nduweni teges siji utawa padha.

Gladhen :

Gatekna tembang iki !

Pamedhare wasitaning ati,
cumantaka aniru Pujangga,
dahat mudha ing batine,
nanging kedah ginunggung,
datan weruh yen keh ngesemi,
ameksa angrumpaka,
basa kang kalantur,
tutur kang katula-tula,
tinalaten rinuruh kalawan ririh,
mrih padhanging sasmita.

Sasmitaning ngaurip puniki,
mapan ewuh yen ora weruha,
tan jumeneng ing uripe,
akeh kang ngaku-aku,
pangrasane sampun udani,
tur durung wruh ing rasa,
rasa kang satuhu,
rasaning rasa punika,
upayanen darapon sampurna ugi,
ing kauripanira.

Golekana tetembungan kang bisa nyengkuyung endahe tembang iku, saengga nuduhake yen pangripta ora nggunakake tetembungan kang salugune kang gampang dimangerteni dening bebrayan!

No	Tembunge	Tegese
1		
2		
3		
4		
5		

Kegiatan 2 : Mangun Teks Tembang Macapat Kanthi Klompok

Tugas 1 : Nyemak Struktur Teks Tembang Dhandhanggula

Tembang Dhandhanggula iku kaya sing wis dijlentrehake ana ing ngarep menawa ing paugerane kadadeyan saka 10 (sepuluh) gatra, dene guru lagu lan guru wilangane kaya mangkene :

Gatra sepisan guru wilangan lan guru lagune : 10 i
Gatra kaping 2 guru wilangan lan guru lagune : 10 a
Gatra kaping 3 guru wilangan lan guru lagune : 8 e
Gatra kaping 4 guru wilangan lan guru lagune : 7 u
Gatra kaping 5 guru wilangan lan guru lagune : 9 i
Gatra kaping 6 guru wilangan lan guru lagune : 7 a
Gatra kaping 7 guru wilangan lan guru lagune : 6 u
Gatra kaping 8 guru wilangan lan guru lagune : 8a
Gatra kaping 9 guru wilangan lan guru lagune : 12 i
Gatra kaping 10 guru wilangan lan guru lagune : 7 a

Gladhen :

Tembang Dhandhanggula ing ngisor iki urutna miturut paugerane (guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu) kanthi cara ngetung guru wilangan lan guru lagune!

1. makarya sabisanya
2. mula sira padha ngati-ati
3. sokur bage yen bisa
4. dimen ora ngisin-isini
5. nggennya ngecakake pasrawungan
6. aja nrajang winatese
7. nadyan sembur-sembur adas
8. mring angger-anggeripun
9. urun-urun rembug
10. amemayu hayune negara iki

Tugas 2: Nembang Dhandhanggula Bebarengan

Supaya bisa nembangake tembang macapat sing perlu digatekake kudu bisa maca titi laras. Titi laras iku sing bisa kanggo cekelan, kanggo sinau nembang. Ayo bebarengan mirengake tuladhane Bapak/ Ibu Guru maos titi laras kang wus tinulis ing bukumu iki. Sawise Bapak/ Ibu Guru maos, bocah-bocah nirokake. Yen wis lanyah titilarase banjur ganti cakepane.

Gladhen:

Ayo bebarengan sinau nembang Dhandhanggula ing ngisor iki, carane kaya mangkene:

a. Maca titilaras bebarengan dituntun Bapak/ Ibu Guru, nganti lancar.
b. Saperangan maca titi laras, saperangan maca cakepan salaras karo titi larase.
c. Maca/ nembangake cakepan tembang Dhandhanggula bebarengan.

Dhandhanggula
Laras Slendro 9

2 5 6 6 6 1' 2' 2' 2' 2'
Sa rung ja gung go dhong gedhang garing
2' 2' 2' 2'1' 6 6 6 6 65 56
o ra a bot sang ga ne wong ge sang
5 6 6 6 6 6 61' 65
bi sa ke pe nak la ra se
6 1' 2' 1' 6 1'656 6
na nging yen si ra pu run
5 5 2 2 2 2 2 232 16
A mar su di la ku u ta mi
6 1 1 1 1 1 1
Ngeng go ni ka lu mra han
6 6 6 6 61 65
Pa dha pa dha sra wung
5 6 1 2 2 2 2 2 2
Pa mrih mu den lim bang-a-na
5 3 2 16 6 6 6 6 6 1 2 2
O ra nggu gu ma rang ka rep nya pri ba di
5 6 1 6 2 165 61
I ki mi nang ka ji mat

Pepeling
Supaya bisa nglagokake tembang macapat kanthi apik lan kepenak dirungokake, nalika nembang kudu nggatekake watake tembang, pedhotan lan titilaras sing pas aja nganti mblero kendheken utawa kedhuwuren.

Tugas 3: Nyritakake Isine Tembang Dhandhanggula

Tembang macapat ana ing naskah-naskah kuna iku umume ngandhut pituduh/ pitutur, piwulang kang becik tumrap kita kabeh. Ananging eman

temen bocah saiki arang kang tlaten ngoceki piwulang kang kinandhut ing tembang-tembang.

Kepriye to carane ndhudhah tinggalane para leluhur kita iki supaya kita kabeh bisa njupuk piwulang kang adi luhung iku?

Ya, carane tetembangan mau supaya bisa dimangerteni dening sapa bae kudu digancarake luwih dhisik (kaya piwulangan sing wis kita tindakake). Sawise digancarake lan dingerteni maknane, tembang mau bakal luwih gamblang menawa dicritakake maneh nganggo basa kang lumrah digunakake ing jaman saiki. Kanthi mangkono, apa sing dikarepake dening pangripta bisa katampa dening kita kabeh lan bisa dadi piwulang kang becik.

Gladhen :

Ayo tembang Dhandhanggula sing wis kokgancarake ing piwulangan sadurunge iki critakna kanthi tinulis nganggo basamu dhewe. Sabanjure wacanen ana ing ngarep kelas !

Kegiatan 3 : Mangun Teks Tembang Macapat Kanthi Mandhiri

Tugas 1: Ngarang Tembang Dhandhanggula lan Nembangake

Adhedhasar paugeran guru wilangan, guru gatra, lan guru lagu, watak tembang, lan sasmita tembang kita bisa ngarang tembang macapat.

Gladhen :

Tindakna pakaryan iki:

(1) Gawea tembang macapat Dhandhanggula paling sethithik rong pada kanthi tema bebas.

(2) Tembang asil karanganmu lagokna ana ngarep kelas!

Tugas 2 : Ndhokumentasekake Tembang Macapat Dhandhanggula

Budaya *literasi* kang saiki lagi dikembangake bisa ditindakake uga dening para siswa. Salah sijine wujud budaya *literasi* yaiku ndhokumentasekake apa wae asil karangane, kalebu ngarang tembang macapat Dhandhanggula kang wis dilakoni siswa mau.

Gladhen:

Sawise kotembangake, kumpulna karanganmu bebarengan karo karangane kancamu lan dijilid kanthi becik dadi buku.

UJI KOMPETENSI WULANGAN 6

A. **Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi cara milih jawaban kang wis sumadya kang paling bener!**

Damar ingkang paring tuduh janmi,
iki ana jrone Pancasila,
ing kono pepak isine,
uwis bener ditanggung,
tumrap kadang wajib ingudi,
ngerti lawan isinya,
lair batinpun,
tanpa iki janma rusak,
bubrah babreh angel banget den dandosi,
donya bakal kiyamat.

1. Pratelan kang ngandharake kahanane tembang kasebut yaiku….
   a. dumadi saka 10 pada, 1 gatra
   b. dumadi saka 10 wanda, 1 gatra
   c. dumadi saka 10 gatra, 1 pada
   d. dumadi saka 10 gatra, 1 wanda

2. Sing dimaksud guru lagu yaiku….
   a. cacahing gatra ing saben tembang
   b. cacahing gatra saben sawanda
   c. tibaning swara ing pungkasaning gatra
   d. cacahing wanda saben sapada

3. Guru lagune tembang ing dhuwur yaiku....
   a. i, a, i, u, i, a, u, a, i, a
   b. i, a, e, u, i, a, u, a, i, a
   c. i, a, u, u, i, a, u, a, i, a
   d. i, a, o, u, i, a, u, a, i, a

4. Tembang ing dhuwur nduweni watak….
   a. luwes
   b. tresna, seneng
   c. sereng, greget

d. sedhih, nelangsa

5. Rumpakan tembang macapat ing dhuwur kalebu ewoning tembang....
   a. Gambuh
   b. Kinanthi
   c. Sinom
   d. Dhandhanggula

6. Pranyatan kang jumbuh karo rumpakan/ rerepen kasebut yaiku….
   a. lair batin diudi bisa dadi damar
   b. Pancasila pepak iku isine lan ditanggung bener
   c. janma saiki wis rusak lan angel banget didandani
   d. kahanan saiki wis bubrah babreh

7. *Damar ingkang paring tuduh janmi.* Tembung janmi tegese....
   a. sato kewan
   b. manungsa
   c. barang
   d. urip

8. Dasanamane tembung *damar* yaiku….
   a. diyan
   b. geni
   c. sorot
   d. padhang

9. Titikane tembang macapat kajaba….
   a. nganggo pathokan paugeran
   b. basane Jawa kuna kabeh
   c. bisa ditembangake tanpa iringan
   d. nggunakake laras gamelan

10. Nembang macapat kuwi bisa kepenak dirungokake manawa pas karo titilarase. Sing dikarepake titilaras yaiku....
   a. cakepan
   b. pedhotan
   c. cengkok
   d. notasi

B. **Wacanen tembang macapat ngisor iki, banjur wangsulana pitakonane**!

Jago kluruk rame kapiyarsi
lawa kalong luru pandhelikan
jrih kawanen ing semune
wetan bang sulakipun
mratandhani wus bangun enjing
rembulan wus gumlewang
ing pucaking gunung
ing padesan wiwit obah
lanang wadon pan samya anambut kardi
netepi kuwajiban

1. Tulisen paugerane tembang ing dhuwur!
2. Gancarna tembang ing dhuwur
3. Critakna isine tembang ing dhuwur!
4. Pesan moral apa sing bisa kojupuk saka tembang ing dhuwur?

WULANGAN VII
PROFIL TOKOH

KOMPETENSI DASAR	INDIKATOR
1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan Yang Maha Esa untuk meningkatan pengetahuan dan keterampilan berbahasa daerah, serta untuk melestarikan dan mengembang-kan budaya daerah untuk didayagunakan sebagai upaya pembinaan dan pengembangan kebudayaan Nasional.	1.1.1 Berdoa dengan bahasa daerah 1.1.2 Menyapa dengan bahasa daerah
1.2 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana memahami informasi lisan dan tulis	1.2.1 Mensyukuri keberadaan bahasa daerah. 1.2.3 Bercakap-cakap dengan bahasa daerah sebagai rasa syukur pada Tuhan Yang Maha Esa
1.3 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa daerah sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana menyajikan informasi lisan dan tulis	1.3.1 Menyajikan hasil menulis paragraf dengan *aksara Jawa/carakan Madhurâ*
2.2 Memiliki perilaku peduli, cinta tanah air, dan semangat kebangsaan atas karya budaya yang penuh makna.	2.2.1 Peduli dan bangga mempelajari teks ber*aksara Jawa/carakan Madhurâ* sebagai bentuk karya budaya bangsa 2.2.2 Kreatif menuliskan paragraf dengan *aksara Jawa/carakan Madhurâ*

3.6 Memahami teks berupa paragraf *aksara Jawa/carakan Madhurâ*.	3.6.1 Mengidentifikasi *aksara murda /aksara raja* dalam paragraf 3.6.2 Mengidentifikasi *aksara swara* dalam paragraf 3.6.3 Menjelaskan kaidah penulisan *aksara murda /aksara raja* dalam paragraf 3.6.4 Menjelaskan kaidah penulisan *aksara swara* dalam paragraf
4.6 Membaca dan menulis paragraf menggunakan *aksara Jawa/carakan Madhurâ*.	4.6.1 Membaca paragraf ber*aksara Jawa/carakan Madhurâ* yang memuat *aksara murda /aksara rajâ,* dan *aksara swara.* 4.6.2 Menulis paragraf ber-*aksara Jawa/carakan Madhurâ* yang memuat *aksara murda /aksara rajâ,* dan *aksara swara.*

Mbabar Wawasan

Setitekna gambar ing ngisor iki !





ꦏꦽꦰ꧀ꦤ ꦨꦶꦩ



ꦥꦿꦧꦭꦶꦁꦒ



ꦯꦸꦫꦧꦪ



[illegible]



ꦈꦫꦺꦪ

Sadurunge nerusake pasinaon, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki !

1. Gambar apa bae sing ana ing dhuwur kuwi ?
2. Apa sing kokngerteni ngenani tulisan Jawa kang ana ing ngisore saben gambar ?
3. Yen wis koksetitekake apa sing ana ing pikiranmu ?
4. Menawa ana sing ngganjel ana ing pikiranmu, rembugen karo kancamu utawa nyuwuna priksa marang Bapak utawa Ibu Guru !

Kegiatan 1: Wangun Teks

Teks ing ngisor iki wacanen sing patitis!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

Tugas 1: Ngidhentifikasi Aksara Murda

Ing kegiatan iki bocah-bocah diajab bisa mangerteni gunane aksara murda lan aksara swara ana ing panulisan tembung sarta ukara nganggo aksara Jawa.

Aksara Murda

a. Murda = sirah (Walanda = *hoofd*, Inggris = *head*), aksara murda = aksara sirah, aksara sesirah (Walanda : *hoofdletter*, Inggris : *capital*). Aksara murda iku satemene **ora ana**. Wondene kang lumrahe diarani aksara murda, utawa kang **dianggep** minangka aksara murda iku sejatine **aksara Mahaprana**, yaiku aksara kang pancene kudu diucapake kanthi abab akeh; kosok baline aksara Alpaprana, yaiku aksara kang kudu diucapake lumrah (kanthi abab sathithik)

b. Cacahe aksara murda (kang **dianggep** aksara murda) ana wolu, yaiku : *Na, Ka, Ta, Sa, Pa, Nya, Ga, Ba*. Saben aksara murda ana pasangane. Wujude kaya mangkene :

latin	Murda	pasangan
Na	ꦟ	꧀ꦟ
Ka	ꦑ	꧀ꦑ
Ta	ꦡ	꧀ꦡ
Sa	ꦯ	꧀ꦯ
Pa	ꦦ	꧀ꦦ
Nya	ꦘ	꧀ꦘ
Ga	ꦓ	꧀ꦓ
Ba	ꦨ	꧀ꦨ

c. Aksara murda mung kanggo ing tata prungu, tegese kanggo pakurmatan. Aksara murda ora kena dadi sesigeging wanda. Ing jaman biyen kang lumrah ditulis nganggo aksara murda asmane para luhur, jejuluke lan pedunungane minangka pakurmatan.
Tuladhane, kayata :

Kanjeng Sunan Paku Buwana ing Surakarta Hadiningrat:

꧋ꦑꦁꦗꦼꦁꦯꦸꦤꦤ꧀ꦦꦏꦸꦨꦸꦮꦤꦲꦶꦁꦯꦸꦫꦑꦂꦠꦲꦢꦶꦤꦶꦁꦔꦿꦠ꧀꧉

d. Panulise aksara murda ing jaman saiki

Prayogane kabeh jenenge wong lan jenenge titah kang tata-caraning uripe kaya manungsa, kayata raseksa, wanara, lan sapanunggalane kang kasebut ing crita padhalangan lan liya-liyane, katulis nganggo aksara murda. Semono uga jenenge panggonan.

Cukup nganggo aksara murda siji bae, aksara sing ngarep dhewe. Yen aksara sing ngarep dhewe ora ana murdane, ya aksara burine, yen burine ora ana murdane, ya burine maneh.

Tuladhane, kayata:

Latin	Prawiradirja
Jawa	
Latin	Dipaprawira
Jawa	
Latin	Raden Ajeng Kartini
Jawa	
Latin	Burhanta daleme Probolinggo
Jawa	

Mung tembung "Gusti Allah" lumrahe aksara murda saanane ditulis kabeh, mangkene :

Gladhen:

Ukara ing ngisor iki tulisen nganggo aksara murda sing bener!

1. Suryani menehi adhine klambi bathik.
2. Pak Tantowi mundhutake sepedhah putrane.
3. Burhan iku klairan Palembang.
4. Sukesi muride Pak Gathot.
5. Munas Nahdatul Ulama dianakake ing Jombang.

Tugas 2: Ngidhentifikasi Aksara Swara

Aksara swara iku arane aksara vokal sajrone panulisan aksara Jawa. Aksara swara nduweni titikan kaya iki:

a. Aksara swara iku sejatine mung ana lima, yaiku : a, i, e, o, u.

No	Latin	Wujude
1	A-unine a	ꦄ
2	I-unine i	ꦆ
3	U-unine u	ꦈ
4	E-unine e	ꦌ
5	O-unine o	ꦎ

Ananging aksara : [pa] dicerek (ꦉ) dadi lelirune re, [nga] dilelet (ꦊ), dadi

lelirune [le] kalebu aksara swara, mulane banjur ana sing ngarani yen cacahe aksara swara ana pitu. Bab iku salaras karo kawruh sengkalan, tembung swara dianggep darbe watak wilangan pitu.

Panganggone aksara swara [pa] cerek lan [nga] lelet:

No	Latin	Jawa
1	lega	ꦊꦒ
2	sarem	ꦱꦉꦩ꧀
3	sasi rejeb	ꦱꦱꦶꦉꦗꦼꦧ꧀
4	oleh rejeki	ꦎꦭꦺꦃꦉꦗꦼꦏꦶ

5	regeng tenan	[illegible]
6	gelem	[illegible]
7	pelem	[illegible]
8	lembut	[illegible]
9	lenga klentik	[illegible]
10	lenggah kursi	[illegible]

b. Gunane aksara swara dienggo nulisi tembung manca kang dicethakake, kayata:

No	Latin	Jawa
1	Agustus	[illegible]
2	Ibrahim	[illegible]
3	Eprobia	[illegible]
4	Oktober	[illegible]
5	Urea	[illegible]

c. Aksara swara ora kena dadi pasangan. Manawa dumunung ing saburine wanda sigeg, aksara sesigeging wanda iku kudu dipangku. Wondene aksara swara [pa]cerek dadine pasangan katulis jejer karo aksara kang dipasangi. Aksara swara [nga] lelet dadine pasangan katulis ing sangisore aksara kang dipasangi, mesthi bae pasangane pepet dumunung ing sadhuwure aksara kang dipasangi.

No	Latin	Jawa
1	Wulan April	[illegible]

2	Joged India	[illegible]
3	Mundhut urea	[illegible]
4	Katut Elisabet	[illegible]
5	Ndherek Organisasi	[illegible]
6	Malem Rebo	[illegible]
7	Kemis legi	[illegible]

d. Aksara swara iku ora kena ditrapi sandhangan swara.

e. Tembung manca kang ora dicethakakė, luwih-luwih tembung manca kang wis rumasuk basa Jawa nganti arang kang sumurup yen iku tembung manca, lumrahe katulis tanpa aksara swara. Tuladhane kayata tembung Sansekerta "aksara" lumrahe mung katulis prasaja, wujude kaya mangkene:

[illegible]

Gladhen:

Ukara ing ngisor iki tulisen nganggo aksara swara kanthi paugeran sing bener!

1. Sasi Agustus akeh lomba maneka werna.
2. Umar karo Imam sinau bebarengan.
3. Untari lair sasi Oktober taun 1978.
4. Wulan April iku pengetan dina Kartini.
5. Ibrahim sekolah menyang Inggris.

Pepeling

Gatekna lan jingglengana!

1. Wujud lan gunane aksara murda kang cacahe ana wolu.
2. Carane nulis nganggo aksara Jawa mawa aksara murda.
3. Wujude aksara swara.
4. Aksara pa keret lan nga lelet kagolong aksara swara.
5. Gunane aksara swara.

6. Carane nulis tetembungan kang nganggo aksara swara.
7. Catheten lan nyuwuna priksa marang Bapak/Ibu Guru menawa ana sing ora kokngerteni !

Kegiatan 2: Nulis lan Maca Aksara Jawa Kanthi Klompok

Ing kegiatan iki bocah-bocah diajak mangerteni apa kang dadi tatanane panulisan nganggo aksara Jawa nggunakake aksara murda lan aksara swara.

Tugas 1: **Ngidhentifikasi Aksara Murda lan Aksara Swara**

Tindakna kaya pituduh ing ngisor iki:

a. Gawea klompok, saben klompok watara lima nganti enem anggotane.
b. Bukaken maneh cathetan samubarang kang durung kokmangerteni ana ing kegiatan 1 ing dhuwur.
c. Dhiskusekna bab-bab kang durung kokmangerteni ngenani guna lan carane nulis nganggo aksara Jawa bab aksara murda lan aksara swara sing wis diandharake ing teks dhuwur iku kanthi santun.
d. Manawa isih durung bisa ngerti kanthi dhiskusi ing klompokmu, catheten bab mau kanthi basa kang bener.
e. Takokna bab-bab kang durung bisa dimangerteni ana ing klompok dhiskusimu marang Bapak/Ibu Guru kanthi rasa tanggungjawab.
f. Pitakon-pitakon iki kanggo bahan dhiskusimu:
   (1) Apa sejatine kang diarani aksara murda iku ?
   (2) Aksara murda utawa kang dianggep aksara murda iku cacahe ana pira ? Tulisen!
   (3) Apa gunane aksara murda iku ?
   (4) Apa padha gunane aksara murda ing jaman biyen karo ing jaman saiki ? Jelasna bedane !
   (5) Apa gunane aksara swara ing jaman saiki ?
   (6) Aksara swara iku ana kang ngarani ana lima, nanging ana uga sing ngarani ana pitu. Apa sebabe ?
   (7) Kepriye carane nulis aksara swara yen manggone ana ing saburine aksara sigeg ?
   (8) Tembung kang asale saka basa manca sing kepriye menawa ditulis nganggo aksara Jawa wis ora merlokake aksara swara ?
   (9) Kepriye menawa arep nulis asmane pawongan nanging aksara kang ngarep dhewe ora ana murdane ?
   (10) Apa sejatine gunane aksara murda ing jaman biyen ?

Tugas 2: Nulis Ukara Nganggo Aksara Murda lan Aksara Swara

Ukara-ukara ing ngisor iki salinen nganggo aksara Jawa bebarengan karo klompokmu!

1. Bu Bambang iku daleme Surabaya.
2. Nataprajan punika papan palenggahanipun Mas Wibawa.
3. Budhe Purwanti tindak dhateng Kartasura.
4. Dewi Gendari punika garwanipun Prabu Destarastra.
5. Ramane Raden Gathutkaca iku Raden Werkudara ya Bima Sena.
6. Bramantya diutus bapak mundhut urea.
7. Nurdiono pinter basa Inggris.
8. Wulan Oktober taun wingi, gedhung iki diresmekake pak Jokowi.
9. Tanggal 17 Agustus iku dina kamardikane Indonesia.
10. Bu Trimurti seneng banget nandur kembang eporbia.

Tugas 3: Nyalin Teks Aksara Jawa menyang Aksara Latin

Teks ing ngisor iki salinen nganggo aksara Latin bebarengan!

[illegible]

[illegible]
[illegible]
[illegible]

[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]

[illegible]

[illegible]

Tugas 4: Nintingi Isine Teks Aksara Jawa

Kanggo ngerteni isine teks aksara Jawa ing dhuwur wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Sapa kang dicritakake ana ing teks dhuwur iku?
2. Apa isine crita pawayangan kang ana ing wacan iku?
3. Kembang apa bae kang ditandur Bu Tantri ?
4. Saliyane kanggo pasren, kanggo apa kembang iku ditandur ?
5. Apa kapiterane bu Tantri maringi pelajaran marang murid-muride ?

Kegiatan 3: Nulis lan Maca Aksara Jawa Kanthi Mandhiri

Tugas 1: Nulis Ukara Nganggo Aksara Jawa

Ukara-ukara ing ngisor iki salinen nganggo aksara Jawa kanthi jujur sarta tanggung jawab!

1. Ramane Krisna Wijaya asmane Nanang Wijaya.
2. Bu Burhan Candralukita tindak Situbondo sambang wayahe.
3. Bocah turunan India sing ayu iku jenenge Kinanthi Padma Nala.
4. Sesuk sasi Oktober aku areb dijak mlaku-mlaku menyang Eropa.
5. Suminten nangis kejer kepengin menyang Inggris.

Tugas 2: Maca Teks Aksara Jawa Banjur Disalin Menyang Aksara Latin

Teks ing ngisor iki salinen nganggo aksara Latin!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

Gladhen:

Wacanen teks ing dhuwur iku banjur wangsulana pitakon-pitakon iki kanthi patitis!

1. Sapa paraga kang dicritakake ing teks kasebut?
2. Ir. Sukarno iku putrane sapa ?
3. Kapan Ir. Sukarno miyos ?
4. Nalika isih timur Ir. Sukarno nate ndherek eyange ana ing kutha ngendi?
5. Sapa kang ngajak Ir. Sukarno menyang Surabaya saperlu nerusake sekolah?
6. Sawise lulus sekolah ana ing Surabaya Ir.Sukarno banjur nerusake ana ing ngendi?
7. Kapan Ir. Sukarno diasingake ana ing Bengkulu ?
8. Kapan Ir. Sukarno lan Mohammad Hatta dikukuhake dadi presidhen lan wakil presidhen Republik Indonesia ?
9. Apa kang kadadeyan marang Ir. Sukarno nalika tanggal 21 Juni 1970 ?
10. Pesen moral apa kang kinandhut ing teks kasebut?

Tugas 3: Niteni Panganggone Aksara Murda lan Aksara Swara

Gatekna tulisan Jawa iki!

Ukara mawa aksara Jawa iku mau menawa digatekakake :

Jenis sing dijingglengi	Sing ana ing ukara	Cacahe
Aksara murda	Murda Sa (ꦯ)	3
	Murda Nya (ꦘ)	1
Aksara swara	Swara i (ꦆ)	2
	Swara a (ꦄ)	1

Gladhen:

Kanthi nyemak teks ”Insinyur Sukarno” ing dhuwur golekana pangetrapane aksara murda lan aksara swara kanthi ngisi tabel iki!

	Jinis Aksara	Tuladha Tembung ing Teks
Aksara Murda	ꦯ	ꦯꦸꦏꦂꦤꦺꦴ꧈ ꦯꦸꦤꦭꦤꦮ ....
Aksara Swara	ꦆ	ꦆꦤ꧀ꦱꦶꦚꦸꦂ꧈ ....

Gladhen :

Tindakna pituduh ing ngisor iki supaya bisa maca lan nulis nganggo aksara Jawa sarta bisa mangerteni isi teks sing diwaca!

a. Wacanen teks wacan ”Ir.Sukarno” ing dhuwur ana ing ngarep kelas.
b. Dhiskusekna saklompokmu ngenani isine wacan mau !
c. Tulisen isine wacan mau nganggo basamu dhewe.
d. Wacanen asiling anggonmu nulis mau ana ing ngarep kelas supaya dikomentari dening klompok liya.
e. Salinana tulisanmu ngenani isi wacan sing wis koktulis nganggo basamu dhewe lan wis kokowahi saperlune saka komentare kanca-kancamu mau nganggo aksara Jawa !
f. Pajangen tulisanmu kang migunakake aksara Jawa mau ana ing papan sing wis sumadya ing kelasmu sawise diaturna lan dipriksa Bapak utawa Ibu Gurumu.

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 7

A. Pilihen jawaban kang bener !

1 Aksara murda iku satemene ora ana, wondene aksara kang dianggep aksara murda iku sejatine aksara …. .
   a. Mahabarata
   b. Kapital
   c. Kang direka reka
   d. Mahaprana

2 Cacahe aksara murda (kang dianggep aksara murda) iku mung winates, yaiku mung ana … .
   a. Lima
   b. Enem
   c. Pitu
   d. wolu

3 Aksara murda mung kanggo ing tata prungu, tegese kanggo pakurmatan, aksara murda ora kena … .
   a. Dadi sesigeging wanda.
   b. Dadi pasangan
   c. Diwenehi sandhangan swara
   d. Diwenehi sandhangan panyigeg wanda

4 Ing jaman demokrasi iki aksara murda kena kanggo nulis kabeh jenenge wong lan jenenge titah kang tata-caraning uripe kaya manungsa, kayata raseksa, wanara lan sapanunggalane kang kasebut ing carita padhalangan lan liya-liyane, katulis nganggo aksara murda, semono uga jenenge panggonan. Menawa aksara kang ngarep dhewe ora ana murdane tembung mau … .
   a. Ora perlu ditulis nganggo aksara murda
   b. Ditulis nganggo aksara swara
   c. Diwenehi aksara rekan
   d. Sing ditulis nganggo aksara murda burine, yen burine ora ana murdane, ya burine maneh

5 Sulastri menyang Banyuwangi. Yen ditulis nganggo aksara Jawa miturut tatanane panganggone aksara murda ….

a. [illegible]

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

6 Gusti Allah, yen ditulis nganggo aksara Jawa … .

a. [illegible]

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

7 Aksara swara iku cacahe ana lima, nanging ana sing ngarani ana pitu amarga ana aksara loro kang diarani aksara swara, yaiku … .

a. [illegible] lan [illegible]

b. [illegible] lan [illegible]

c. [illegible] lan [illegible]

d. [illegible] lan [illegible]

8 [illegible] yen ditulis nganggo aksara latin … .

a. Banget anggone nampa.
b. Babras lir lara lapa.
c. Ibrahim dolanan ing pendhapa.
d. Ibrahim lair ing Eropa.

9 Pramana sunat dina rebo legi. Panulisane Jawa sing trep yaiku … .

a.

b.

c.

d.

10 Yen ditulis nganggo aksara latin ….

a. Awake Purwanto lemu sawise diwasa
b. Awakke Karyata lemes amarga lagi pasa
c. Anake Karyata lemes amarga lagi pasa
d. Awake Karyata lemes amarga lagi pasa

11 Elisabet iku pancen lair ana Indonesia. Yen ditulis nganggo aksara Jawa … .

a.

b.

c.

d.

12. Yen ditulis nganggo aksara latin ….

a. Layang saka Susi nang meja diwaca Sumadi.
b. Eyang Sosrodimeja lagi semedi.
c. Layange Sosro nang mejane Edi.
d. Eyang Sosro ing meja semedi.

13. [illegible] Yen ditulis nganggo aksara latin ….

   a. Negara Alengka diobong dening Anoman.
   b. Narada lengene diobong Anoman.
   c. Negarane wong Alengka diobong Anoman.
   d. Nagara Alengka Diraja diobong Anoman.

14. Priyanti pancen bocah resikan.

   a. [illegible]
   b. [illegible]
   c. [illegible]
   d. [illegible]

15. [illegible] Yen ditulis nganggo aksara latin ….

   a. Watik seneng nganggo barang-barang impor.
   b. Tutik seneng nganggo barang-barang impor.
   c. Wus dadi cirine barang-barang impor.
   d. Kuwi jelas menawa barang-barang impor.

B. Wangsulana pitakon ing ngisor iki !

1. Apa bedane panganggone aksara murda ing jaman biyen karo ing jaman demokrasi iki ?
2. Apa kang mbedakake aksara swara, ana sing ngarani cacahe ana lima lan ana pitu ?
3. Apa gunane aksara swara iku ?
4. Tulisen nganggo aksara Jawa : Bramantya bubar ngundhuh pelem banjur resik-resik omah.
5. Tulisen nganggo aksara Latin :

[illegible]

Ulangan Akhir Semester Genep

A. Pilihen wangsulan sing bener!

1. ꧋ꦤꦤꦶꦏ꧀ꦥꦿꦶꦪꦤ꧀ꦠꦶꦮꦱꦶꦱ꧀ꦧꦔꦼꦠ꧀ꦤꦼꦩ꧀ꦧꦁꦒꦩ꧀ꦧꦸꦃ꧉ Yen ditulis nganggo aksara Latin … .
   a. Ani Kadarwati seneng nembang.
   b. Kanida Prihantini seneng nembang Macapat Gambuh.
   c. Nanik Priyanti wasis banget nembang Gambuh.
   d. Ganik Priyanti pinter banget nembangake tembang Gambuh.

2. Aksara murda mung kanggo ing tata prunggu, tegese kanggo pakurmatan, aksara murda ora kena … .
   a. Dadi sesigeging wanda.
   b. Dadi pasangan
   c. Diwenehi sandhangan swara
   d. Diwenehi sandhangan panyigeg wanda

3. Sutrisna menyang Banjarmasin. Yen ditulis nganggo aksara Jawa miturut tatanane panganggone aksara murda ….
   a. ꧋ꦱꦸꦠꦿꦶꦱ꧀ꦤꦩꦼꦚꦁꦧꦚ꧀ꦗꦂꦩꦱꦶꦤ꧀꧉
   b. ꧋ꦯꦸꦠꦿꦶꦱ꧀ꦤꦩꦼꦚꦁꦨꦚ꧀ꦗꦂꦩꦱꦶꦤ꧀꧉
   c. ꧋ꦯꦸꦠꦿꦶꦱ꧀ꦤꦩꦼꦚꦁꦨꦤ꧀ꦗꦂꦩꦱꦶꦤ꧀꧉
   d. ꧋ꦯꦸꦠꦿꦶꦱ꧀ꦤꦩꦼꦚꦁꦧꦚ꧀ꦗꦂꦩꦱꦶꦤ꧀꧉

4. Aksara swara iku ana ing panulisan nganggo aksara Jawa gunane kanggo … .
   a. nulis tembung kang asale saka basa Manca sing pangucape perlu dicethakake.
   b. nulis jenenge wong, papan panggonan lan paraga kang banget diurmati.
   c. nulis tembung kang asli tembung Jawa sing ngemu swasana angker.
   d. nulis tembang kang ngandhut ajaran agama sarta budi luhur sing bisa dadi patuladhan ing madyaning bebrayan.

5. [illegible] Yen ditulis nganggo aksara latin ….

a. Layang saka Samiyati.
b. Eyang Samiyati lagi sare.
c. Layange Sosro nang mejane Edi.
d. Eyang Sawitri ndukani lare.

6. Elisabet pancen bocah pinter. Yen ditulis nganggo aksara Jawa … .

a. [illegible]
b. [illegible]
c. [illegible]
d. [illegible]

7. Parjana dolan saben rebo legi. Panulisane jawa sing trep yaiku … .

a. [illegible]
b. [illegible]
c. [illegible]
d. [illegible]

8. Amarga ana sing ngarani [illegible] lan [illegible] kagolong aksara swara, mulane cacahe aksara swara dadi ana …..

a. Telu
b. Lima
c. enem
d. Pitu

9. Ing jaman demokrasi iki aksara murda kena kanggo nulis kabeh jenenge wong lan jenenge titah kang tata-caraning uripe kaya manungsa, kayata raseksa, wanara lan sapanunggalane kang kasebut ing carita padhalangan lan liya-liyane, katulis nganggo aksara murda, semono uga jenenge panggonan. Menawa aksara kang ngarep dhewe ora ana murdane tembung mau … .

a. Ora perlu ditulis nganggo aksara murda
b. Ditulis nganggo aksara swara
c. Diwenehi aksara rekan
d. Sing ditulis nganggo aksara murda burine, yen burine ora ana murdane, ya burine maneh ngono sateruse.

10. [illegible] Yen ditulis nganggo aksara Latin ….
   a. Warti seneng nganggo barang impor.
   b. Tarmi mulih saka India.
   c. Warsih seneng bocah saka India.
   d. Tarmidi seneng barang impor saka India.

11. Sing kalebu layang elektronik ....
   a. Layang paturan
   b. Layang iber-iber
   c. Layang dhawuh
   d. email

12. “Surabaya, 28 Oktober 2014” pethikan layang kasebut kalebu perangan ....
   a. adangiyah
   b. peprenah
   c. papan lan titimangsa
   d. bebuka

13. Perangan layang kiriman bisa kaperang dadi ....
   a. 5
   b. 6
   c. 7
   d. 8

14. Ing ngisor iki gunane basa krama ing pasrawungan kajaba ....
   a. Kanggo cecaturan antarane wong enom marang wong tuwa.
   b. Kanggo cecaturan kanca karo kanca raket.
   c. Kanggo cecaturan antarane abdi marang bendarane
   d. Kanggo cecaturan ibu marang bapak.

15. [illegible] Aksara kasebut yen ditulis latin ....
   a. Bapa tindak Surabaya nitih kreta.
   b. Bapak tindhak Surabaya nitih kreta.

c. Bapak tindak Surabaya nitihi kreta.
d. Bapak tindak kreta nitih kreta.

16. Layang sing isine ngabarake kabar kesripahan diarani layang ....
    a. layang lelayu
    b. layang pribadi
    c. layang dhawuh
    d. layang paturan

17. Prenahe sesambungan antarane sing ngirim surat lan sing dikirimi surat mapan ing perangan ....
    a. bebuka
    b. surasa basa
    c. adangiyah
    d. peprenah

18. "Minggu wae mengko bukuku takjupuke dhewe". Ukara kasebut diarani ukara ...
    a. andharan
    b. pitakon
    c. sananta
    d. pakon

19. Pakdhe nulis surat kanggo dhik Rina. Ukara kasebut yen diowahi nganggo basa krama ....
    a. Pakdhe nyerat layang kagem dhik Rina.
    b. Pakdhe nyerat surat kagem dhik Rina.
    c. Pakdhe nulis layang kagem dhik Rina.
    d. Pakdhe nyerati layang kangge dhik Rina.

20. Perangane layang sing isine aweh pawarta kabar keslametan diarani ....
    a. adangiyah
    b. surasa basa
    c. bebuka
    d. titi mangsa

21. Salah sijine tembang macapat yaiku ....
    a. megatruh
    b. wirangrong
    c. balabak

d. jurudemung

22. Budi pakerti kuwi samubarang tumindak utawa laku kang linandhesan ....
    a. ilmu
    b. nalar utawa pikiran
    c. akal
    d. *insting*

23. Sanepaning ”jongkat siti panggaraping sabin” kuwi ....
    a. arit
    b. pacul
    c. garu
    d. sekop

24. Watake tembang macapat Dhandhanggula yaiku ....
    a. guyon, parikan
    b. sedhih, getun
    c. gandhes, luwes, wasis
    d. nesu

25. ”pamintaku nimas sida asih” pethikan tembang Asmaradana kasebut, guru wilangan lan guru lagune ....
    a. 10 h
    b. 10 i
    c. 9 a
    d. 9 i

26. ”nuhoni trah utama” tembang sagatra iki guru wilangan lan guru lagune ....
    a. 8 a
    b. 7 a
    c. 8 u
    d. 9 a

27. *Lamun saru trus binekta*
    Iki jeneng nistha kang tanpa upami
    Ukara ing dhuwur mujudake pitutur becik kang mengku karep....
    a. Yen watak ala bakal cilaka.
    b. Yen tumindak ala kuwi terus digawa. Kuwi jeneng wong kang uripe nistha.

c. Yen tumindak nistha bakal nemu cilaka.
d. Beja lan cilaka kuwi sandhangane urip.

28. Ukara kang bener ing ngisor iki yaiku ....
    a. Watak cendhala budi siya ing kono wayuning sirna.
    b. Watak cendhala budi siya mujudake laku kang utama.
    c. Watake satriya bumi adigang adigung adiguna
    d. Watak adigang adigung adiguna lan watak kang utama

29. Babaring nalar pambudining manungsa kang alus angremit ora gampang ginrayang ing netra walaka, diarani ...
    a. tepa palupi
    b. budi pakerti
    c. kapinteran
    d. kaluwihan

30. Basa rinengga, uga diarani ....
    a. basa endah
    b. basa kang direka
    c. paramasastra
    d. titibasa

B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki

1. Apa wae ancase nulis iklan?
2. Gawea tuladha ukara carita nganggo basa krama 5 wae!
3. Gawea tuladha ukara sananta 5 wae!
4. Gawea tuladha bebukaning layang ngganggo basa krama sing becik!
5. Apa bedane panganggone aksara murda lan aksara swara ing panulisan aksara Jawa?

DAFTAR PUSTAKA

Padmosoekotjo, S, 1992. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekpres

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi pakarti.* Klaten: CV Sahabat.

Karti Basa, 1948. *Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan*, Jakarta

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardi Warsito, S. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S. 1960. *Ngerengan Kasusastra Djawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Padmosoekotjo, S. 1960. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa.* Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. *Burat Sari.* Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minngon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percithakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta:Elmatera Publishing.

Sasangka, Anton. 1953. *Reringkesaning Parasastra Jawa*. Jogjakarta: Suejadi.

Sasangka, Sry Satria Tjatur Wisnu. 2011 *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan paramadina.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapa*t. Jakarta: PN. Balai Pustaka.